Dekorasi *itu sangat indah.* 'Rerenggan (dhékorasi) iku éndah banget.'

delegasi *n* utusan
Bapak ketua sebagai ***delegasi.*** 'Bapak ketua pinangka utusan.'

delman *n* dhokar
__Delman__ itu hanya ditarik oleh satu kuda. 'Dhokar iku mung digèrèt déning jaran siji.'

demam *a* mriyang**,** panastis
Seharian Ani berbaring karena sedang __demam.__ 'Sedina muput Ani teturon amarga lagi mriyang.'

[1]**demi** *p* kanggo
Kakak menghentikan merokok __demi__ kesehatannya. 'Kakang nglèrèni ngrokok, kanggo kuwarasané.'

[2]**demi** *p* mbaka
S*atu __demi__ satu para tamu pulang.* 'Siji mbaka siji para tamu mulih (kondur).'

demikian *pron* mangkono, mangkéné
Keadaan hidupku memang __demikian__ ini. 'Kahanan uripku pancèn mangkéné iki.'

demonstrasi *v* dhémonstrasi, unjuk rasa;
Mereka demontrasi menentang kenaikan harga BBM. 'Dhèwèké unjuk rasa nentang mundhaké rega BBM.'
berdemonstrasi nganakaké dhémonstrasi

denah *n* dhénah
__Denah__ jalan itu kurang tepat. 'Dhénah (pituduh) dalan iku kurang pas.'

denda *n* dhendha; ukuman;
Pemilik mobil itu kena __denda__ dua juta. 'Sing duwé mobil kuwi kena dendha rong yuta (rupiah).'
mendenda ndhendha

dendam *a* ngendhem rasa serik, dhendham;
Tidak baik __dendam__ dengan siapa saja. 'Ora becik dhendham karo sapa waé.'
pendendam asipat seneng ngendhem rasa sengit

dendang *n* uran-uran, lelagon;
Mari kita dendang bersama. 'Ayo kita nyanyi lagu bareng-bareng.'
berdendang ura-ura, lelagon; **mendendangkan** nglagokaké

dengan *p* **1** karo; **2** lan; **3** nganggo
Ia pergi __dengan__ anak istrinya. 'Dhèwèké lunga karo anak bojoné.'

dengar, mendengar 1 krungu; **2** olèh kabar;
Aku __mendengar__ suara tangisan. 'Aku krungu swara tangisan.'
mendengarkan ngrungokaké;
terdengar keprungu

dengki *a* drengki; srèi;
Kamu jangan __dengki__ terhadap

teman. 'Kowé aja drengki karo kanca.'

kedengkian rasa drengkiné

dengkur, mendengkur *v* orok, ngorok;

Temanku tidurnya ***mendengkur.*** 'Kancaku turuné (sarénipun) ngorok.'

mendengkur ngorok

dengung *n* mbengung;

Radio saya sering ***mendengung.*** 'Radioku kerep mbengung.'

berdengung mbengung;

mendengung mbengung

dentum, berdentum *v* gleger, pating gleger;

Tadi terdengar bunyi ***berdentum.*** 'Lagi waé keprungu swara pating gleger.'

dentuman gumlegering

denyut *n* keteg;

Denyut *jantungnya adik normal.* 'Keteg jantunge adhik normal (séhat).'

berdenyut kumeteg

depan *n* ngarep

Anak-anak satu per satu ke ***depan.*** 'Bocah-bocah siji mbaka siji maji mangarep.'

derai, berderai *v* **1** swara (cumlethiké banyu udan); **2** trocos, nrocos

Derai *hujan mulai terdengar.* 'Swara udan wiwit keprungu.'

derajat *n* drajad, pangkat;

Anak yang pandai akan naik ***derajat.*** 'Bocah sing pinter bakal munggah pangkat.'

sederajat sadrajad, padha drajadé

deras *a* **1** santer; **2** deres

Air itu mengalir dengan ***deras.*** 'Banyu iku mili kanthi santer.'

deret *n* lèrèt; larik;

berderet lelarikan, jèjèr-jèjèr;

Murid-murid berdiri ***berderet*** *di depan sekolah.*'Murid-murid ngadeg jèjèr-jèjèr ing ngarep sekolahan.'

dering *n* swara "kring";

Saya mendengar ***dering*** *dari dalam rumah.* 'Aku krungu swara "kring" saka jero omah.'

berdering nywara "kring"

derita *n* panandhang;

Derita *seorang ibu memang berat.* 'Panandhang (rasa) sawijining ibu pancèn abot.'

menderita nandhang (lara, sengsara, lsp)

derma *n* sokongan, sumbangan;

Sekolahan kami memberi ***derma*** *kepada fakir miskin.* 'Sekolahan kita mènèhi sumbangan marang wong (sekeng) mlarat.'

mendermakan ndermakaké, nyumbangaké

dermawan *n* dhermawan; luma
Pak Haryo terkenal sebagai seorang ***dermawan.*** 'Pak Haryo kondhang pinangka wong sing luma.'

deru *n* bengung *(*swarané angin, montor lsp);
Suara ***deru*** *terdengar dari sini.* 'Swara bengung kaprungu saka kéné.'
menderu mbengung

desak *v* ésuk, ngésuk (nganggo awak);
Adi ***desak*** *temannya yang antri.* 'Adi ngesuk kancané sing antri.'
berdesak suk, suk-sukan, ndheseg;
berdesak-desakan suk-sukan, dheseg-dhesegan;
mendesak ngesuk, mèpèt, ndheseg

desas-desus *n* kabar-kabaré; kabar kabur
Ada ***desas-desus*** *kalau Ana pergi ke luar negeri.* 'Kabar-kabaré nèk Ana lunga nang negeri manca.'

desis *n* eses, ngeses;
Ada suara ***desis*** *di bawah meja.* 'Ana swara ngeses nang ngisor méja.'
mendesis ngeses

detail *n* dhetil, njlimet;
Hitungannya ***detail*** *sekali.* 'Etungané njlimet banget.'
mendetail njlimet

detak *n* keteg;
Detak *jantungnya semakin melemah.* 'Keteg jantungé sangsaya kendho.'
berdetak kumeteg

di *p* ing
Ayah ***mencangkul*** *di sawah.* 'Bapak macul nang sawah.'

dialog *n* antawacana; omong-omong;
Para siswa ***dialog*** *masalah pelajaran.* 'Murid-murid antawacana bab wulangan.'
berdialog takon-tinakonan

[1]diam *v* meneng;
Semuanya ***diam*** *ketika Pak Guu datang.* 'Kabèh meneng nalika Pak Guru rawuh (teka).'
berdiam meneng;
mendiamkan ngenengaké

[2]diam, berdiam *v* manggon, mapan;
Amir ***berdiam*** *di kota kecil.* 'Amir manggon ing kutha cilik.'
mendiami ngenggoni

didih, mendidih *v* umob
Air yang direbus sudah ***men-***

didih. 'Banyu sing digodhog wis umob.'

didik *v* wulang, wuruk, latih, ajar;
mendidik *v* wuruk, muruki, wulang, mulang;
G*uru bertugas* ***mendidik*** *siswa di sekolah.* 'Guru duwé tugas mulang murid ing sekolah.'
pendidikan pendhidhikan

dinding *n* témbok (saka bata), gedhèk (saka nam-naman pring);
Dinding rumahku sedang dicat. 'Témbok omahku lagi dicèt.'
berdinding nganggo témbok

dingin *a* adhem;
Udara malam ini terasa ***dingin.*** 'Hawa bengi iki krasa adhem.'
kedinginan kadhemen, katisen

dini *a* **1** umun, umun-umun; **2** gasik, risik, sadurungé wetuné
Anisa datang ***dini*** *hari.* 'Anisa teka umun-umun.'

[1]**diri, berdiri** *v* adeg, ngadeg; madeg;
Karena bus terlalu penuh, aku terpaksa ***berdiri.*** 'Amarga bis kebak banget, aku kepeksa ngadeg.'
mendirikan ngedegaké

[2]**diri** *n* dhiri, pribadi, dhéwé
Pekerjaan itu dilakukannya seorang ***diri.*** 'Gawéyan iku ditindakaké dhéwé'.

diskon *n* sudan rega, potongan rega
Toko "Sri" memberi ***diskon*** *20 persen.* 'Toko "Sri" menèhi potongan rega 20 persèn.'

diskriminasi *n* pilih sih, emban cindhé emban silatan, mbédak-mbédakaké
Kita tidak boleh ***diskriminasi****.* 'Kita ora kena pilih sih.'

diskusi *n* saraséhan, tukar panemu
Hari ini ada ***diskusi*** *soal ujian.* 'Dina iki ana saraséhan soal ujian.'
berdiskusi saraséhan

doa *n* donga, pandonga, puji, pepuji;
Doa *kita semoga diterima Allah.* 'Donga (puji) kita muga-muga ditampa Allah.'
berdoa ndedonga, ndonga, memuji;
mendoakan ndongakaké, mujèkaké

donor *n* dhonor, panyumbang, sing nyumbang
Sebaiknya kami ***donor*** *darah.* 'Beciké kita dhonor dharah.'

dorong, mendorong *v* surung, nyurung;
*Ayah **mendorong** gerobag.* 'Bapak nyurung grobag.'
terdorong sinurung

duduk *v* lungguh, linggih, lenggah (*K*), pinarak (*Ki*);
*Anak itu **duduk** bersila.* 'Bocah iku lungguh sila.'
menduduki 1 nglungguhi, nglinggihi, nglenggahi (*Ki*); **2** ngenggoni

duga *v* **1** sangka, kira; **2** duga;
*Saya **duga** bapak pergi.* 'Saya kira bapak késah.'
menduga *v* **1** ngira, nyangka; **2** nduga;
menduga-duga ngira-ira, nyangka;
terduga kinira

duka *a* susah; sedhih; sungkawa (*Ki*);
Dia dalam suasana duka karena kematian ayahnya. 'Dhèwèké ing swasana (kahanan) sedhih sebab bapaké séda.'
berduka sedhih, nandang kasusahan;
berduka cita nandhang kasedhihan, kesusahan duhkita

dukung, mendukung *v* bopong; nggéndhong
*Ibu itu **mendukung** anaknya.* 'Ibu kuwi nggéndhong anaké.'

dunia *n* donya, jagat;
*Di **dunia** ini terdapat kira-kira 4.000 bahasa.* 'Ing donya iki ana kira-kira 4.000 basa.'
sedunia sajagat, sadonya

duniawi *a* asipat kadonyan;
*Hal itu bersifat **duniawi**.* 'Bab kuwi sesipat kadonyan.'

durhaka *a* duraka;
*Jangan meniru anak yang **durhaka.*** 'Aja niru (nyonto) bocah sing duraka.'
mendurhakai ndurakani

duyun, berduyun-duyun *v* regudug, regudugan; irid, irid-iridan
*Orang **berduyun-duyun** pergi ke Pekan Raya.* 'Wong regudugan (irid-iridan) menyang Pekan Raya.'

dwiwarna *n* dwiwarna, awarna loro
Bendera Indonesia adalah dwiwarna. 'Gendéra Indonésia yaiku warna loro (abang putih).'

E

edar, beredar *v* **1** sumebar; disebaraké; **2** mubeng;
Hari ini ***beredar*** *kabar yang tidak baik.* 'Dina iki sumebar pawarta sing ora becik.'
mengedarkan 1 ngubengaké; **2** nyebaraké;
edaran sing diubengaké, sèrkulèr

edukasi *n* pendhidhikan; piwulangan
Anak-anak harus mendapatkan ***edukasi*** *yang baik.* 'Bocah-bocah kudu éntuk piwulangan.'

edukatif *a* sesipat wulangan
Banyak permainan yang ***edukatif.*** 'Akèh dolanan sing sesifat wulangan.'

efek *n* akibat
Efek *dari minum obat itu adalah mengantuk.* 'Akibat ngombé obat yaiku ngantuk.'

efektif *a* daya guna; ana gunané
Belajar hari ini sangat ***efektif.*** 'Sinau dina iki banget ana gunané.'

efisien *a* tumanja, irit, ora boros (wektu, tenaga)
Gunakan waktu dengan ***efisien.*** 'Gunakna wektu kanthi irit (tumanja).'

ekor *n* buntut;
Ekor *sapi itu panjang.*'Buntut sapi iku dawa.'
berekor (duwé) ana buntuté

eksperimen *n* pacoban, coba-coba
Para siswa sedang melakukan ***eksperimen*** *menanam singkong.* 'Para siswa lagi coba-coba nandur téla.'

ekspresi *n* polatan, kawetuné ing lair
Dengan ***ekspresi*** *lugu anak itu menghadap gurunya.* 'Kanthi polatan sing lugu bocah kuwi ngadhep guruné.'

ekstra *n* **1** èkstra; tambahan; **2** ngluwihi
Bu Guru memberi pelajaran ***ekstra.*** 'Bu Guru maringi wulangan tambahan.'

elak, mengelak *v* **1** ngéndha, ngéndhani; **2** sélak, nyélaki;
Ali bisa ***mengelak*** *dari pukulan lawan.* 'Ali bisa ngéndhani saka anteman mungsuh.'
mengelakkan ngéndhani

elastik *n* mulur mungkret
*Tali itu sangat **elastik.*** 'Tali iku mulur mungkret banget.'

embara, mengembara *v* ngumbara, lelana
*Paman **mengembara** mencari pengalaman hidup.* 'Paman ngumbara golek pangalaman urip.'

embun *n* ebun;
***Embun** pagi sangat segar.* 'Ebun ésuk seger banget.'
berembun ngembun; ana ebuné;
mengembun ngebun; ngembun

emosi *n* **1** rasa pangrasa; **2** nesu
*Jagalah **emosi** agar urusannya lancar.* 'Jaganen rasa pangrasa supaya urusané lancar.'

enak *a* **1** énak, mirasa; **2** pénak, séhat (awak); **3** pules (turu);
*Sayur itu **enak** rasanya.* 'Jangan iku énak rasané.'
mengenakkan ngepénakaké

encer *a* èncèr; cuwèr;
*Susu yang adik minum sangat **encer.*** 'Susu sing adhik ombé cuwèr banget.'
mengencerkan ngèncèraké

[1]**endap, mengendap** *v* meneb;
*Air yang keruh itu sudah **mengendap*** kotorannya. 'Banyu sing buthek iku wis meneb regedané.'
mengendapkan menebaké;
endapan eneban (banyu, lenga)

[2]**endap, mengendap** *v* ndhungkluk, mbungkuk
*Adik **mengendap** karena dimarahi ibu.* 'Adik ndhungkluk (mbungkuk) sebab dinesoni (didukani) ibu.'

energi *n* daya, tenaga, kekuwatan
*Kami harus memiliki **energi** yang banyak.* 'Kita kudu duwé daya (tenaga) sing akèh.'

engah, terengah-engah *v* menggèh-menggèh
Amir lari terengah-engah karena dikejar anjing. 'Amir mlayu menggèh-menggèh sebab diuyak asu.'

enggan *a* wegah, sungkan, arasarasen
*Anak itu **enggan** belajar karena banyak menonton TV.* 'Bocah iku wegah sinau amarga kakèhen nonton TV.'

engkau *n* kowé, sampéyan (*K*), panjenengan (*Ki*)
***Engkau** akan pergi ke mana?* 'Kowé arep lunga menyang endi?'

entah *adv* embuh;
***Entah** apa yang sedang Tutik pikirkan.* 'Embuh apa sing lagi Tutik pikiraké.'

enyah *v* lunga; minggat
Karena takut Reza ***enyah*** *dari tempat itu.* 'Sebab wedi Reza lunga saka papan kuwi.'
mengenyahkan nundhung, nggusah

era *n* jaman, wektu, mangsa
Sekarang era teknologi informasi. 'Saiki jaman tèknologi informasi.'

eram, mengeram *v* angrem;
Ayam itu sedang ***mengeram.*** 'Pitik kuwi lagi angrem.'
mengeramkan ngengremaké, netesaké (endhog)

erang, mengerang *v* gereng-gereng
Juni ***mengerang*** *karena sakit.* 'Juni gereng-gereng sebab lara.'

erat *a* **1** kenceng (tmr tali); **2** rumaket (tmr pasrawungan);
Talinya terikat sangat ***erat.*** 'Taliné kejiret kenceng banget.'
mengeratkan 1 ngencengaké; **2** ngraketaké

erti, mengerti *v* ngerti;
Aku tidak ***mengerti*** *maksud perkataannya.* 'Aku ora ngerti maksud omongané.'
pengertian 1 pangertèn: **2** ngilmu (pengalaman)

etika *n* tata krama
Anak itu tidak mempnyai ***etika*** *yang baik*. 'Bocah kuwi ora duwé tata karma sing apik.'

etis *a* sopan
Makan sambil berdiri itu tidak ***etis.*** 'Mangan karo ngadeg iku ora sopan.'

evaluasi *n* pambiji;
Evaluasi *belajar sudah selesai.* 'Pambiji wulangan wis rampung.'
mengevaluasi mbiji

F

faedah *n* paédah, guna, piguna;
Faedah membaca sangat banyak. 'Paédah (guna) maca iku akèh banget.'

berfaedah migunani

fajar *n* bang (-bang) wétan
Ketika fajar para petani sudah pergi ke sawah. 'Nalika bang (-bang) wétan wong-wong tani wis padha lunga menyang sawah.'

fakir *n* pakir, mlarat, kesrakat;
Orang-orang fakir mendapat bantuan beras dari pemerintah. 'Wong-wong mlarat éntuk bantuan beras saka pamarintah.'

fakta *n* kasunyatan
Berita itu harus berdasarkan fakta.'Pawarta kuwi kudu adhedhasar kasunyatan.'

faktor *n* bab, perkara
Ada faktor yang menyebabkan Tutik tidak lulus ujian. 'Ana bab sing njalari Tutik ora lulus ujian.'

famili *n* pamili, kulawarga, sadulur
Pada hari raya seluruh famili berkumpul. 'Ing dina riyaya kabèh sadulur padha kumpul.'

fardu *n* wajib, kudu;
Bagi orang Islam, salat itu hukumnya fardu. 'Mungguhé wong Islam, salat iku hukumé wajib.'

difardukan diwajibaké

fasih *a* pasih, cetha
Ahmad dalam membaca Quran fasih sekali. 'Ahmad macané Quran pasih banget.'

fauna *n* sato kéwan
Fauna yang ada di hutan bermacam-macam. 'Sato kéwan sing ana ing alas wernawerna.'

favorit *n* **1** sing dijagokaké, sing diunggulaké; **2** sing dikaremi
Fatin menjadi penyanyi favorit tahun ini. 'Fatin dadi penyanyi sing dikaremi tahun iki.'

final *n* pinal, babak pungkasan
Pertandingan badminton hari ini sudah final. 'Lomba badminton dina iki wis pinal (babak pungkasan).'

finis *n* pinis, pungkasan
Belum sampai finis dia sudah

menyerah. 'Durung tekan pungkasan dhèwèké wis pasrah.'

firasat *n* pirasat, tandha-tandha
*Bapak mendapatkan **firasat** kalau saya bakal juara.* 'Bapak éntuk pirasat (tandha-tandha) yèn aku bakal juwara.'

fisik *n* badan
*Sunaryo mempunyai **fisik** yang tegap dan kuat.* 'Sunaryo duwé badan sing gagah lan kuwat.'

fit *a* sehat, bagas, waras
*Hari ini saya merasa kurang **fit.*** 'Dina iki aku krasa kurang séhat.'

fitnah *n* pitenah;
***Fitnah** termasuk perbuatan jahat.* 'Pitenah kalebu panggawé kejem.'
memfitnah mitenah, gawé piala

flora *n* dhunia wit-witan, tanduran
*Kondisi **flora** di pulau Jawa sudah memprihatinkan.* 'Kaanan wit-witan ing Pulau Jawa wis mrihatinaké.'

fokus *n* mligi
*Sekarang anak-anak sedang **fokus** menghadapi ujian.* 'Saiki bocah-bocah lagi mirunggan ngadhepi ujian.'

fondasi *n* dhasar, pondhasi (bangunan)
*Gedung bertingkat harus mempunyai **fondasi** yang kuat.* 'Gedhong tingkat kudu duwèni pondhasi sing kuwat.'

formal *n* resmi
Parkir harus ada izin formal dari kepolisian. 'Parkir kudu ana idin resmi saka polisi.'

formalitas *n* ila-ila, ila-ilané
*Dia menyambut tamunya secara **formalitas**.* 'Dhèwèké methuki tamuné kanti ila-ila.'

formasi *n* susunan (pegawé, pengurus, lsp)
***Formasi** kepanitiaannya sudah diubah.* 'Susunan panitiyané wis diowahi.'

formulir *n* blangko, lembaran isian
*Peserta lomba harus mengisi **formulir** terlebih dahulu.* 'Paserta lelumban kudu ngisi blangko dhisik.'

forsir, memforsir *v* meksa, ngudokaké
Imam ***memforsir** tenaganya agar pekerjaannya selesai.* 'Imam meksa tenagané supaya gawéyané rampung.'

forum *n* **1** bebadan, wadhah; **2** sidhang, rapat
Pemuda sudah membentuk

fórum *untuk tukar pengalaman.* 'Para mudha wis gawé wadhah kanggo tukar kawruh.'

foya, berfoya-foya *v* poya-poya, seneng-seneng
Anak muda sekarang suka berfoya-foya. 'Bocah nomnoman saiki seneng poya-poya.'

fungsi *n* guna, gunané, paédah;
Fungsi *baju di antaranya ialah untuk melindungi badan.* 'Gunané klambi antarané kanggo nglindhungi awak.'
berfungsi migunani, maédahi

G

gabung, bergabung *v* kumpul;
*Silakan **bergabung** dengan teman-temanmu.* 'Ayo kumpul karo kanca-kancamu.'
menggabung ngumpul;
menggabungkan ngumpulaké, nggathukaké

gadai *n* gadhé, barang gadhèn;
*Barang **gadai** disimpan di gudhang.* 'Barang gadhèn disimpen ana ing gudang.'
menggadaikan nggadhèkaké;
pegadaian panggadhèn

gadis *n* prawan
Gadis depan rumahku ramah sekali. 'Prawan ngarep omahku grapyak banget.'

gaduh *a* ramé; udreg; gumuder
*Anak yang membuat **gaduh** sudah dipanggil kepala sekolah.* 'Bocah sing nggawé udreg wis diundang kepala sekolah.'

gagas, gagasan *n* pikir, pikiran; panemu
*Andi mempunyai **gagasan** yang baik.* 'Andi duwé panemu sing apik.'
menggagas mikir

gagu *a* bisu
*Meskipun Nisa **gagu,** tetapi pandai bermain gitar.* 'Sanajan Nisa bisu, nanging pinter nggitar.'

gairah *a* karep; pepènginaning ati;
*Teman saya tidak mempunyai **gairah** belajar.* 'Kancaku ora duwé karep sinau.'
bergairah karep banget

gaji *n* upah, bayar; blanja;
*Setiap tanggal satu, Bapak menerima **gaji.*** 'Saben tanggal siji, Bapak nampa bayar.'
gajian bayaran

galah *n* gèntèr; satang;
*Joni memetik mangga menggunakan **galah.*** 'Joni ngopèk pelem nganggo gèntèr.'
sepenggalah sagèntèr, sadawané satang

gali, menggali *v* **1** ngedhuk; **2** ndhudhuk;
*Musim kemarau banyak orang **menggali** sumur.* 'Mangsa katiga akèh wong sing ngedhuk sumur.'
galian kedhukan, dhudhukan

gamang *a* singunen; awang-awangen
*Iwan **gamang** jika memanjat pohon yang tinggi.* 'Iwan singunen yèn mènèk wit sing dhuwur.'

gampar, menggampar *v* ngeplak
*Tidak terduga, Robi tega **menggampar** temannya.* 'Ora dinyana, Robi tega ngeplak kancané.'

ganas *a* galak;
*Anjing milik tetanggaku **ganas**.* 'Asuné tanggaku galak.'
mengganas dadi galak

ganda *a* dhobel;
*Pemain tenis **ganda** Indonesia menang atas Malaysia.* 'Pemain tènis dhobel Indonesia menang karo Malaysia.'
menggandakan nikelaké

ganggu, mengganggu *v* ngganggu, ngrusuhi;
*Anak yang suka **mengganggu** sudah dipanggil kepala sekolah.* 'Bocah sing seneng ngganggu wis diundang kepala sekolah.'
terganggu keganggu;
gangguan alangan, aral, reribet, pepalang

ganjar, mengganjar *v* ngganjar, mènèhi ganjaran/ukuman;
*Allah akan **mengganjar** setiap perbuatan yang baik.* 'Allah bakal ngganjar saben-saben tumindak sing apik.'
ganjaran ganjaran, bebana, bebungah

ganti *v* ijol, liru; sulih;
*Perpustakaan meminta **ganti** atas buku yang saya hilangkan.* 'Perpustakaan njaluk ijol buku sing tak ilangaké.'
mengganti ngganti, ngijoli;
menggantikan nggantèni;
pengganti pangganti, sesulih

gantung, bergantung *v* gumantung;
*Penyelesaian masalah ini **bergantung** kepada kepala sekolah.* 'Olehé ngrampungi masalah iki gumantung karo kepala sekolah.'
menggantungkan nggantungaké;
gantungan cantholan, canthèlan

gapai, menggapai *v* ngranggèh;
*Adik sedang berusaha **menggapai** mangga di depan rumah.* 'Adhik lagi usaha ngranggèh pelem ana ing ngarep omah.'
menggapai-gapai ngranggèh-ngranggèh

garap, menggarap *v* nggarap;
Saya dan teman-teman sedang

menggarap *tugas sekolah.* 'Aku lan kanca-kanca lagi nggarap tugas sekolah.'

garapan garapan, gawéyan

garasi *n* garasi, kandhang motor/mobil

Rumah itu dilengkapi dengan ***garasi*** *yang luas.* 'Omah kuwi dikompliti garasi sing amba.'

gardu *n* gerdhu, kerdhu; patrolan; cakruk

Bapak-bapak sedang berkumpul di ***gardu.*** 'Bapak-bapak lagi ngumpul ing gerdhu.'

garis *n* garis;

Para siswa sedang membuat ***garis*** *lurus.*' Murid-murid lagi nggawé garis lempeng.'

bergaris ana garisé;

menggaris nggaris;

penggaris garisan

gasal *a* ganjil

Para siswa mendapat nilai baik di semester ***gasal.*** 'Murid-murid olèh biji apik ana ing semester ganjil.'

gatal *a* gatel

Kulitnya ***gatal*** *karena digigit nyamuk.* 'Kulité gatel merga dicokot lemut.'

gaul, bergaul *v* srawung;

Susan anak yang mudah ***bergaul****.* 'Susan bocah sing gampang srawung.'

pergaulan pasrawungan

gaung *n* kumandhang;

Gaung *azan terdengar hingga di sini.* 'Kumandhang adan krungu nganti nang kéné.'

bergaung ngumandhang

gawat *a* mbebayani, nyumelangi

Gunung Merapi menjadi ***gawat*** *karena meletus.* 'Gunung Merapi mbebayani merga njeblug.'

gaya *n* **1** lagu, modhèl, gagrag; **2** solah bawa;

Waris berjoged dengan gaya baru. 'Waris njogèd kanthi gagrag anyar.'

bergaya nggaya

gebu, menggebu-gebu *a* makantar-kantar, mangalad-alad (kekarepan)

Tarman ***menggebu-gebu*** *ingin ke Jakarta.* 'Tarman makantar-kantar pingin lunga nang Jakarta.'

gebyur, menggebyur *v* nggebyur, nyiram; ambyur;

Ali mandi dengan ***menggebyur*** *air ke tubuhnya.* 'Ali adus kanthi nggebyur banyu ana ing awaké.'

gebyuran gebyuran; siraman

gedor, menggedor *v* nggedhor; ndhodhog;

Terdengar dari luar suara orang ***menggedor*** *pintu.*'Krungu

saka njaba swarané wong ndodhog lawang.'

gegabah *a* kesusu, kurang ngatiati; grusa-grusu
Susi mengerjakan tugas dengan ***gegabah.*** 'Susi nggarapé tugas kanthi kesusu.'

gegap gempita *a* ambata rubuh, (surak) ramé banget
Tahun baru 2016 dirayakan dengan ***gegap gemita.*** 'Tahun baru 2016 dipengeti kanthi ramè banget.'

gegas, bergegas-(gegas) *v* agéagé, endang, énggal-énggal, kesusu
Ali ***bergegas*** *pergi ke sekolah karena takut terlambat.* 'Ali agèagè budhal sekolah amarga kuwatir telat.'

gejala *n* pratandha; tandha-tandha
Susi terkena ***gejala*** *demam berdarah.* 'Susi kena tandha-tandha demam berdarah (DB).'

gejolak *n* obah-osik;
Gejolak *semangatnya muncul ketika Susi mengetahui nilai Ali baik.* 'Obah-osik semangaté katon nalika Susi ngerti bijiné Ali apik.'
bergejolak obah-osik, makantar-kantar

gelaga *n* glagat, ngalamat
Gelagat *pencuri itu sudah tercium polisi.* 'Glagat maling iku wis kangerten polisi.'

gelak *n* lakak-lakak (guyu);
Terdengar ***gelak*** *siswa-siswa dari dalam kelas.* 'Krungu lakak-lakak (guyuné) murid-murid saka njero klas.'
menggelakkan ngguyokaké;
tergelak kepingkel-pingkel;
tergelak-gelak ngguyu lakak-lakak; kepingkel-pingkel

gelanggang *n* glanggang, kalangan;
Pemuda-pemudi berkumpul di ***gelanggang*** *remaja.* 'Pemudha-pemudhi padha ngumpul ing glanggang remaja.'
gelanggang perang papan peperangan;
gelanggang pertandingan papan tetandhingan;
gelanggang remaja papan kumpul mudha-mudhi

gelantung, bergelantung *v* nggandhul; géyang-géyong;
Kelelawar ***bergelantung*** *di pohon nangka.* 'Lawa nggandhul nang wit nangka.'
bergelantungan pating grandhul, pating gréyong

gelap *a* peteng;
*Kamarku **gelap** karena mati lampu.* 'Kamarku peteng amarga lampu mati.'
gelap gulita peteng ndhedhet;
kegelapan kepetengan

[1]**gelar** *n* gelar, sebutan;
*Ayahku mempunyai **gelar** raden.* 'Bapakku duwé gelar (sebutan) radèn.'
bergelar nganggo sebutan, duwé sebutan

[2]**gelar, menggelar** *v* nggelar, ndhasaraké;
*Pedagang di pasar sudah mulai **menggelar** dagangannya.* 'Bakul nag pasar wis miwiti ndhasaraké dagangané.'
mempergelarkan mitontonaké;
pegelaran pagelaran, papan kanggo nontonaké

gelayut, bergelayut *v* nggandhul, nggantung;
*Monyet-monyet **bergelayutan** di pohon.* 'Kethèk-kethèk padha nggandhul ing wit.'
bergelayutan pating nggandhul

geledah, menggeledah *v* ngglédhah
*Guru **menggeledah** tas murid-murid.* 'Guru ngglèdahi tas murid-murid.'

gelegar *n* gleger (swara);
*Terdengar suara **gelegar** dari jauh.* 'Keprungu swara gleger saka kadohan.'
bergelegar gumleger;
menggelegar gumleger

gelembung *n* plembungan;
*Sabun ini dapat mengeluarkan **gelembung.*** 'Sabun iki bisa ngetokaké plembungan.'
menggelembung mlembung, mlempung

geleng *v* gèdhèg;
***Geleng** kepala menandakan tidak setuju.* 'Gèdhèk sirahé nandhakakè yèn ora setuju.'
bergeleng-geleng gèdhèg-gèdhèk, géla-gélo;
menggeleng gèdhèg

geli *a* **1** keri, risi; **2** kumudu ngguyu (marga lucu lsp);
*Kakiku terasa **geli** ketika dipegang adikku.* 'Sikilku krasa keri nalika dicekel adhiku.'
menggelikan ngguyokaké, gawé guyu

geliat, menggeliat *v* ngolèt
*Cacing itu terlihat **menggeliat**.* 'Cacing iku katon ngolèt (obah-obah).'

gelimpang, bergelimpangan *v* ngglimpang, gumlèthak
*Didit naik sepeda jatuh **bergelimpangan**.* 'Didit num-

pak sepédha tiba ngglimpang.'

gelincir, menggelincir *v* mlétré, mlèsèt;
Sepeda yang dinaiki Imam ***menggelincir*** *ke parit.* 'Pit sing ditumpaki Imam mlèsèt nyang kalèn.'
tergelincir keplèsèt, keplétré

gelinding, menggelinding *v* ngglindhing;
Bola ini ***menggelinding*** *dari atas ke bawah.* 'Bal iki ngglindhing saka ndhuwur mudhun.'
menggelindingkan ngglindhingaké

gelisah *a* kemrungsung; ora jenjem;
Ibu ***gelisah*** *memikirkan adikku yang belum pulang.* 'Ibu kemrungsung mikiraké adhiku sing durung mulih.'

gelitik, menggelitik *v* ngithik-ithik;
Ibu ***menggelitik*** *adik supaya mau bangun.* 'Ibu ngithik-ithik adhik supaya gelem tangi.'
digelitik diithik-ithik

gelombang *n* alun, ombak;
Gelombang *di pantai Parangtritis sangat besar.* 'Ombak ing pesisir Parangtritis gedhé banget.'
bergelombang ngombak, mawa alun

gelondong *n* glondhong (kayu)
Truk itu mengangkut sepuluh ***gelondong*** *kayu jati.* 'Truk kuwi nggawa sepuluh glondhong kayu jati.'

gelongsor, menggelongsor *v* ngglongsor, mlorod
Karena capek, Anik ***menggelongsor*** *di lantai.* 'Krana kesel, Anik ngglosor nang lanté.'

gelontor, menggelontor *v* ngglontor
Air sungai ***mengelontor*** *melewati pintu air.* 'Banyu kali ngglontor ngliwati dalan banyu.'

gelora, menggelora *v* kumudukudu, makantar-kantar (kekarepané)
Budi semangatnya begitu ***menggelora.*** 'Budi semangaté makantar-kantar.'

gema, bergema *v* kumandhang;
Suara azan ***bergema*** *hingga di sini.* 'Swarané adan kumandhang nganti nang kéné.'
menggema ngumandhang

gemar *a* karem, seneng;
Aku ***gemar*** *menanam pepohonan di halaman rumah.* 'Aku seneng nandur wit-witan ing pekarangan omah.'

menggemari ngaremi, nyenengi;
penggemar pandhemen

gemas *a* **1** gemes, gregeten; **2** jèngkèl, anyel;
*Aku **gemas** dengan adikku yang jahil.* 'Aku gregeten karo adhiku sing jail.'
menggemaskan 1 nggemesaké. nggregetaké; **2** nganyelaké

gembala *n* pangon, tukang angon;
*Ayahku seorang **gembala** sapi.* 'Bapakku tukang angon sapi.'
menggembala angon, ngengon;
penggembala pangon, tukang angon

gembira *a* gumbira, seneng, mongkog;
*Dani **gembira** menjadi juara pertama lomba pidato.* 'Dani seneng dadi juwara siji lomba pidhato.'
bergembira seneng-seneng, suka-suka;
menggembirakan nyenengaké, gawé mongkog;

gembira ria seneng atiné, seneng-seneng

gembleng, menggembleng *v* **1** nggemblèng; **2** nglatih
*Pak guru **menggembleng** para siswa sebelum ujian nasional.* 'Pak guru nggembléng murid-murid sakdurungé ujian nasional.'

gembung, menggembung *v* kembung; mlembung;
*Perut anak itu **menggembung** karena masuk angin.* 'Wetengé bocah iku kembung sebab masuk angin.'
menggembungkan mlembungaké

gembur *a* madhuk, mblubur, empuk;
*Pak tani menanam jagung di tanah yang **gembur.*** 'Pak tani nandur jagung ing lemah sing mblubur.'
menggemburkan ngadhug-adhug, nggawé supaya mblubur (empuk)

gemercik *n* kumricik
*Susi mendengarkan **gemercik** air sungai.* 'Susi ngrungokaké kumricik banyu kali.'

gemerisik *n* kumresek (swara godhong garing lsp)
*Ibu mendengar suara **gemerisik** di kebon.* 'Ibu krungu swara kumresek ing kebon.'

gemerlap *a* kumerlap
*Lampu di kota besar **gemerlap** pada malam hari.* 'Lampu ing kutha gedhé kumerlap ing wayah bengi.'

gemilang *a* gumilang, apik banget, onjo
*Prestasi para siswa SD Sukamaju sangat **gemilang.*** 'Prestasi para siswa SD Sukamaju gumilang banget.'

geming, bergeming *v* meneng, ora obah, ora mingset
*Bayu **bergeming** walaupun diejek temannya.* 'Bayu meneng sanajan diécé kancané.'

gempa *n* lindhu
*Jam tujuh malam ada **gempa** di Gunung Merapi.* 'Jam pitu bengi ana lindhu ing Gunung Merapi.'

gempal *a* weweg, pideksa, gedhé kiyeng
*Tubuh anak laki-laki itu **gempal.*** 'Awaké bocah lanang kuwi pideksa.'

gempar *a* gègèr, gumeder, horeg;
*Para warga **gempar** karena ada kebakaran.* 'Para warga gègèr amarga ana kobongan.'
menggemparkan nggègèraké, gawé geger

gempita, menggempita *a* umyung, gumuruh ramé banget
*Suasana pasar malam di lapangan **menggempita**.* 'Swasana pasar malam ing lapangan umyung ramé banget.'

gempur, menggempur *v* nggempur, ngremuk
*Para pejuang **menggempur** benteng Belanda di tepi pantai.* 'Para pejuang nggempur bèntèng Belanda ing pesisir.'

gemuk *a* lemu;
*Anak perempuan itu memang **gemuk.*** 'Bocah wadon iku pancèn lemu.'
menggemukkan nglemokaké;
kegemukan kelemon

gemulai *a* lemes lan luwes (obahing awak)
*Retno menari dengan **gemulai.*** 'Retno njogèd kanthi lemes lan luwes.'

gemuruh *a* gumuruh, gumleger, gemludhug;
***Gemuruh** suara petir membuat adik menangis.* 'Gumleger swara bledhèg nyebabaké adhiku nangis.'
bergemuruh gumuruh, gembludhug

genang, tergenang *v* mambeng, mambeg, ora mili, megung;
*Air sisa mencuci ibu **tergenang** di selokan.* 'Banyu sisa (turahan) umbah-umbah ibu, mambeg ing got.'
menggenangi ngelebi

genap *a* ganep, genep;
*Jumlah murid di kelas tiga **genap**.* 'Cacahing murid ing kelas telu ganep.'
menggenapi 1 ngganepi; **2** netepi (janji, kewajiban, lsp); **segenap** kabèh

gencar *a* **1** terus-terusan tanpa lèrèn; **2** giyat
*Dengan **gencar** musuh mengebomi.* 'Kanthi terus-terusan mungsuh ngebomi.'

gencat, menggencat v ngendheg, nglèrèni;
*Para nelayan **menggencat** mencari ikan karena hujan deras dan angin besar.* 'Para nelayan nglèrèni anggoné golek iwak amarga udan deres lan angin gedhé.'
gencatan ngendhegaké;
gencatan senjata ngendhegaké perang

gencet, menggencet *v* njepit, nindhes, mlithes;
*Paman **menggencet** tikus di dapur.* 'Paklik njepit tikus nang pawon.'
tergencet kejepit

gendang *n* kendhang
*Bapak senang bermain **gendang** di rumah.* 'Bapak seneng dolanan kendhang ing ngomah.'

gendut *a* gendhut, njemblug, mblendhug; lemu;
*Kakakku **gendut** karena hanya makan dan tidur.* 'Kangmasku gendhut sebab mung mangan lan turu.'
kegendutan kelemon

generasi *n* turunan;
*Murid-murid akan menjadi **generasi** penerus bangsa.* 'Murid-murid bakal dadi turunaning bangsa.'

genggam, menggenggam *v* nggegem, ngepel;
*Adikku **menggenggam** permen.* 'Adhiku nggegem permen.'
genggaman gegeman, kepelan;
segenggam sagegem, sakepel

gengsi *n* ajining dhiri; isin
*Saya tidak **gengsi** membantu ibu masak.* 'Aku ora isin ngréwangi ibu mangsak.'

genjot, menggenjot *v* nggenjot;
*Pak Karto **menggenjot** becaknya untuk mencari rejeki.* 'Pak Karto nggenjot becaké kanggo golèk rejeki.'

gentar *a* **1** geter; kedher; **2** dredeg
*Tentara Indonesia tidak **gentar** melawan penjajah.* 'Tentara Indonesia ora kedher nglawan penjajah.'

genting *a* gawat; mbebayani; ndrawasi
Persoalan kenakalan remaja itu ***genting.*** 'Bab ndugalé nomnoman kuwi mbebayani.'

gerabah *n* grabah
Hobi ayahku membuat ***gerabah.*** 'Senengané bapakku nggawé grabah.'

geraham *n* bam;
Geraham *adik sudah tumbuh.* 'Bam adhik wis thukul.'
geraham bungsu bam wekasan

gerak *v* obah;
Gerak *kipas angin itu sangat cepat.* 'Obahé kipas angin kuwi cepet banget.'
bergerak obah;
menggerakkan ngobahaké;
gerakan obahé

[1]geram *a* gemes, jèngkèl, mangkel banget
Bapak itu ***geram*** *dengan pencuri sandal di masjid.* 'Bapak kuwi jèngkèl karo maling sendal nang mesjid.'

[2]geram, menggeram *v* nggereng
Harimau itu ***menggeram*** *membuatku takut.* 'Macan kuwi nggereng nggawé aku wedi.'

gerangan *adv* sajaké, ayaké
Siapa ***gerangan*** *yang meminjam buku saya?* 'Sapa ya sajaké sing nyilih bukuku?'

gerayang, menggerayangi *v* grayang-grayang, nggrayangi;
Anak itu ***menggerayangi*** *pundaknya.* 'Bocah iku nggrayangi pundhaké.'
gerayangan grayangan

gerbang *n* gapura; lawang (pager ngarep omah)
Gerbang *rumahnya pak presiden besar sekali.* 'Gapura omahé pak presiden gedhé banget.'

gereget *a* greget, karep;
Kakak punya ***gereget*** *untuk menjadi juara kelas.* 'Kakang nduwé karep dadi juwara kelas.'
geregetan gregetan, jèngkèl

gergaji *n* graji;
Kayunya dipotong dengan ***gergaji.*** 'Kayuné dikethok nganggo graji.'
menggergaji nggraji

gerhana *n* grahana;
Malam ini ada ***gerhana*** *bulan.* 'Wengi iki ana grahana rembulan.'
gerhana bulan grahana rembulan;
grahana matahari grahana srengéngé

gerigi *n* unton-unton (graji); cringih-cringih, ringih-ringih;
Gergaji itu mempunyai ***gerigi***

tajam. 'Graji kuwi duwé cringih-cringih landhep.'
bergerigi ana unton-untoné; cringih-cringihé

gerimis *v* grimis (udan)
*Kemarin **gerimis** sampai pagi.* 'Wingi grimis nganti isuk.'

gerlap, gemerlap *a* kemerlap, kemerlop
*Sinar lampu itu **gemerlap.*** 'Cahya lampu iku kumerlap.'

gerlip *a* kerlip;
*Malam ini bintangnya terlihat **gerlip**.* 'Bengi iki lintangé katon kerlip.'
menggerlip kerlip-kerlip, pating kerlip

gerogot, menggerogoti *v* nggrogoti, ngrokoti
*Rayap itu **menggerogoti** kayu di rumahku.* 'Rayap iku nggrogoti kayu ing omahku.'

gertak, menggertak *v* nggetak, nyentak;
*Tidak perlu takut, dia hanya **menggertak**.* 'Ora usah wedi, dhèwèké mung nggetak.'
gertakan getakan, sentakan

gerutu, menggerutu *v* nggresula, nggresah; sambat
*Jika ada PR tidak usah **menggerutu**.* 'Yèn ana PR ora usah nggresula.'

gesa, tergesa-gesa *a* kesusu
*Tidak perlu **tergesa-gesa**, yang penting selamat.* 'Ora usah kesusu, sing penting slamet.'

gesek, bergesek *v* nggèsèk, nggrèsèk;
*Dua benda saling **bergesek** akan menimbulkan panas.* 'Barang loro yèn nggèsrèk bisa munculaké panas.'
menggesek nggèsèk;
gesekan gèsrèkan

geser, bergeser *v* ingsed, mingsed, nginged
Antena TV bergeser setelah terkena angin. 'Antena TV mingsed sakwisé kena angin.'
menggeser ngingsed;
menggeserkan ngingsedaké, mindhahaké

getah *n* tlutuh, pulut;
*Tangannya terkena **getah** nangka.* 'Tangané kena tlutuh nangka.'
bergetah nlutuh

getar, bergetar (menggetar) *v* geter, kedher, ndhredheg;
***Getar** senar gitar menghasilkan bunyi yang indah.* 'Geter senar gitar ngasilaké swara sing apik.'
menggetarkan 1 nggeteraké; **2** nyebabaké rasa wedi;
getaran geteran

getol *a* mempeng, tekun
Dia getol sehingga menjadi juara kelas. 'Dhèwèké tekun saéngga dadi juwara klas.'

giat *a* sregep, mempeng, taberi;
***Giat** belajar membuatmu pintar.* 'Sregep sinau ndadèkaké kowé pinter.'
bergiat taberi;
menggiatkan nyregepaké;
kegiatan kagiyatan

gidik, bergidik *a* mrinding
Saya bergidik melihat kejadian itu. 'Aku mrinding meruhi kedadéyan kuwi.'

gigau, mengigau *v* nglindur
Adik mengigau dengan berteriak-teriak. 'Adhik nglindur bengok-bengok.'

gigi *n* **1** untu, waja (*Ki*); **2** untonunton;
***Gigi** nenek tinggal dua.* 'Wajané simbah kari loro.'
bergigi duwé untu, ana untuné

gigih *a* mempeng
*Paman bekerja dengan **gigih**.* 'Paman nyambutgawé kanthi mempeng.'

gigil, menggigil *v* ndhredheg
*Arum **menggigil** sebab kedinginan.* 'Arum ndhredheg sebab kadhemen.'

gigis *a* gripis
Giginya gigis karena malas menyikat gigi. 'Untuné gigis amarga kesèd sikatan.'

gigit, menggigit *v* nyokot (nyakot);
*Nyamuk suka **menggigit** anak yang tidak mandi.* 'Lemut seneng nyokot wong sing ora adus.'
menggigiti nyokoti;
tergigit kecokot

gila *a* édan, gemblung, gendheng;
*Orang itu **gila** sudah lama.* 'Wong kuwi édan wis suwi.'
gila-gilaan édan-édanan;
tergila-gila kranjingan, kédanan

gilang, gemilang *a* **1** mencorong; **2** élok banget
*Yuni berhasil dengan **gemilang**.* 'Yuni kasil kanthi élok banget.'

gilap *a* gilap, sumorot; kinclong
*Mobil itu dibersihkan sampai **gilap**.* 'Mobil kuwi diresiki nganti gilap.'
menggilapkan nggilapaké

gilas, menggilas *v* tlindhes, nlindhes; nggiles;
*Mobil itu **menggilas** buku saya yang jatuh.* 'Mobil kuwi nlindhes bukuku sing tiba.'
tergilas ketlindhes

giling, menggiling *v* nggiling;
Bapak sedang ***menggiling*** *gabah.* 'Bapak lagi nggiling gabah.'
tergiling kagiling

gilir, menggilir *v* nggilir, genti gentèn;
Bu guru ***menggilir*** *siswanya menjaga perpustakaan.* 'Bu guru nggilir muridé njaga perpustakaan.'
giliran giliran, genténan

girang *a* seneng, bungah;
Kakak ***girang*** *karena menjadi juara kelas.* 'Mas bungah amarga dadi juwara klas.'
kegirangan kesenengen, bungah banget

giring, menggiring *v* nggiring (kéwan, bal)
Orang itu ***menggiring*** *itiknya masuk ke kandang.* 'Wong kuwi nggiring bèbèké mlebu kandhang.'

giur, menggiurkan *v* ménginaké, gawé kepingin; nengsemaké;
Bakso itu terlihat ***menggiurkan***. 'Bakso kuwi katon ménginaké.'
tergiur kesengsem, kepéngin

giwang *n* suweng
Giwang *di telinga ibu terlihat bagus.* 'Suweng ing talingané ibu katon apik.'

goda, menggoda *v* nggodha, ngganggu, mbéda;
Dia yang sering ***menggoda*** *saya.* 'Dhèwèké sing asring nggodha aku.'
tergoda kegodha, kaganggu; **godaan** godhan, gangguan

godog, menggodok *v* nggodhog;
Ibu ***menggodok*** *kacang.* 'Ibu nggodhog kacang.'
godokan godhogan, olahan

golak, bergolak *v* umob
Airnya sudah ***bergolak***. 'Banyuné wis umob.'

golek, bergolek *v* nggléthak, gumléthak;
Adit tidur ***bergolek*** *di tikar.* 'Adit turu nggléthak ing klasa.'
tergolek nggléthak, gumléthak

golong, menggolongkan *v* nglompokaké;
Pak guru ***menggolongkan*** *buku berdasarkan abjad.* 'Pak guru nglompokaké buku adhedhasar abjad.'
tergolong kagolong, kalebu; **golongan** klompok, jinis

gondol, menggondol *v* nggondhol

Kucing itu ***menggondol*** *ikan.* 'Kucing kuwi nggondhol iwak.'

gonggong, menggonggong *v* njegog (asu)
Anjing Crisno ***menggonggong*** *sepanjang malam.* 'Asuné Crisno njegog sawengi nutug.'

gontai *a* sempoyongan, gloyoran
Banowati berjalan ***gontai*** *seperti orang sakit.* 'Banowati mlaku sempoyongan kaya wong lara.'

gopoh, tergopoh-gopoh *a* gugup, kesusu
Niza ***tergopoh-gopoh*** *khawatir terlambat ke sekolah.* 'Niza gugup kuwatir kasep budhal sekolah.'

gores, menggores nggorès, nggarit;
Paku itu ***menggores*** *kaca cendela.* 'Paku kuwi nggarit kaca cendhéla.'
menggoreskan nggaritaké
tergores kegarit, kegorès;
goresan garitan, gorèsan

gosok, menggosok *v* nggosok, nyikat;
Yuni ***menggosok*** *gigi dua kali setiap hari.* 'Yuni nyikat untu kaping pindho saben dina.'
menggosokkan nggosokaké, nyikataké, nggebegaké;
menggosok-gosokkan nggosok-nggosokaké

got *n* kalèn cilik
Got *itu baunya tak enak.* 'Kalèn cilik iku ambuné ora énak.'

gotong, menggotong *v* nggotong, ngangkat bebarengan
Mereka sedang ***menggotong*** *kayu.* 'Dhèwèké lagi nggotong kayu.'

goyah *v* obah, ogak (untu);
Gigi nenek ***goyah***. 'Untu (waja) simbah) ogak.'
menggoyahkan ngobahaké;
tergoyahkan kaobahaké, diobahaké

goyang *v* obah, gonjing;
Lampu itu ***goyang*** *ketika ada angin besar.* 'Lampu kuwi obah nalika ana angin gedhé.'
bergoyang 1 gonjing; **2** obah;
menggoyang ngobahaké;
tergoyang kobah

gratis *n* ora mbayar
Anda mau makanan ***gratis****?* 'Kowé gelem mangan ora bayar?'

grup *n* rombongan, klompok
Sekolah kami memiliki ***grup*** *musik.* 'Sekolahku duwé klompok musik.'

gubris, menggubris *v* nggatèkaké, merduli, nggubris
Tidak perlu ***menggubris*** *omongan tidak baik.* 'Ora perlu nggatèkaké omongan ora apik.'

gudang *n* gudhang;
Barang-barang yang tidak dipakai disimpan di ***gudang*** *saja.* 'Barang-barang sing ora kanggo disimpen ing gudhang waé.'
menggudangkan nggudhangaké

gugah, menggugah *v* nggugah, nangèkaké;
Ibu ***menggugah*** *Ani agar belajar.* 'Ibu nggugah Ani supaya sinau.'
tergugah kagugah

gugup *a* bingung, kesusu-susu
Waktu menjawab pertanyaan guru, Kiki ***gugup***. 'Nalika njawab pitakoné guru, Kiki bingung.'

gugur *v* **1** gogrog (godhong); **2** mati (ing paprangan);
Daunnya pada ***gugur*** *pada musim kemarau*. 'Godhongé gogrog ing wayah ketiga.'
menggugurkan nggogrogaké;

gulai *n* gulé;
Aku suka makan ***gulai*** *kambing.* 'Aku seneng mangan gulé wedhus.'
menggulai nggulé

guling, berguling *v* guling, ngglundhung;
Ali ***berguling*** *akibat terpeleset.* 'Ali ngglundhung sebab keplèsèt.'
menggulingkan ngglundhungaké;
terguling keglundhung

gulita, gelap gulita *a* peteng ndhedhet
Malam ini gelap ***gulita.*** 'Bengi iki peteng ndhendhet.'

gulung, bergulung *v* nggulung; gulungan
Inayah membawa kertas ***bergulung***. 'Inayah nggawa dluwang gulungan marang aku.'
menggulung 1 nggulung; **2** nglempit

gumpal, **bergumpal** *v* mrongkol, mrongkal;
Tanah yang ***bergumpal*** *itu pecah terkena hujan.* 'Lemah sing mrongkal kuwi wis ambyar merga udan.'
menggumpal mrongkol;
gumpalan prongkolan

gumul, bergumul *v* **1** gelut; **2** gulet, ora pisah
Kucing ***bergumul*** *dengan anjing.* 'Kucing gelut karo asu.'

guna *n* guna, paédah, piguna, mumpangat;
*Latihan berenang pasti ada **guna**nya.* 'Latihan nglangi mesti ana gunané.'
berguna ana gunané, ana paédahé, ana mampangaté;
menggunakan nggunakaké, migunakaké

guncang, berguncang *v* **1** obah-obah, horeg; **2** kuwatir, ora jenjem (ati);
*Karena terjadi gempa rumah-rumah **berguncang.** '* Amarga ana lindhu omah-omah paha obah.'
mengguncangkan ngobah-aké

gunjing, bergunjing *v* ngrasani;
*Jangan suka **bergunjing**.* 'Aja seneng ngrasani.'
menggunjingkan ngrasani

guntur *n* gludhug, bledhèg
*Suara **guntur** kemarin seperti bom.* 'Swara gludhuk wingi kaya bom.'

gurau, bergurau *v* gegojègan, geguyon;
*Setiap bertemu temannya Rizki selalu **bergurau**.* 'Saben ketemu kancané Rizki tansah geguyon.'
senda gurau gegojègan, guyonan

gurun *n* ara-ara;
*Panasnya seperti di **gurun** pasir.* 'Panasé kaya nang ara-ara wedhi.'
gurun pasir ara-ara wedhi; segara wedhi

gusar *a* muring-muring, nesu
*Guru itu **gusar** mendapati muridnya terlambat datang.* 'Guru iku duka (nesu) nemoni muridé kasèp teka.'

gusur, menggusur *v* nggusur;
*Pemerintah **menggusur** bangunan liar itu.* 'Pamarintah nggusur bangunan liyar iku.'
tergusur kegusur

guyur, mengguyur *v* nyiram; nggebyur
*Ibu **mengguyur** bunga di pot.* 'Ibu nyiram kembang nang pot.'
terguyur kesiram

H

habis *adv* **1** entèk; **2** rampung; lêbar;
*Sudah **habis** pelajaran hari ini!* 'Wis entèk piwulangan dina iki!'
menghabisi mungkasi;
menghabiskan ngrampungaké;
kehabisan kentèkan

hadap, berhadapan *v* adu arep; arep-arepan;
*Saya dan bu guru duduk **berhadapan.*** 'Aku lan bu guru lungguh arep-arepan.'
menghadap madhep;
menghadapi ngadhepi;
menghadapkan ngadhepaké

hadiah *n* **1** hadhiyah; pawèwèh; bebungah; **2** ganjaran;
*Karena naik kelas, dia mendapatkan **hadiah** sepatu baru dari ayahnya.* 'Amarga munggah kelas, dhèwèké éntuk hadhiyah sepatu anyar saka bapaké.'
berhadiah ana hadhiyahé;
menghadiahkan mènèhi hadhiyah, ngadhiyahaké

hadir *v* teka; ana;
*Semua siswa **hadir** pada hari ini.* 'Kabèh murid teka ing dina iki.'
hadirin kabèh wong kang teka;
menghadiri nekani;
menghadirkan nekakaké

hafal *a* apal;
*Anak itu sudah **hafal** nama-nama tokoh pahlawan nasional.* 'Bocah kuwi wis apal jeneng-jeneng tokoh pahlawan nasional.'
menghafalkan ngapalaké:
hafalan apalan

hak *a* **1** hak; wenang; **2** duwé; darbèk; **3** bener;
berhak nduwèni hak
*Dia **berhak** mendapat hadiah.* 'Dhèwèké nduwèni hak éntuk bebungah.'

hal *n* **1** bab; prakara; **2** ngenani
*Membaca menjadi **hal** yang sangat penting.* 'Maca iku dadi prakara sing wigati banget.'

[1]**halaman** *n* latar; plataran
***Halaman** rumahnya sangat luas.* 'Latar omahé jembar banget.'

[2]halaman *n* kaca buku; rainé buku lsp.
Hal menulis cerita ada pada ***halaman*** *tujuh.* 'Bab nulis crita ana ing kaca pitu.'

halang, menghalang *v* alang; malang;
Tiang listrik yg rebah itu ***menghalang*** *di tengah jalan.* 'Cagak listrik sing ambruk kuwi malang ing tengah dalan.'
berhalangan ana alangan; ana rubéda;
menghalangi malangi

halau, menghalau *v* gusah; nggusah;
Anton ***menghalau*** *burung yang memakan padi di sawah.* 'Anton nggusah manuk sing mangan pari ana ing sawah.'

halilintar *n* kilat; thathit
Karena mulai musim hujan, banyak ***halilintar.*** 'Krana wiwit rendeng, akèh kilat (thathit).'

halus *a* alus;
Baju itu dibuat dari bahan yang ***halus.*** 'Klambi kuwi digawé saka bahan sing alus.'
menghaluskan ngalusaké

hama *n* ama
Tanaman ini diserang ***hama***. 'Tanduran iki diserang ama.'

hamba *n* **1** abdi; abdi dalem; **2** kula; kawula; **3** sendika;
Dia menjadi ***hamba*** *raja sudah lama.* 'Dhèwèké dadi abdi raja wis suwi.'

berhamba *v* ngabdi; suwita

hambar *a* cemplang; kemba
Sayur itu rasanya ***hambar.*** 'Jangan kuwi rasané cêmplang.'

hambat, menghambat *v* alang, ngalang-alangi; nyegati; mepeti;
Jangan ***menghambat*** *orang lewat.* 'Aja ngalang-alangi wong liwat.'
terhambat kalang-kalangan
hambatan pepalang

hambur, berhamburan *v* sebar; sumebar; pating slebar;
Kertas-kertas ***berhamburan*** *tertiup angin.* 'Dluwang-dluwang pating slebar kesebul angin.'
menghambur-hamburkan **1** nyebar; **2** boros

hamil *v* meteng; ngandhut (*K*); mbobot (*Ki*)
Kambingnya Asmawi sedang ***hamil***. 'Wedusé Asmawi lagi meteng.'
menghamili metegi

hampa *a* kothong; kopong
Nelayan itu pulang dengan tangan ***hampa.*** 'Nelayan kuwi bali kanthi tangan kothong.'

hampir *adv* mèh;
*Saya **hampir** lupa kalau ada tugas dari guru.* 'Aku mèh lali menawa ana tugas saka guru.'
hampir-hampir mèh waé;
menghampiri nyerak; nyedhaki

hampar, menghampar *v* gelar; gumelar
*Karpet merah **menghampar** di aula sekolah.* 'Karpet abang gumelar ing aula sekolah.'

hancur *a* ajur; remuk; lebur;
*Gelas yg jatuh dari atas meja itu **hancur.*** 'Gelas sing tiba saka ndhuwur meja iku remuk.'
menghancurkan ngajuraké; ngremukaké; ngleburaké;
kehancuran *n* kerusakan

hangat *a* anget
*Nasinya masih **hangat**.* 'Segané isih anget.'

hangus *a* gosong; kobong nganti entèk;
*Rumah itu **hangus** dimakan api.* 'Omah kuwi kobong nganti entèk déning geni.'
menghanguskan nggosongaké

hanya *adv* mung
*Dia **hanya** bertanya bukan membantah.* 'Dhèwèké mung takon dudu mbantah.'

hanyut *v* kèli; kéntir;
*Beberapa rumah telah **hanyut** terkena banjir.* 'Sapérangan omah kèli déning banjir.'
menghanyut ngèlèkaké; ngéntiraké

hapus, menghapus *v* busek, busak; mbusek, mbusak; nyetip;
*Dia **menghapus** tulisan yg mengotori tembok rumahnya.* 'Dhèwèké mbusek tulisan sing ngregeti témbok omahé.'
menghapuskan ngilangi;
penghapus piranti kanggo mbusak

harap *adv* prayogané; supaya;
***Harap** sabar menunggu.* 'Supaya sabar nunggu.'
berharap ngajap;
harapan pangarep-arep

hardik, menghardik *v* getak; nggetak
*Ibu tidak pernah **menghardik** saya.* 'Ibu ora tau nggetak aku'

harga *n* rega; aji; pengaji;
*Hari ini ada potongan **harga** buku.* 'Dino iki ana potongan rega buku.'
berharga ana regané; ana ajiné;
menghargai ngregani; ngajèni;
penghargaan pakurmatan

hari *n* dina;
***Hari** Minggu kita akan bertamasya ke Candi Prambanan.*

'Dino Minggu kita arep piknik menyang Candi Prambanan.'

berhari-hari pirang-pirang dina;

harian dinan; saben dina;

seharian sedina muput;

sehari-hari saben dina

harkat *n* **1** martabat; pangkat; **2** tenaga; kekuwatan

*Gigih dapat mengangkat **harkat** orang tuanya.* 'Gigih bisa ngangkat martabat wong tuwané.'

harmonis *a* laras; cocog;

*Keluarga itu **harmonis** sekali.* 'Kaluwarga iku laras banget.'

keharmonisan kasalarasan

harta *n* bandha; raja brana;

*Wajib menyedekahkan sebagian **harta** kita.* 'Wajib nyedhekah aké sabagian bondo kita.'

berharta sugih;

hartawan sugih banget

haru *a* trenyuh;

*Saya **terharu** mendengar cerita anak yatim itu.* 'Aku trenyuh krungu critané bocah yatim kuwi.'

mengharukan nrenyuhaké;

terharu trenyuh

harum *a* arum; wangi

*Bunga melati itu aromanya sangat **harum.*** 'Kembang mlathi iku ambuné wangi banget.'

mengharumkan ngarumaké

harus *adv* kudu;

*Murid **harus** menghormati guru.* 'Murid kudu ngurmati guru.'

mengharuskan ngudokaké;

keharusan kewajiban;

seharusnya kuduné; mesthiné

hasil *n* asil; pametu; olèh-olèhan;

*Panen tahun ini **hasil**nya sangat banyak.* 'Panèn taun iki asilé akèh banget.'

berhasil kasil; olèh asil; kasembadan;

keberhasilan kaanan kasil; olèh-olèhané usaha;

menghasilkan ngasilaké;

penghasilan pametu; kasilé

hasrat *n* pepènginan; kekarepan; karep;

*Dia mempunyai **hasrat** ingin ke luar negeri.* 'Dhèwèké duwèni pepènginan menyang luar negeri.'

berhasrat péngin; duwé karep

hasut, menghasut *v* ojok-ojok, ngojok-ojoki; ngajani ala; nggegasah; ngompori;

*Jangan mudah di**hasut** oleh*

teman-teman kamu. 'Ojo gampang diojok-ojoki marang konco-konco.'
terhasut kegosok; kena pengojok; kèlu ing ojok-ojok;
penghasut wong sing ngojok-ojoki

[1]**hati** *n* ati;
Membaca dalam ***hati.*** 'Maca sajroné ati.'
sehati akur; setuju; cocog

[2]**hati, hati-hati** *v* ngati-ati;
Hati-hati *kalau mengendarai sepeda di jalan raya.* 'Ngati-ati menawa numpaki pit ing dalan gedhé.'
memperhatikan nggatèkaké;
perhatian kawigatèn

haus *a* ngelak;
Karena lari-lari, Warsi terasa ***haus****.* 'Krana mlayu-mlayu, Warsi krasa ngelak.'
kehausan kengelaken

heboh *a* gègèr;
Orang-orang di pasar ***heboh*** *karena ada kebakaran.* 'Wong-wong ing pasar gègèr amarga ana kobongan.'
menghebohkan nggègèraké;
kehebohan gégèran; ontran-ontran

hela, menghela *v* sèrèt, gèrèt; nyèrèt, nggèrèt;
Kuda itu ***menghela*** *pedati.* 'Jaran kuwi nggèrèt dokar.'
penghela sing nyèrèt; sing nggèrèt

helai *n* lembar;
Dani mengambil tiga ***helai*** *daun untuk contoh.* 'Dani njupuk telung lembar godhong kanggo conto.'
sehelai selembar

hemat *a* gemi;
Kita harus ***hemat*** *dalam penggunaan air.* 'Kita kudu gemi ing ndalem panganggoné banyu.'
menghemat nggemèni;
penghematan nggemèni

hendak *adv* arep; nedya;
Ayah ***hendak*** *pergi ke kantor.* 'Bapak arep tindak menyang kantor.'
menghendaki kepéngin;
kehendak karep; sedya; pepènginan;
berkehendak duwé karep; kepéngin

hening *a* bening; ening; wening;
Suasananya ***hening*** *sekali.* *'Swasanané wening banget.'*
mengheningkan ngeningaké;
keheningan kaweningan; keantengan

henti, berhenti *v* mandheg; lèrèn;

*Kegiatannya **berhenti** pada pukul dua belas.* 'Kagiyatané lèrèn jam rolas.'

menghentikan ngendheg, nyetop;

memberhentikan ngendhegaké; nglèrèni;

terhenti kandheg;

heran *a* gumun; anèh; gawok;

*Saya merasa **heran**, mengapa tingkah lakunya berubah.* 'Aku krasa gumun, ngapa tumindaké béda.'

mengherankan nggumunaké;

keheranan gumun banget

hewan *n* kéwan; sato;

*Dia memelihara **hewan** buas.* 'Dhèwèké ngingu kèwan galak.'

hias, berhias *v* macak, dandan;

*Anak itu sedang **berhias** di depan cermin.* 'Bocah iku lagi dandan ing ngarep kaca.'

hiasan 1 rerenggan; **2** pacakan;

perhiasan pacakan

hibur, menghibur *v* lipur, nglipur;

terhibur kelipur;

hiburan sesenengan

hidang, hidangan *n* suguhan

***Hidangan** pesta ulang tahunku sangat sederhana.* 'Suguhan pista mèngeti dina lairku prasaja banget.'

hidung *n* irung

Hidung orang Indonesia kecil-kecil. 'Irung wong Indonesia cilik-cilik.'

hidup *v* **1** urip; **2** mapan; manggon ing;

Ali hidup bersama dengan neneknya. 'Ali manggon bareng karo simbahé.'

menghidupi nguripi; ngopèni;

menghidupkan nguripaké;

penghidupan panguripan;

kehidupan panguripan

hijau *a* ijo; ijem (*K*)

Daun pisang itu berwarna hijau. 'Godhong pisang kuwi warnané ijo.

hilang *v* ilang; musna; mati;

*Tiba-tiba orang itu **hilang** dari pandanganku.* 'Ujug-ujug wong iku ilang saka pandelengku.'

menghilang ngilang;

menghilangkan ngilangaké;

kehilangan kélangan

himpun, berhimpun *v* kumpul; nglumpuk;

*Anak-anak **berhimpun** di halaman sekolah.* 'Bocah-bocah kumpul ing latar sekolah.'

menghimpun ngumpulaké; nglumpukaké;

himpunan kumpulan; klumpukan

hina *a* ina; asor; nistha;
menghina **1** ngina; **2** nisthakaké
*Kita tidak boleh **menghina** teman.* 'Kita ora olèh ngina kanca.'
hinaan pangina

hindar, menghindar *v* singkir; éndha; nyingkiri; ngéndhani;
*Anak itu berusaha **menghindar** dari sengatan lebah.* 'Bocah kuwi nyingkiri saka entupan tawon.'
terhindar luput saka

hingga *n* nganti; tekan;
*Pelajarannya **hingga** pukul 13.00.* 'Piwulangané tekan jam 13.00.'
terhingga winates; diwatesi

hinggap *v* méncok
*Burung itu terbang, kemudian **hinggap** di jendela.* 'Manuk kuwi mabur, banjur méncok nang cendhéla.'

hirau, menghiraukan *v* maèlu; mraduli; nggatèkaké
*Ia tidak **menghiraukan** nasihat orang tuanya.* 'Dhèwèké ora mraduli (nggatèkaké) pituturé wong tuwané.'

hitam *a* ireng; cemeng (*K*)
*Bajunya warna **hitam.**'* Klambiné werno ireng.'
menghitam dadi ireng;
menghitamkan ngirengaké;
kehitam-hitaman semu ireng; rada ireng

hitung, berhitung *v* étung; nggarap étungan;
*Murid-murid sedang **berhitung.*** 'Murid-murid lagi nggarap étungan.'
menghitung ngétung;
menghitungkan ngétungaké;
terhitung kepétung;
hitungan étungan;
perhitungan étung-étungan

hobi *n* kesenengan;
*Anak itu mempunyai **hobi** bermain bola.'* Bocah kuwi duwé kesenengan bal-balan.'

hormat *a* **1** kurmat; urmat; **2** ngajèni; **3** sopan;
*Murid wajib **menghormati** guru.* 'Murid wajib ngajèni guru.'
menghormati ngurmati; ngajèni;
hormat-menghormati kurmat-kinurmatan; ajèn-ajènan;
terhormat kajèn kèringan

hubung, berhubung *v* **1** gandhèng; gegandhèngan; ge-

gayutan; magepokan; **2** awit saka iku; jalaran;
Berhubung *bu guru sedang ada tugas, para siswa disuruh ke perpustakaan.* 'Gandhèng bu guru lagi ana tugas, para murid dikongkon nang perpustakaan.'
menghubungi ngubungi;
menghubungkan nggathukaké;
hubungan sesambungan;
sehubungan gegandhèngan (karo)

hujan *n* udan;
Hari ini ***hujan*** *sangat deras.* 'Dino iki udan deres banget.'
hujan-hujanan udan-udanan;
kehujanan kodanan

hukum *n* hukum; wewaton; angger-angger;
Negara ini merupakan negara ***hukum.*** 'Negara iki awujud negara hukum.'

humor *a* lucu, lelucon
Dia sedang menyaksikan acara ***humor*** *di TV.* 'Dhèwèké lagi nonton acara lelucon nang TV.'

humoris *n* seneng guyonan
Parto seorang ***humoris.*** 'Parto wong sing seneng guyon.'

huni, berhuni *v* nggon, ana sing manggon, ana sing ngenggoni;
Rumah itu sudah ***berhuni****.* 'Omah kuwi wis ana sing manggon.'
menghuni ngenggoni;
hunian papan panggonan;
penghuni sing manggoni

hunus, menghunus *v* ngunus; nglolos; ndudut;
Prajurit itu sudah menghunus senjatanya. 'Prajurit kuwi wis ngunus gegamané.'
terhunus ligan

huruf *n* hurup, aksara;
Para siswa TK sedang belajar menulis ***huruf****.* 'Para murid TK lagi sinau nulis aksara.'
berhuruf nganggo aksara

hutan *n* alas, wana (*Ki*)
Petani itu mencari kayu di ***hutan.*** 'Petani iku golèk kayu menyang alas.'

huyung, terhuyung-huyung *a* gloyor; gloyoran; sempoyongan; senggoyoran
Nenek berjalan ***terhuyung-huyung*** *menyambut kedatanganku.* 'Simbah mlaku sempoyongan mapag tekaku.'

I

ia *pron* dhèwèké
__Dia__ sangat rajin belajarnya. 'Dhèwèké sregep banget anggoné sinau.'
ialah *p* yaiku
Yang perlu dikerjakan sekarang __ialah__ membaca buku. 'Sing prelu ditindakaké saiki yaiku maca buku.'
iba *a* trenyuh;
Hatiku __iba__ melihat anak itu. 'Atiku trenyuh weruh bocah iku.'
mengibakan nrenyuhaké;
keibaan (hati) rasa trenyuh
ibarat *n* **1** ibarat; umpama; **2** kaya déné;
Mengajarkan ilmu kepada anak __ibarat__ mengukir di atas batu. 'Mulangaké ngélmu marang anak kaya déné ngukir ana ing watu.'
mengibaratkan ngibarataké
ibu *n* ibu, simbok, biyung;
Sekarang __ibu__ sedang mengajari adik. 'Saiki ibu lagi muruki adhik.'
ide *n* gagasan; panemu
Ia mempunyai __ide__ bagus, tetapi sukar dilaksanakan. 'Dhèwèké duwé panemu apik, nanging angèl dilakoni.'
ideal *a* pas; cocog
Anak itu sangat __ideal__ untuk menjadi murid teladan. 'Bocah iku cocog banget kanggo dadi murid teladan.'
identik *a* padha; persis;
Keputusan rapat tidak harus selalu __identik__ dg kepentingan anggota. 'Putusan rapat ora kudu tansah persis padha karo kepentingan anggota.'
mengidentikkan madhakaké
identitas *n* ciri, cirénan; tetenger
__Identitas__ pencuri itu sudah diketahui polisi. 'Ciri maling kuwi wis dingertèni polisi.'
idola *n* pujan, pepujan
Karena kepanaiannya, Nurul menjadi __idola__ bagi teman-temannya. 'Krana kepinteran é, Nurul dadi pepujan kanca-kancané.'
igau, mengigau *v* lindur, nglindur;
Hampir setiap malam ia __mengigau.__ 'Mèh saben wengi dhèwèké nglindur.'
mengigaukan nglinduraké;

ikan *n* iwak
*Budi memancing **Ikan** di sungai.* 'Budi mancing iwak nang kali.'
ikat *n* tali; jiret
Ikat rambut ini milik Ani. 'Tali rambut iki duweké Ani.'
mengikat njiret
mengikatkan njiretaké
terikat kejiret
ikrar *n* **1** janji, prajanji; **2** sumpah; *Ia menghafalkan **ikrar** Sumpah Pemuda.* 'Dhèwèké ngapalaké **janji** Sumpah Pemuda.'
berikrar janji; sumpah;
mengikrarkan neguhaké janji
ikut *v* mèlu; ngétut; nurut; manut;
*Dia **ikut** bertamasya keluarganya.* 'Dhèwèké mèlu piknik keluargané.'
ikut-ikutan mèlu-mèlu; niru-niru;
mengikuti ngétut; mèlu;
mengikutkan ngélokaké;
pengikut panganut
ilmu *n* ngèlmu; kawruh; sesurupan;
*Senang sekali mempunyai teman yang mempunyai banyak **ilmu.*** 'Seneng banget duwé kanca sing duwé ngèlmu akèh.'
berilmu 1 duwé ngèlmu; **2** pinter
imbau, mengimbau *v* ajak, ngajak; kongkon;
imbauan ajakan
*Pak guru selalu **mengimbau** agar rajin membaca. dilahirkan.* 'Pak guru tansah ngajak supaya sregep maca.'
imitasi *n* **1** tiron; **2** palsu
*Cincin yang dipakainya **imitasi** meskipun warnanya menyerupai emas.* 'Ali-ali sing dienggo tiron sanadyan wernané kaya emas.'
inap, menginap *v* inep, nginep;
*Sudah tiga hari mereka **menginap** di rumahku.* 'Wis telung dina dhèwèké kabèh nginep ing ngomahku.'
menginapkan nginepaké;
penginapan panginepan
incar, mengincar *v* incer, ngincer; inceng, nginceng
*Kucing itu **mengincar** ikan asin di meja makan.* 'Kucing kuwi ngincer gerèh ono méja pangan.'
indah *a* éndah, édi; becik; apik;
*Halaman sekolahnya terlihat **indah.*** 'Latar sekolahé ketok éndah (édi).'
memperindah ngapik-apik:
keindahan kaéndahan
induk *n* **1** babon; embok; **2**

sing pokok
Seperti anak ayam kehilangan ***induk****nya.* 'Kaya anak pitik kélangan baboné.'

ingat *v* éling;
Saya masih ***ingat*** *nama anak itu.* 'Aku isih éling jenengé bocah iku.'
mengingat ngèlingi;
mengingatkan ngélingaké;
memperingati mèngeti;
teringat kèlingan;
peringatan péling

ingin *a* kepéngin; karep;
Dia ***ingin*** *mencoba makanan yang baru.* 'Dhèwèké kepéngin nyoba panganan sing anyar.'
berkeinginan duwé pepènginan;
menginginkan kepéngin; ngesiri;
keinginan pepènginan

ingkar *v* **1** sélak, mukir; **2** nglirwakaké; ora netepi; ora nuhoni;
Jangan suka ***ingkar*** *janji, itu tidak baik.* 'Ojo seneng sélak janji, iku ora becik.'
mengingkari nyélaki; mungkiri

ingus *n* umbel;
Anak itu hidungnya keluar ***ingus.*** 'Bocah kuwi irungé metu umbel.'
ingusan umbelen, umbel-umbelen

ini *p* iki
Buku ***ini*** *bagus.* 'Buku iki apik.'

injak, menginjak *n* idak, menginjak;
Ketika berdiri berdesak-desakan, kakiku ***menginjak*** *katak.* 'Nalika ngadeg suk-sukan, sikilku ngidak kodhok.'
menginjakkan ngidakaké; napakaké;
menginjak-injak ngidak-idak
terinjak kepidak

insaf *a* insap; tobat
Syukurlah ia kini telah ***insaf*** *dan tidak nakal lagi.* 'Sukur dhèwèké saiki wis insap lan ora nakal menèh.'

intai, mengintai *v* injen, nginjen; intip, ngintip; dingkik; ndingkik;
Polisi sedang ***mengintai*** *penjudi di dalam rumah itu.* 'Polisi lagi ndingkik wong sing main ing jero ngomah iku.'
pengintaian anggoné ndingkik

inti *n* pokok; wos
Bahasa itu termasuk pelajaran ***inti.*** 'Basa iku klebu piwulangan pokok.'

introspeksi *n* mawas dhiri;
*Kita harus **introspeksi** sebelum mengkritik orang lain.* 'Kita kudu mawas dhiri sadurungé ngritik wong liya.'
berintropeksi mawas dhiri

iri *a* iri; mèri
*Jangan **iri** kalau teman-teman mendapat kesenangan.* 'Aja mèri menawa kanca-kanca antuk kasenengan.'

isak *n* kesesegen;
*Dia kelihatan menahan **isak** tangisnya.* 'Dhèwèké ketara ngampet kesesegen tangisé.'
terisak-isak kamisesegen

isap, mengisap *v* isep, ngisep;
*Adik saya senang **mengisap** permen.* 'Adiku seneng ngisep permén.'

istimewa *a* éram, ngéramaké; mirunggan;
*Di kota itu ia mendapat sambutan **istimewa.*** 'Ing kutha iku dhèwèké antuk tanggapan sing ngéramaké.'
mengistimewakan mligèkaké;
teristimewa paling utama;
keistimewaan kautaman

istirahat, beristirahat *v* ngaso, lèrèn, sigeg (*K*)
*Siswa–siswi kelas dua sedang **beristirahat.*** 'Siswa-siswi kelas loro lagi ngaso.'

istri *n* bojo (wadon), garwa (garwa)
*Paman memperkenalkan **istrinya** kepada kami.* 'Paklik ngenalaké bojoné marang aku kabèh.'

isyarat *n* isarat, sasmita;
*Ia memberi **isyarat** kepada anaknya agar pulang lebih dahulu.* 'Dhéwèké ménéhi isarat marang anaké supaya bali luwih dhisik.'
mengisyaratkan ngisaratké; nyasmitakaké

itu *p* iku; kaé; kuwi
*Buku di atas meja **itu** milik saya.* 'Buku neng nduwur méjo kuwi duwékku.'

iuran *n* iyuran; urunan
*Siswa-siswi kelas lima **iuran** untuk membeli jam dinding.* 'Murid-murid kelas limo padha urunan kanggo tuku jam dinding.'

izin *n* idi, idin; palilah;
*Orang tuanya telah memberikan **izin** untuk ikut les karawitan.* 'Wong tuwané wis mènèhi idin kanggo mèlu wulangan tambahan karawitan.'
mengizinkan ngidinaké

J

jabar, menjabarkan *v* jlèntrèh, njlèntrèhaké; nerangaké;
Ia mencoba ***menjabarkan*** *persoalan itu.* 'Dhèwèké nyoba njlèntrèhaké prakara iku.'
jabaran katrangan; andharan

jabat, menjabat *v* **1** jabat, njabat; **2** nyekel panguwasa;
Sudah 10 tahun ibu ***menjabat*** *sebagai kepala sekolah.* 'Wis 10 taun ibu njabat kepala sekolah.'
jabatan jabatan; kalungguhan;
pejabat pajabat; pangarsa;
jabat tangan salaman

jadi *v* **1** dadi; **2** sida;
Pekerjaan saya sudah ***jadi.*** 'Gawéyanku wis dadi.'
menjadi dadi;
menjadikan ndadèkaké;
menjadi-jadi saya ndadi;
terjadi 1 dumadi; **2** kedadéyan

jaga *v* jaga, tunggu;
Rumah ini harus ada yang ***jaga.*** 'Omah iki kudu ana sing jaga.'
berjaga jaga, tunggu;
berjaga-jaga jaga-jaga;
menjagakan nunggokaké;
terjaga tangi; nglilir

jahat *a* jahat; culika;
Jangan suka berbuat ***jahat.*** 'Aja seneng tumindak culika.'
penjahat durjana (maling, kècu, lsp);
kejahatan tumindak ala; sipat jahat

jahit, menjahit *v* njait; ndondom;
Ibu suka ***menjahit***. 'Ibu seneng ndondom.'
jahitan jaitan; dondoman;
penjahit tukang jait

jaja, menjajakan *v* ider, ngideraké
Pedagang itu ***menjajakan*** *makanan.* 'Bakul iku ngideraké panganan.'

jajar *n* larik; jèjèr;
Anak-anak disuruh berdiri ***berjajar.*** 'Bocah-bocah dikongkon ngadeg jèjèr.'
berjajar jèjèr; tharik-tharik;
menjajarkan njèjèraké;
jajaran larikan;
sejajar salarik; sajèjèr

jalan *n* **1** dalan; **2** laku; cara;
Dia menyingkirkan batu yang ada di tengah ***jalan.*** 'Dhèwèké nyingkiraké watu sing ana nang tengah dalan.'
berjalan-jalan mlaku-mlaku;
menjalani nglakoni;
menjalankan nglakokaké, nindakaké;
perjalanan mlakuné; lakon;
sejalan 1 sadalan; **2** sajajar

jalar, menjalar *v* rambat, mrambat;
Pohon gadung itu ***menjalar*** *pada pohon duku.* 'Wit gadhung iku mrambat ing wit dhuku.'

jalin, menjalin *v* sambung, nyambung; gandhèng, nggandhèng;
Kita harus ***menjalin*** *tali silaturahmi dengan baik.* 'Kita kudu nyambung tali silaturahmi kanthi apik.'
terjalin kasambung; kagandhèng;
jalinan gandhèngan; sambungan

jamin, menjamin *v* jamin, njamin, nanggung;
Wahid ***menjamin*** *bahwa tempat itu aman.* 'Wahid nanggung menawa papan kuwi aman.'
jaminan tanggungan;
terjamin kajamin, katanggung

jamu, menjamu *n* suguh, nyuguh (tamu);
jamuan suguhan;
perjamuan pista; pasamuwan

jangan *adv* aja; ampun;
Jangan *suka meniru kebiasaan jelek.* 'Aja seneng niru adat sing èlèk.'
jangan-jangan aja-aja; gèk-gèk; mengko gèk;
jangankan apa manèh

janggal *a* **1** wagu; ora laras; **2** anèh;
Drama ini alurnya ***janggal.*** 'Sandiwara iki aluré wagu.'
kejanggalan kaanèhan

jangka *n* jarak; wektu; témpo;
Pembayaran buku ini diberi ***jangka*** *satu bulan.* 'Pembayaran buku iki diwènèhi wektu sesasi.'
berjangka kanthi wektu

jangkau, menjangkau *v* **1** ranggèh; ngranggèh; **2** gayuh; nggayuh; **3** tekan;
Tangannya tidak sampai ***menjangkau*** *tas yang ada di atas lemari.* 'Tangané ora tekan ngranggèh tas sing ana ing ndhuwur lemari.'

terjangkau 1 keranggèh; **2** kagayuh;
jangkauan kagayuhan

jangkit, berjangkit *v* **1** tular, nular; rèmbèt, mrèmbèt; **2** wabah;
Sekarang sedang ***berjangkit*** *demam berdarah.* 'Saiki lagi wabah demam berdarah.'
menjangkiti nulari;
kejangkitan ketularan;
terjangkit ketularan

jantan *n* lanang
Pak Marjo memelihara kambing ***jantan.*** 'Pak Marjo ngingu wedhus lanang.'

jarah, menjarah *v* jarah, njarah; ngrampas;
Dilarang ***menjarah*** *barang milik siapa pun.* 'Dilarang ngrampas barang darbèké sapa waé.'
jarahan jarahan; rampasan

jarak *n* dohé; let;
Jarak *rumahku dengan sekolah lima kilo meter (km).* 'Dohé ngomahku karo sekolah iku limang kilo mèter (km).'
berjarak dohé; leté

jarang *a* **1** arang; **2** langka;
Akhir-akhir ini ia ***jarang*** *main karena mau ujian.* 'Akir-akir iki dhèwèké arang dolan amarga arep ujian.'
jarang-jarang arang-arang;
menjarangkan ngarangaké

jari *n* driji;
Menghitung dengan ***jari.*** 'Ngétung nganggo driji.'
jari-jari ruji

jarum *n* **1** dom; **2** jarum (ing jam);
Jarinya tertusuk ***jarum*** *ketika dia memasang kancing baju.* 'Drijiné kecoblos dom nalika dhèwèké masang benik.'
menjarum dondom

jasa *n* jasa; lelabuhan;
Kita tidak akan melupakan ***jasa*** *para pahlawan.* 'Kita ora arep nglalèkaké lelabuhan (jasa) para pahlawan.'
berjasa duwé jasa

jatah *n* jatah; pinta;
Anak itu sudah diberi ***jatah*** *sesuai dengan haknya.* 'Bocah kuwi wis diwènèhi jasa (pinta) padha karo haké.'
penjatahan njatahaké

jatuh *v* **1** tiba; gigol; rigol; ceblok; **2** medhun (reregan lsp); **3** pas (wektu);
Karena tidak hati-hati dalam bersepeda, dia ***jatuh.*** 'Amarga ora ngati-ati anggoné numpak pit, dhèwèké tiba.'
berjatuhan padha tiba;
menjatuhi nibani;

menjatuhkan nibakaké;
terjatuh tiba;
kejatuhan ketiban

jauh *a* adoh, tebih (*K*)
*Rumahnya **jauh** dari sekolah.* 'Omahé adoh saka sekolah.'
berjauhan adoh-adohan;
menjauh ngadoh;
menjauhi ngadohi;
menjauhkan ngadohaké;
kejauhan kadohan;
sejauh adohé

jawab, menjawab *v* njawab; mangsuli; wangsulan;
*Rita dapat **menjawab** semua pertanyaan dengan benar.* 'Rita bisa mangsuli kabèh pitakonan kanthi bener.'
jawaban wangsulan

jaya *a* jaya; hébat; menang;
berjaya jaya; menang;
*Nadin selalu ber**jaya** setiap mengikuti lomba.* 'Nadin tansah menang saben mèlu lelomban.'
kejayaan kamulyan

jejak *n* tapak; tipak;
***Jejak** kaki ini bisa dijadikan bukti pencurian.* 'Tipak sikil iki biso didadhèkaké bukti kemalingan.'
menjejakkan ngidakaké

jejaka *n* jaka; bujang
*Rumah itu dihuni seorang **jejaka** bersama ibunya.* 'Omah iku dipanggoni bujang karo biyungé.'

jejal, berjejal (-jejal) *v* jejel; seksekan; suk-sukan;
*Orang-orang **berjejal-jejal** ingin masuk.* 'Wong-wong suk-sukan péngin mlebu.'
menjejali njejeli;
menjejalkan njejelaké

jelajah, menjelajah *v* jajah; njajah;
*Sejak kecil dia berkeinginan untuk **menjelajah** ke berbagai tempat.* 'Kawit cilik dhèwèké kepéngin njajah ing ngendiendi.'
menjelajahi njajahi;
penjelajahan panjajahan

jelang, menjelang *v* **1** mèh; **2** ngadhepi; **3** tumuju
***Menjelang** lebaran banyak toko memberikan diskon.* 'Ngadhepi bada akèh toko mènèhi potongan rega.'

jelas *a* **1** tetéla; gamblang; cetha; **2** tegas; ora miyar-miyur;
*Guru sedang **menjelaskan** tentang jenis karangan.* 'Guru lagi mratélakaké babagan jinisé karangan.'
menjelaskan mratélakaké; ngandharaké;
memperjelas nggamblangaké;

penjelasan katerangan;
kejelasan kagamblangan

jelek *a* èlèk; ala; asor; nistha;
Tidak jujur itu perbuatan yang sangat ***jelek.*** 'Ora jujur iku tumindak sing èlèk banget.'
menjelekkan ngèlèkaké;
menjelek-jelekan ngala-ala; ngèlèk-èlèk;
terjelek paling ala; paling èlèk

jeli *a* **1** taliti; **2** awas (mata);
Kita harus benar-benar ***jeli*** *ketika membaca soal itu.* 'Awaké dhéwé kudu bener-bener taliti nalika maca soal iku.'
kejelian katalitian

jembatan *n* kreteg;
Untuk memudahkan orang menyeberang sungai itu dibangunlah ***jembatan*** *besi.* 'Kanggo nggampangaké wong nyebrang kali iku digawé kreteg wesi.'
menjembatani nglantaraké

jemput; menjemput *v* pethuk, methuk; papag, mapag
Arya ***menjemput*** *ibunya di stasiun.* 'Arya methuk ibuné ing stasiun.

jemu *a* bosen; jelèh;
Tidak ***jemu*** *aku memandangnya.* 'Ora jelèh aku ndelokaké.'
menjemukan mboseni; njelèhi

jemur, berjemur *v* pépé; pémé; dhédhé;
Berjemur *di pagi hari bagus untuk kesehatan.* 'Dhédhé wayah ésuk apik kanggo kasarasan.'
menjemur mépé, mémé;
terjemur kemémé; kepépé;
jemuran paméméyan;

jenak, sejenak *a* sedhéla
Dia istirahat ***sejenak.*** 'Dhèwèké lèrèn sedhéla.'

jenaka *a* lucu;
Tingkahnya yang ***jenaka*** *membuat orang tertawa.* 'Polahé sing lucu ndadèkaké wong padha ngguyu.'

jendela *n* cendhéla
Tolong bukakan ***jendela*** *itu.* 'Tulung bukakaké cendhéla iku.'

jengkal *n* kilan;
Panjang tali itu dua ***jengkal.*** 'Dawané tali iku rong kilan.'
menjengkali ngilani;
sejengkal sekilan

jenguk, menjenguk *v* **1** inguk; nginguk; **2** niliki
Cuci tanganlah setelah ***menjenguk*** *orang sakit di rumah sakit.* 'Wisuha sabubaré niliki wong lara ing rumah sakit.'

jenis *n* **1** jinis; **2** werna;
berjenis-jenis werna-werna; manékawarna;
sejenis sawerna; sajinis

jenuh *a* jelèh; bosen;
Anak itu sudah mulai ***jenuh*** *berada di tempat ini.* 'Bocah iku wis wiwit bosen ana ing panggonan iki.'

jera *a* jinja; kapok;
Hukuman untuk orang itu dilakukan agar ***jera.*** 'Ukuman kanggo wong kuwi ditindakaké supaya kapok.'
menjerakan ngapokaké

jerat *n* jiret;
Dia memasang ***jerat*** *untuk menangkap hewan itu.* 'Dhèwèké masang jiret kanggo nyekel kéwan iku.'
menjerat ngala; njiret;
terjerat kajiret

jerembap, terjerembap *v* krungkep;
Karena tidak hati-hati ia jatuh ***terjerembap.*** 'Amarga ora ngati-ati dhèwèké tiba krungkep.'

jerit, menjerit *v* njerit;
Tiba-tiba Yuni ***menjerit.*** 'Ujug-ujug Yuni njerit.'
jeritan *n* panjerit

jernih *a* **1** bening; resik (banyu); **2** sumringah (polatan);
Air sungai itu ***jernih.*** 'Banyu kali iku bening.'
menjernihkan 1 mbeningaké (banyu); **2** ngrampungaké (prakara); **3** ngeningaké (pikiran)

jerumus, terjerumus *v* **1** kejlungup; **2** keblasuk; **3** kejeglong
Jangan sampai ***terjerumus*** *di sungai itu.* 'Ojo nganti kejlungup ning kali iku.'

jidat *n* bathuk; palarapan
Orang itu menepuk ***jidat*** *karena ada yang terlupakan.* 'Wong iku nepuk bathuk amarga ana sing klalèn.'

jika *p* yèn; manawa
Jika *rajin belajar, pasti kamu bisa mengerjakan soal ini.* 'Yèn sregep sinau, kowé mesti bisa nggarap soal iki.'

jikalau *p* yèn, manawa
Maaf ***jikalau*** *aku telah berbuat salah.* 'Ngapurané menawa aku wis tumindak salah.'

jilat, menjilat *v* dilat, ndilat
Kucing itu suka ***menjilat*** *badannya.* 'Kucing kuwi seneng ndilat awaké.'

jinak *a* tutut, lulut; cumbu;
Kucing itu sudah ***jinak.*** 'Kucing iku wis cumbu.'
menjinakkan nglulutaké

jinjing, menjinjing *v* cangking, nyangking
*Ibu **menjinjing** barang belanjaannya.* 'Ibu nyangking barang blanjané.'
jinjingan cangkingan

jitu *a* pas, pener
*Tendangannya **jitu.*** 'Tendhangané pas.'

jiwa *n* jiwa; roh; nyawa;
*Dia berkorban **jiwa** dan raga.* 'Dhèwèké ngorbanaké jiwa lan raga.'
berjiwa ana nyawané;
menjiwai ngrasuk

jodoh *n* jodho; cocog;
*Itu sudah menjadi **jodoh**nya.* 'Kuwi wis dadi jodhoné.'
menjodohkan njodhokaké;
penjodohan bab jejodhohan;
sejodoh sejodho

jongkok, berjongkok *v* dhodhok, ndhodhok
*Karena tidak ada kursi, anak-anak banyak yang **jongkok.*** 'Amarga ora ana kursi, bocah-bocah akèh sing ndhodhok.'

[1]**jorok, menjorok** *v* poncol; lonjok; moncol; nglonjok;
menjorokkan moncolaké; nglonjokaké

[2]**jorok** *a* **1** kemproh; reged; kotor; **2** saru;
*Anak itu merapikan kamarnya agar tidak terlihat **jorok.*** 'Bocah iku nata kamaré supaya ora katon kemproh.'
penjorok 1 wong sing seneng saru; **2** pangreged;
kejorokan keregedan

jual *v* dol, dodol, adol;
***Jual** saja sepedamu itu.* 'Dol waé pitmu kuwi.'
menjual adol;
menjualkan ngedolaké;
terjual kedol;
jualan dodolan
jual beli dol-tinuku

jubel, berjubel *v* suk, suksukan; sesek
*Orang-orang **berjubel** saling berebut tempat.* 'Wong-wong suk-sukan padha rebutan enggon.'

judul *n* judhul; irah-irahan (karangan lsp.);
Judul karangan ini sangat baik. 'Judhul karangan iki apik banget.'
berjudul kanthi irah-irahan

juga *adv* uga, semono uga; mengkono uga
*Selain membeli buku bahasa Indonesia dia **juga** membeli kamus.* 'Saliyané tuku buku bahasa Indonesia dhèwèké uga tuku kamus.'

jumlah *n* jumlah; gunggung; akèhé;
***Jumlah** siswa yang ikut lomba ada sepuluh.* 'Akèhé siswa sing mèlu lelomban ana sepuluh.'
berjumlah jumlahé; akèhé;
menjumlah njumlah, nggunggung;
menjumlahkan njumlahaké, nggunggungaké;
sejumlah sejumlah; akèhé

jumpa, berjumpa *v* temu, ketemu; pethuk, kepethuk;
*Senang rasanya bisa **berjumpa** dengan dirimu.* 'Seneng rasané bisa kepethuk karo kowé.'
menjumpai nemoni, methuki;
perjumpaan patemon

K

kabar *n* kabar, warta, pawarta;
*Temanku membawa **kabar** tentang kampung halamannya.* 'Kancaku nggawa pawarta bab désa asalé.'
mengabarkan ngabaraké; martakaké;
mengabari ngabari

kabur *a* blawur, bruwet;
mengaburkan mblawuraké (mblaburaké)
*Kabut itu **mengaburkan** pandangan sopir bus.* 'Pedut iku mbruwetaké pandeleng utawa sesawangan sopir bus.'

kabut *n* pedhut, ampak-ampak
*Pada pagi hari di lereng gunung itu sering muncul **kabut**.* 'Ing wayah ésuk ing èrèng-èrèngan gunung iku asring ana pedhut.'

kaca *n* **1** kaca; **2** pengilon;
***Kaca** mobil itu pecah.* 'Kaca mobil iku pecah.'
berkaca ngaca;
berkaca-kaca kembeng-kembeng;
mengaca ngilo, ngaca

kacamata *n* kacamata, belor, tesmak;
*Kakek membaca koran memakai **kacamata.*** 'Simbah maca koran nganggo tesmak.'
berkacamata nganggo belor; nganggo tesmak

kacau *a* kuwur; kisruh; bingung;
*Hatinya **kacau** mendengar berita duka.* 'Atiné bingung krunggu pawarta lelayu.'
mengacaukan ngisruhaké;
pengacau pengisruh

kadang *adv* kadhang-kadhang, kala-kala, sok-sok;
***Kadang-kadang** ia tidak masuk sekolah karena belum sehat betul.* 'Kadhang-kadhang dhèwèké ora mlebu sekolah sebab durung waras tenan.'
kadang-kadang kadhang-kadhang; kadhang kala; sok-sok;
terkadang kala-kala

kaidah *n* wewaton, pathokan
*Dia sedang belajar **kaidah** bahasa Arab.* 'Dhèwèké lagi sinau wewaton basa Arab.'

kais, mengais *v* cèkèr-cèkèr, cecèkèr
*Ayam itu sedang **mengais** di tempat sampah.* 'Pitik iku lagi cèker ing pawuhan.'

kait *n* **1** gèthèl; **2** gayut;
Ia mengambil mangga dengan ***kait*** *bertangkai.* 'Dhèwèké njupuk pelem nganggo gèthèl sing ana cekelané.'
berkaitan gegayutan;
terkait gegayutan

kala *n* mangsa, wektu, wayah;
Kala *teman-temannya bermaian, Amran asyik membaca buku.* 'Wektu kanca-kancané dolanan, Amir asik maca buku.'
berkala ana wektuné

kalau *p* yèn, manawa;
Kalau *tidak masuk sekolah diwajibkan minta izin.* 'Manawa ora mlebu sekolah diwajibaké njaluk idin.'
kalau-kalau bokmanawa;
kalaupun senajan, senadyan

kalender *n* pananggalan
Hari pasaran hanya ditemukan pada ***kalender*** *Jawa.* 'Dina pasaran mung bisa golèki ana penanggalan Jawa.'

kali *n* kaping, ping, tikel;
Dia sudah dua ***kali*** *datang ke rumahku.* 'Dhèwèké wis kaping pindho teka ing omahku.'
berkali-kali makaping-kaping; bola-bali;
mengalikan ngepingaké;
perkalian ping-pingan;
sekali sepisan, ping pisan

kamar *n* ruwang, senthong
Hasil panennya disimpan di ***kamar*** *belakang.* 'Asilé pepanenan disimpen ana senthong mburi.'

kambuh *n* kumat
Penyakitnya ***kambuh*** *lagi karena tidak mau minum obat.* 'Lelarané kumat manèh sebab ora gelem ngombé obat.'

kami *pron* aku kabèh; aku sakanca
Kami *berasal dari desa.* 'Aku kabèh asalé saka désa.'

kamu *pron* kowé
Saya mencari ***kamu*** *sejak tadi.* 'Aku nggoleki kowé kawit mau.'

kamus *n* bausastra, kamus
Kemarin Adi membeli ***kamus*** *di toko buku.* 'Wingi Adi tuku kamus ing toko buku.'

kanan *n* tengen
Kita makan harus menggukan tangan ***kanan****.* 'Kita mangan kudu nganggo tangan tengen.'

kandung, mengandung *v* ngandhut, meteng, mbobot (*K*);
Kakak sedang ***mengandung*** *anak yang kedua.* 'Mbakyu lagi ngandhut anak sing kaping pindho.'

terkandung kaandhut;
kandungan kandhutan

kapur *n* kapur, gamping;
Di Gunungkidul banyak batu ***kapur.*** 'Ing Gunungkidul akèh watu gamping.'
mengapur nglabur

karakter *n* watak, kalakuwan, tabiat
Karakter *orang itu keras.* 'Watak wong iku atos.'

karena *p* sebab; amarga; merga; lantaran
Amir tidak masuk sekolah ***karena*** *sakit.* 'Amir ora mlebu sekolah amarga lara.'

karib *a* raket; kenthel
Ia sebagai teman ***karib*** *Dodi.* 'Dhèwèké minangga kanca raket Dodi.'

karya *n* karya, riptan, karangan;
Di Bawah Lindungan Kakbah ***karya*** *terkenal Buya Hamka.* 'Di Bawah Lindungan Kakbah riptan kondhang Buya Hamka.'
berkarya makarya

kata *n* tembung, wicara;
Dia berbicara dengan ***kata*** *yang indah.* 'Dhèwèké guneman kanthi tembung sing apik.'
berkata kandha; omong;
berkata-kata cecaturan; kekandhan; omong-omongan;
mengatakan ngandhakaké;
perkataan omongan

katak *n* kodhok
Seperti ***katak*** *dalam tempurung.* 'Kaya kodhok ing njero bathok.'

kawasan *n* wilayah, tlatah
Tempat ini akan dibangun sebagai ***kawasan*** *industri.* 'Papan iki arep didadèkaké kanggo wilayah industri.'

kebal *a* kalis ing lelara;
Anak-anak mendapat imunisasi agar ***kebal*** *terhadap semua penyakit menular.* 'Bocah-bocah olèh imunisasi supaya kalis ing lelara nular.'

kebun *n* kebon;
Di ***kebun*** *itu banyak ditumbuhi rumput.* 'Ing kebon iku akèh thukulané suket.'
berkebun nenandur (ing kebon)

kecoak *n* coro
Kamar yang kotor itu banyak ***kecoak.*** 'Kamar sing reget iku akèh coroné.'

kecuali *p* kajaba, sak liyané
Kami bertiga kakak beradik ***kecuali*** *yang satu ini.* 'Aku kabèh wong telu kakang adhi kajaba sing siji iki.'

kelas *n* klas
Adik saya naik ke ***kelas*** *dua.*

'Adiku munggah nang klas loro.'

keliru *a* kliru, klèru, luput, salah;
Jawabannya ***keliru.*** 'Jawabané klèru.'
kekeliruan kesalahan, kaluputan

kelola, mengelola *v* ngurusi (bebadan lsp); ngendhalèni;
Ia dipercaya ***mengelola*** *perusahaan orang tuanya.* 'Dhèwèké dipercaya ngurusi perusahaané wong tuwané.'
pengelola pangelola;
pengelolaan pangurusan

kelompok *n* klompok; golongan; impunan;
Para siswa yang mengikuti ujian praktik dibagi dalam beberapa ***kelompok.*** 'Murid-murid sing mèlu ujian praktèk didum dadi pirang-pirang klompok.'
berkelompok keklompokan;
mengelompokkan nglompokaké; nggolongaké

kelopak *n* tlakupan;
Kelopak *matanya gatal karena digigit nyamuk.* 'Tlapukan mripaté gatel amarga dicokot lemud.'

kemarau *n* (mangsa) ketiga
Pada musim ***kemarau*** *banyak bunga yang layu.* 'Ing mangsa ketiga akèh tanduran kembang sing alum.'

kemari *v* mrènè
Dia menuju ***kemari.*** 'Dhèwèké (mara) mréné.'

kemarin *n* wingi
Sejak ***kemarin*** *Yati tidak masuk sekolah.* 'Awit wingi Yati ora mlebu sekolah.'

kemudian *n* banjur; tembé mburiné
Ia pulang dari sekolah, ***kemudian*** *membantu ayahnya di toko.* 'Dhèwèké mulih saka sekolah banjur mbiyantu bapak ing toko.'

kendati *p* najan, sanajan, nadyan, sanadyan
Kendati *sakit, ia tetap berangkat ke sekolah.* 'Sanadyan lara, dhèwèké tetep budhal menyang sekolah.'

kening *n* bathuk
Kening *anak itu luka karena terjatuh.* 'Bathuk bocah iku tatu amarga tiba.'

kental *a* kenthel;
Minyak goreng itu menjadi ***kental*** *karena dimasukkan ke kulkas.* 'Lenga gorèng iku dadi kenthel marga dilebokaké ing kulkas.'
mengental ngenthel

kepada *p* marang, kanggo
*Surat itu dialamatkan **kepada** kepala sekolah.* 'Layang iku ditujokaké marang kepala sekolah.'

kepala *n* **1** endhas, sirah (*K*); **2** pimpinan, kepala, pangarep; *Bapak saya menjadi **kepala** sekolah.* 'Bapakku dadi kepala sekolah.'
mengepalai ngepalani, mimpin, ngesuhi

keping, kepingan *n* lèmpèngan
*Ada beberapa **keping** uang kuna yang ditemukan Ali.* 'Ana pirang-pirang lèmpèngan dhuwit kuno sing ditemokaké Ali.'

kera *n* kethèk, munyuk
*Kebun binatang itu memelihara banyak jenis **kera.*** 'Kebon kéwan iku ngingu pirang-pirang jinis munyuk.'

kerak *n* kerak, intip;
*Saya senang makan **kerak**.* 'Aku senang mangan intip.'
berkerak ngerak

kerangka *n* rangka; ragangan
*Ditemukan **kerangka** hewan purba di sepanjang sungai Bengawan Solo.* 'Ditemokaké rangka kéwan kuna ing sadawané kali Bengawan Solo.'

kereta api *n* sepur
***Kereta api** jurusan Surabaya telah diberangkatkan.* 'Sepur jurusan Surabaya wis dibudhalake.'

kering, mengeringkan *v* garing, nggaringaké;
*Mereka **mengeringkan** ikan di tepi pantai untuk dijadikan ikan asin.* 'Dhèwèké nggaringaké iwak ing pinggir kali kanggo gawé gerèh.'
kekeringan kegaringan

kerja *n* kerja, karya; nyambut gawé;
*Dia sekolah sambil **kerja**.* 'Dhèwèké sekolah nyambi kerja.'
bekerja makarya, nyambut gawé

kertas *n* dluwang, dlancang (*K*)
*Dia menulis di **kertas** yang ada di meja.* 'Dhèwèké nulis ing dluwang sing nang méja.'

[1]ketam *n* ani-ani;
Para petani memanen padinya dengan ketam. 'Para tani manèn pariné nganggo ani-ani.'
mengetam ngenèni

[2]ketam *n* pasah;
*Untuk menghaluskan permukaan kayu itu dengan **ketam**.* 'Kanggo ngalusaké rainan kayu nganggo pasah.'
mengetam masah

[3]ketam *n* yuyu
***Ketam** adalah jeneis binatang yang dapat hidup di air dan di darat.* 'Yuyu mujudaké kéwan sing bisa urip ana ing banyu lan entasan.'

ketika *n* wektu, nalika
*Ia datang **ketika** aku tidak ada di rumah.* 'Dhèwèké teka nalika aku ora ana ing omah.'

ketua *n* ketuwa, pangarsa (*K*);
*Anak itu menjadi **ketua** kelas.* 'Bocah iku dadi ketuwa klas.'
mengetuai ngetuwani, ngepalani, mimpin

khatam *v* tamat; rampung
*Dia telah **khatam** Alquran.* 'Dhèwèké wis rampung (maca) Alquran.'

khotbah, berkhotbah *v* sesorah, kutbah
*Ketika **khotbah** dimulai semua jamaah diam.* 'Nalika kutbah wiwit kabèh jamaah meneng.'

khusus *a* mligi, mirunggan
*Ruangan yang bagus itu disediakan **khusus** untuk kamu.* 'Ruwangan kang apik iku dicawisaké mligi kanggo kowé.'

kian *n* sangsaya, saya;
***Kian** lama **kian** bertambah pandai.* 'Saya suwé saya tambah pinter.'
sekian saméné

kias *n* sanépa;
*Orang itu sering berkata dengan disisipi kata-kata **kias**.* 'Wong iku asring ngomong nganggo tembung-tembung sanépa.'
kiasan ibarat

kini *n* saiki
***Kini** sudah banyak gedung bertingkat di daerah yang sepi itu.* 'Saiki wis akèh gedhung tingkat ing dhaèrah kang sepi iku.'

kira, mengira *v* ngira, nyangka, nduga;
Saya mengira orang itu akan datang lagi. 'Aku ngira wong iku arep teka manèh.'
kira-kira kira-kira;
mengira-ira ngira-ira

kiri *n* kiwa
*Jangan gunakan tangan **kiri** ketika makan.* 'Aja nganggo tangan kiwa nalikané maem.'

kode *n* tandha, aba-aba, kodhe
*Setelah mendapat **kode**, dia lantas naik panggung.* 'Sawusé olèh aba-aba, dhèwèké banjur munggah panggung.'

komedi *n* dhagelan
*Banyak orang yang suka **komedi**.* 'Akèh wong sing seneng dhagelan.'

kompak *a* guyub, manunggal, nyawiji
*Kita tetap **kompak** meski sudah tertinggal.* 'Awaké dhéwé tetep guyub sanadyan wis ketinggalan.'

kompetisi *n* tetandhingan; lelomban
***Kompetisi** sepak bola nasional diselenggarakan di Jakarta.* 'Tetandhingan bal-balan nasional dianakaké ing Jakarta.'

kompleks *n* komplèks; klompok
*Ia tinggal di **kompleks** perumahan itu sudah 10 tahun.* 'Dhèwèké mapan ing komplèks perumahan iku wis 10 taun.'

komunikasi *n* sesrawungan; omong-omongan
***Komunikasi** tetap berjalan lancar meskipun berjauhan.* 'Sesrawungan tetep mlaku apik sanajan adoh.'

kontrol *n* pangawasaan; pamriksaan
***Kontrol** perlu dilakukan kepada setiap anak.* 'Pangawasan perlu ditindakaké marang saben-saben bocah.'

koran *n* koran; layang kabar
*Bapak sedang membaca **koran**.* 'Bapak lagi maca layang kabar.'

koreksi, mengoreksi *v* korèksi, ngorèksi, niti priksa
*Pak guru sedang **mengoreksi** hasil ulangan.* 'Pak guru lagi niti priksa kasilé wulangan.'

kosong *a* kothong, kosong, suwung;
*Gudang ini sudah lama **kosong** sehingga banyak sarang laba-laba.* 'Gudhang iki wis suwé kosong saéngga akèh susuh kalamangga.'
mengosongkan ngosongaké

kreatif *a* kreatip; daya ripta
*Murid yang **kreatif** lebih kaya pengalaman.* 'Murid kang kréatip (daya ripta) luwih akèh pengalamané.'

kreativitas *n* pangréka daya
*Murid itu harus mempunyai **kreativitas**.* 'Murid kuwi kudu duwé pangkréka daya.'

kritik *n* kritik, panyaruwé,
*Pak guru mendapat **kritik** dari muridnya.* 'Pak guru éntuk kritik seka muridé.'
mengkritik ngritik

kualitas *n* kwalitèt; mutu
*Murid di sekolah ini tinggi **kualitasnya.*** 'Murid ing sekolah iki dhuwur mutuné.'

kuantitas *n* cacah
***Kuantitas** itu penting, tetapi kualitas lebih penting.* 'Cacah

iku penting, nanging mutu iku luwih penting.'

kuasa *n* **1** kuwasa; kuwaos (*K*); **2** kuwat

*Dia lebih **kuasa** daripada bapak saya.* 'Dhèwèké luwih kuwasa tinimbang bapakku.'

menguasai nguwasani;

penguasa panguwasa;

kekuasaan kakuwasan

kuat *a* kuwat, kiyat (*K*), rosa; kukuh; santosa;

*Meskipun kurus, kuda itu **kuat** menarik delman.* 'Sanadyan kuru, jaran iku kuwat nggèrèd dhélman.'

kekuatan kakuwatan, kekukuhan, kasantosan;

menguatkan nguwataké, ngukuhaké;

penguat pikuwat

kutip, mengutip *v* ngutip, nyuplik; nyathet;

*Ia **mengutip** kalimat dari koran.* 'Dhèwèké ngutip (nyuplik) ukara saka koran.'

kutipan kutipan, cuplikan

kutuk *n* laknat, sumpah;

*Mereka tidak berani berbuat jahat karena takut kena **kutuk.*** 'Dhèwèké ora wani tumindak jahat sebab wedi kena sumpah.'

mengutuk nyumpahi, nglaknat;

terkutuk kasumpah;

kutukan sumpah, laknat

L

laba *n* bathi
*Pedagang buku itu memperoleh **laba** banyak.* 'Bakul buku iku olèh bathi akèh.'

label, melabeli *v* nglabèli, niketi, mèreki
*Dia sedang **melabeli** barang dagangannya.* **'**Dhèwèké lagi nglabèli barang daganané**.'**

laci *n* laci, slorokan
*Ayahku selalu mengunci **laci** mejanya sebelum ke kantor.* 'Bapakku tansah ngunci laci méjané sadurungé menyang kantor.'

ladang *n* ladhang; tegal;
*Sekitar kampungku terdapat **ladang** jagung.* 'Sakiwa tengen désaku akèh tegal jagung.'
berladang negal

lagak *n* tingkah, polah;
***Lagaknya** seperti anak orang kaya.* 'Tingkahé kaya anaké wong sugih.'
berlagak 1 umuk; **2** éthok-éthok; mémba-mémba

lagi *adv* **1** maném; **2** lagi, agi;
*Jangan ribut adik **lagi** tidur.* 'Aja ramé adhik lagi turu.'
lagi-lagi maném-maném;
selagi nalikané, salaginé

lagu *n* **1** lagu; **2** tembang;
*Ia menyanyikan **lagu** perjuangan dan lagu keroncong asli.* 'Dhèwèké nembangaké lagu perjuwangan lan lagu kroncong asli.'
melagukan nembangaké, nyanyèkaké

lahap *a* **1** dhokoh; **2** dremba;
*Sapi itu sangat **lahap** memakan rumput yang hijau.* 'Sapi kuwi dhokoh banget anngoné mangan suket sing ijo.'
melahap mangan

lahir *n* lair, muncul; ana;
*Ahmad **lahir** di Banyumas tahun 2010.* 'Ahmad lair ing Banyumas taun 2010.'
melahirkan nglairaké; munculaké;
terlahir lair; kawetu;
kelahiran kalairan;

lain *a* béda; liya;
*Ia selalu menghargai pendapat orang **lain.*** 'Dhèwèké tansah ngregani panemuné wong liya.'
berlainan béda, kacèk

laju *a* lakuné, playuné;
Mobil balap warna merah itu

lajunya *cepat sekali.* 'Mobil balap werna abang iku playuné cepet banget.'
melaju mlaku banter;

lajur *n* lajur, larikan;
*Lima **lajur** buku-buku baru tersusun rapi di rak itu.* 'Limang lajur buku-buku anyar kasusun rapi ing rak iku.'
berlajur larik-larik

laki, laki-laki *n* lanang, priya, kakung (*K*)
*Murid kelas 2 terdiri atas 20 orang perempuan dan 10 orang **laki-laki.*** 'Siswa kelas 2 kapérang saka wong wadon 20 lan wong lanang 10.'

[1]**laksana** *p* kaya, pindha;
*Wajah anak kembar itu **laksana** pinang dibelah dua.* 'Rai bocah kembar iku kaya jambé sinigar dadi loro.'

[2]**laksana, melaksanakan** *v* nglakokakè, nindakaké;
*Pada hari Senin kita **melaksanakan** upacara bendera.* 'Ing dina Senin kita nindakaké upacara gendéra.'
terlaksana klakon; wis dilakoni;
pelaksana kang nindakaké;
pelaksanaan tumindaké

laku *n* **1** payu; **2** laku, tindak;
*Sepeda yang dijual itu sudah **laku.*** 'Pit (sepédha) sing didol iku wis payu.'
berlaku lumaku;
melakukan nindakaké, ngayahi;
pelaku paraga;
kelakuan kalakuwan

lalai *a* klalèn;
*Ia kecopetan karena **lalai** menjaga barang-barangnya.* 'Dhèwèké kecopétan sebab klalèn njaga barang-barangé.'
melalaikan nglalèkaké

lalat *n* laler
*Di tempat sampah itu banyak **lalat.*** 'Ing pawuhan iku akèh laler.'

lalu *v* liwat, kliwat;
*Sambil **lalu** ia menepuk pundak temannya.* 'Karo liwat dhèwèké nepuk pundhak kancané.'
melalui ngliwati;
terlalui keliwatan;
keterlaluan keliwatan banget

lama *a* **1** suwé; **2** kuno, lawas;
*Sudah **lama** saya menunggu di tempat ini.* 'Wis suwé aku nunggu ing papan iki.'
lama-lama sangsaya suwé, suwé-suwé;
lama-kelamaan suwé-suwé;
selama salawasé; sasuwéné;
kelamaan kesuwèn

lambai, melambaikan *v* ngawé-awé, nglebetaké;
Orang itu memberi aba-aba dengan cara ***melambaikan*** *tangannya.* 'Wong iku mènèhi aba-aba kanthi ngawé-awé.'
melambai-lambai kemlèbèt;
melambai-lambaikan nglèbèt-nglèbètaké;
lambaian lembéyan

lambang *n* lambang; tandha;
Warna merah merupakan ***lambang*** *keberanian.* 'Werna abang mujudaké tandha wani.'
melambangkan minangka lambang

lambat *a* lelet, alon;
Mobil itu berjalannya sangat ***lambat****.* 'Mobil iku mlakuné lelet banget.'
lambat laun suwé-suwé; sangsaya suwé;
terlambat telat

lampau *adv* biyèn, embèn
Pada masa ***lampau*** *tempat ini masih berupa hutan.* 'Ing jaman biyèn papan iki isih wujud alas.'

lampau, melampaui *v* ngliwati; ngluwihi; kléwat;
Jangan bercanda ***melampui*** *batas****.*** 'Aja guyon kléwat wates**.'**
terlampau kebangeten; kliwat

lampu *n* lampu, damar, suluh;
Halaman sekolah kami kelihatan terang karena sudah diberi ***lampu.*** 'Plataran sekolahku katon padhang sebab wis diwènèhi lampu.'
berlampu ana lampuné, nganggo lampu

lamun, melamun *v* ngalamun, nglamun;
Belajarlah dengan rajin, jangan ***melamun*** *saja.* 'Sinaua kanthi sregep, aja ngalamun waé.'
lamunan angen-angen, pangangen-angen

lancar *a* lancar, gangsar, pasih;
Baru berumur lima tahun, tetapi sudah ***lancar*** *membaca****.*** 'Lagi umur limang taun, tapi wis lancar maca.'
melancarkan nglancaraké;

landas, landasan *n* **1** lelandhesan; slemèk; **2** wewaton;
Kardus itu dapat dijadikan ***landasan*** *duduk.* 'Kardus kuwi bisa didadèkaké lelandhesan (slèmèk) lunggguh.'
berlandaskan landhesan

langgan, langganan *v* lengganan, abunemen;
Ayah ***berlangganan*** *surat kabar.* 'Bapak lengganan layang kabar.'
berlangganan lengganan

langkah *n* langkah, jangkah;
Dia masuk dengan ***langkah*** *santai.* 'Dhèwèké mlebu kanthi langkah santé.'
melangkahi nglangkahi; ngliwati;
selangkah sajangkah, satindak

langsing *a* langsing; merit; lencir;
Badan peragawati itu ***langsing,*** 'Awak peragawati iku langsing.'
melangsingkan nglangsiaké

langsung *adv* **1** langsung, terus; **2** sida; banjur
Setelah dari Jakarta para wisatawan itu ***langsung*** *ke Bali.* 'Sawisé saka Jakarta para wisatawan iku terus menyang Bali.'
berlangsung terus lumaku;
melangsungkan nerusaké

lanjut, berlanjut *a* terus, bacut;
Acaranya ***berlanjut*** *hingga pukul 12.00.* 'Acarané terus nganti tekan jam 12.00.'
melanjutkan nerusaké, mbacutaké; nutugaké; ngarampungaké;
lanjutan terusé

lantai *n* jogan, jrambah
Ia bermain di ***lantai*** *yang bersih.* 'Dhèwèké lagi dolanan ing jogan sing resik.'

lantang *a* bantas, sora
Suaranya ***lantang*** *ketika memberi aba-aba kepada pasukannya.* 'Swarané sora (bantas) nalika awèh préntah marang pasukané.'

lantas *adv* terus, langsung, banjur
Lantas *apa yang terjadi setelah peristiwa itu.* 'Terus apa kang kadadéyan sawisé prastawa iku.'

lapang *a* jembar, amba, longgar; bawera
Halaman sekolahnya sangat ***lapang****.* 'Latar sekolahé jembar banget.'
lapangan alun-alun

lapar *a* ngelih, luwé;
Anak itu merasa ***lapar*** *karena berpuasa.* 'Bocah iku ngelih sebab pasa.'
kelaparan kengelihen, keluwén

lapis *n* lapis, sap;
Lapis *tanah yang di bawah itu pasir.* 'Sap lemah kang ngisor iku pasir.'
melapisi nglapisi;
lapisan lapisan, sap-sapan

lapor, melapor *v* lapuran, nglapur;
Dia sudah ***melapor*** *kepada kepala sekolah.* 'Dhèwèké wis

lapuran marang kepala sekolah.'
laporan lapuran;
melaporkan nglapuraké; ngrépotaké

larang, melarang *v* menging, nglarang;
*Ibu **melarang** adik agar jangan bermain layang-layang di jalanan.* 'Ibu menging adhik supaya aja dolanan layangan ing dalan.'
larangan larangan

lari *v* mlayu;
*Anak itu **lari** ketakutan mendengar anjing menggonggong.* 'Bocah iku mlayu kewedèn krungu asu njegog.'
berlari mlayu;
berlari-lari playon

latih, berlatih *v* latihan, gladhèn
*Anak-anak sedang **berlatih** sepak bola.* 'Bocah-bocah lagi gladhèn bal-balan.'
melatih nglatih, ngulinakaké;
latihan latihan

lauk *n* lawuh;
*Hanya dengan **lauk** ikan asin anak itu makan dengan lahap.* 'Mung kanthi lawuh gerèh bocah iku mangan kanthi dhokoh.'
lauk pauk lelawuhan

laut *n* segara, samodra;
*Mata pencaharian masyarakat di sini adalah mencari ikan di **laut.*** 'Pengasilan (panguripan) masyarakat ing kéné yaiku golèk iwak ing segara.'
melaut lelayaran;
lautan samodra

lawak *a* lucu;
*Orang itu suka sekali dengan **lawak**.* 'Wong iku seneng banget karo **lucu**.'
pelawak badhut

lawan *n* mungsuh, satru, lawan;
*Amir memang tidak mempunyai **lawan.*** 'Amir pancèn ora duwé mungsuh.'
melawan nglawan

lawat, melawat *v* **1** lelungan; **2** layat
*Linda akan **melawat** ke Belanda untuk tugas belajar.* 'Linda arep lelungan menyang Walanda kanggo tugas belajar.'

layak *a* pantes, layak;
*Anak yatim itu mendapat santunan yang **layak** dari seorang dermawan.* 'Bocah yatim iku olèh bantuan kang pantes saka salah sawijing darmawan.'
selayaknya sabeciké, sapatuté

layan, melayani *v* nglayani, ngladèni;

*Pak guru **melayani** pertanyaan muridnya dengan baik*. 'Pak guru ngladèni pitakon muridé kanthi apik.'

pelayan paladén, babu

layang, layang-layang *n* layangan;

*Adik saya sedang main **layang-layang** di sawah.* 'Adiku lagi dolanan layangan ing sawah.'

layangan layangan

layu *a* alum

*Bunga mawar itu **layu** karena tidak pernah disiram.* 'Kembang mawar iku alum sebab ora prenah (tau) disiram.'

lazim *a* umum, lumrah

*Sekarang sudah **lazim** wanita menjadi pimpinan.* 'Saiki wis lumrah wanita dadi pangarsa.'

lebar *a* amba, jembar;

*Ruang tamu kantor itu cukup **lebar.*** 'Ruwang tamu kantor iku cukup amba.'

melebar saya amba;

melebarkan ngambakaké, njembaraké

lebat *a* **1** ndadi; mbiyut; **2** kandel; **3** deres

*Pohon jambu di rumahku **lebat** buahnya*. 'Wit jambu ing omahku ndadi wohé.'

lebih *a* **1** luwih, turah;

*Panjang tali itu **lebih** dari 100 m.* 'Dawa tali iku luwih saka 100 m.'

lebih-lebih luwih-luwih;

melebihi ngluwihi;

terlebih luwih-luwih;

kelebihan kaluwihan

lebur *a* lebur, ancur;

*Logam itu **lebur** karena suhu panas yang tinggi sekali.* 'Logam (barang pelikan) iku ancur sebab suhu kang panas banget.'

melebur nglebur;

meleburkan ngluluhaké, ngancuraké

lecet *a* mlècèt

*Ia berjalan pincang karena kakinya **lecet.*** 'Dhèwèké mlaku pincang sebab sikilé mlècèt.'

ledak, meledak *v* njeblug, mbledhos, pecah;

*Adik sangat kaget ketika balonnya **meledak.*** 'Adhik kagèt banget nalika plembungané njeblug.'

meledakkan mbledhosaké, njeblugaké;

ledakan bledhosan, jeblugan

lega *a* lega; marem, senang;

Setelah diterima di sekolah itu

*ia merasa **lega** hatinya.* 'Sawisé ditampa ing sekolah iku dhèwèké marem (lega) atiné.'
melegakan nglegakaké; maremaké

leher *n* gulu, jangga (*Ki*);
***Leher** jerapah itu sangat panjang.* 'Gulu jerapah iku dawa banget.'
leher baju gulon, iker-iker

lejit, melejit *v* mlejit, mlesat
*Setelah juara sains, namanya **melejit**.* 'Sawisé juwara sains, jenengé mlejit (mlesat).'

lekas *adv* énggal, cepet, agé;
*Dia rajin minum obat sehingga sakitnya **lekas** sembuh.* 'Dhèwèké sregep ngombé obat, saéngga larané énggal mari.'
lekas-lekas cepet-cepet, énggal-énggal, agé-agé

lekat, melekat nèmplèk;
melekatkan nèmplèk, kraket, nèmplèkaké;
*Dia **melekatkan** secarik kertas pada botol obat itu.* 'Dhèwèké nèmplèkaké sasuwék dluwang ing gendul (botol) obat iku.

lelah *a* kesel, sayah;
*Ia duduk di bawah pohon yang rindang untuk melepaskan **lelah**.* 'Dhèwèké lungguh ing ngisor wit ngrembaka kanggo ngilangaké kesel.'
melelahkan ngeselaké;
kelelahan kekeselen, kesayahan

lelap *v* pules;
*Orang itu tidurnya **lelap**.* 'Wong kuwi turuné pules.'
terlelap keturon

leleh *v* lèlèh, ajèr;
*Es itu sudah **leleh.*** 'Ès iku wis ajèr (lèlèh).'
meleleh nyuwèr, ndlèdèk

leluasa *a* **1** longgar; **2** bebas, sasenengé
*Ia sangat **leluasa** melakukan apa saja.* 'Dhèwèké bebas nindakaké apa waé.'

lemah *a* lemes, tanpa daya
*Badannya masih **lemah** karena baru sembuh dari sakit.* 'Awaké isih lemes sebab lagi mari larané (bar lara).'

lemak *n* gajih;
*Minyak samin terbuat dari **lemak** unta.* 'Lenga samin digawé saka gajih unta.'
berlemak nggajih

lemas *a* lemes
*Badanya **lemas** karena sakit.* 'Awaké lemes amarga lara.'

lempar, melempari *v* sambit, nyambit; balang, mbalang
*Anak-anak nakal itu **melempar***

anjing dengan batu. 'Bocah-bocah nakal iku mbalang asu nganggo watu.'

lena, terlena *v* ketungkul, klalèn
*Karena **terlena** nonton sepak bola sehingga ia lupa makan.* 'Jalaran ketungkul nonton bal-balan nganti dhèwèké lali mangan.'

lenceng, melenceng *v* mlèncèng
*Tendangan bolanya **melenceng** mengenai tiang gawang.* 'Tendhangan balé mlèncèng ngenani saka gawang.'

lendir *n* yiyit, lendhir
*Ikan lele itu banyak **lendirnya**.* 'Iwak lélé iku akéh yiyité.'

lengah *a* wéya, klalèn;
*Dia sedang **lengah** ketika pencopet itu mengambil dompetnya.* 'Dhèwèké lagi wéya nalika copèt iku njupuk dhompeté.'
terlengah klalèn, ketungkul

lengan *n* lengen
***Lengan** kanannya bengkak karena terjatuh dari motor.* 'Lengen tengené abuh krana tiba saka montor.'

lengang *a* sepi; mamring
*Apabila malam tiba, suasana di desa menjadi **lengang.*** 'Manawa (wis) wengi, swasana ing désa dadi sepi.'

lenggang, melenggang *v* lémbéyan tangan
*Orang itu berjalan dengan **melenggang**.* 'Wong iku mlaku karo lambéyan tangan.'

lengkap *a* pepak; kumplit;
*Anggota dan pengurus **lengkap** menghadiri rapat itu.* 'Anggota lan pengurus kumplit nekani rapat iku.'
melengkapi ngumpliti

lengket *a* kraket; pliket;
*Kue kacang ini **lengket** pada kaleng karena gulanya meleleh.* 'Kué kacang iki kraket ing kalèng sebab gulané ajèr (lèlèh).'

lengkung, melengkung *v* plengkung, mlengkung
*Bentuk jembatan itu **melengkung** seperti pelangi.* 'Wangun utawa bentuk kretek iku mlengkung kaya kluwung.'

lentang, menelentang *v* mlumah, lumah-lumah;
*Anak itu suka tidur **menelentang**.* 'Bocah iku seneng turu mlumah.'
terlentang mlumah

lentik *a* njlirit;
*Bulu mata anak kecil itu panjang dan **lentik.*** 'Idep bocah cilik iku dawa lan njlirit.'
melentik njlirit

lenyap *v* ilang; musna;
Gundukan pasir yang dibuat anak-anak ***lenyap*** *disapu ombak.* 'Gundhukan pasir kang digawé bocah-bocah musnah disapu ombak.'
melenyapkan musnaké

lepas *a* **1** ucul, uwal; **2** *ha* copot, lepas;
Kambingnya yang dikaitkan di bawah pohon itu sudah ***lepas***. 'Wedhusé sing dicancang ing (ngisor) wit iku wis ucul.'
melepaskan ngeculaké, nyopotaké;
terlepas ucul, uwal

lereng *n* pèrèng, bambing
Lereng *gunung itu sangat curam.* 'Pereng gunung iku njuleg banget.'

letak *n* dunung, papan, panggonan;
Di mana ***letak*** *sekolah itu?* 'Ana ing ngendi papané sekolahan iku?'
meletakkan mapanaké, nyèlèhké, ndokokaké;
terletak mapan, dumunung

letih *a* kesel, sayah;
Badannya ***letih*** *setelah berjalan kaki selama satu jam.* 'Awaké sayah sawisé mlaku suwéné sak jam.'
keletihan kekeselen, kesayahan

letus, meletus *v* njeblug, mbledhos;
Ban mobil itu ***metetus***. 'Ban mobil iku mbledhos.'
letusan jeblugan, bledhosan

lezat *a* lezat, énak; mirasa
Roti buatan ibunya ***lezat*** *sekali.* 'Roti gawéan ibuné énak banget.'

liang *n* lèng, rong, bolongan
Ular itu masuk ke ***liang*** *di bawah pohon.* 'Ula iku mlebu lèng ing ngisor kayu.'

liar *a* alasan
Di daerah hutan itu terdapat kuda ***liar.*** 'Ing wilayah alas iku ana jaran alasan.'

libur *n* libur, prèi;
Anak sekolah ***libur*** *lima hari.* 'Bocah sekolah libur limang dino.'
berlibur prèèn;
meliburkan ngliburaké, mrèèkaké;
liburan prèèn, liburan

licik *a* urik, licik
Anak yang ***licik*** *tidak punya teman.* 'Bocak sing urik ora duwé kanca.'

licin *a* **1** lunyu; **2** alus;
Mahmud terpeleset ketika melalui jalan yang ***licin*** *itu.* 'Mahmud keplèsèt nalika liwat dalan kang lunyu iku.'
melicinkan nglunyokaké

lidah *n* ilat, lidah (*K*)
Anjing itu berjalan sambil menjulurkan ***lidah.*** 'Asu iku mlaku karo ngetokaké ilat.'

lidi *n* sada
Kegunaan ***lidi*** *banyak sekali, antara lain, untuk dibuat sapu dan keranjang.* 'Mumpangaté sada akèh banget, kayata, digawé (kanggo) sapu lan kranjang.'

lihai *a* pinter, trampil;
Orang itu ***lihai*** *sekali mengendarai sepeda.* 'Wong iku trampil banget numpaki sepédha.'
kelihaian kapinteran; kaprigelan

lihat, melihat *v* nonton; ndeleng; ndelok;
Mereka pergi ***melihat*** *buku-buku baru di toko itu.* 'Dhèwèké kabèh nonton buku-buku anyar ing toko iku.'
melihat-lihat ndeleng-ndeleng;
memperlihatkan nuduhaké; ngétokaké; mamèraké;
terlihat kétok, katon;

lilit, melilit *v* nggubet; mlilit;
Ia melihat seekor ular ***melilit*** *di dahan pohon mangga.* 'Dhèwèkén weruh ula nggubet ing pang wit pelem.'
melilitkan nggubetaké

limit *n* wates; entèk
Waktunya sudah ***limit.*** 'Wektuné wis entèk.'

limpah, melimpah *v* lubèr, mlubèr, mblèbèr, mbludak;
Air di dalam bak itu sampai ***melimpah.*** 'Banyu ing jeron bak iku nganti mbludak (metu).'
melimpah-limpah mblèbèr-mblèbèr;
melimpahkan nglubèraké, nganugrahi

linang, berlinang-(linang) *v* mbrebes mili, nètès dlèwèran
Air matanya ***berlinang*** *membasahi pipinya.* 'Luhé nètès dlèwèran nelesi pipiné.'

lincah *a* trengginas, cekatan
Anak kecil ini ***lincah*** *dan sehat.* 'Bocah cilik iki trengginas lan sehat.'

lindas, melindas *v* lindhes, mlindhes; nggiles
Truk itu ***melindas*** *tumpukan kayu di jalan.* 'Trek iku mlindhes tumpukan kayu ing dalan.'

lindung, berlindung *v* **1** ngéyub; **2** ngayom;
Ketika hujan Any ***berlindung*** *di bawah pohon ringin.* 'Nalika udan Any ngéyub ning ngisor wit ringin.'

melindungi 1 ngéyubi; **2** ngayomi;
terlindung kayoman

lintang, melintang *v* malang
Ada pohon roboh ***melintang*** *di jalan.* 'Ana wit rubuh malang nang dalan.'

liur *n* iler;
Liur *anjing itu menyijikkan.* 'Iler asu kuwi njelèhi.'
berliur ngiler

lokasi *n* panggonan, papan;
Panitia sudah menyiapkan ***lokasi*** *lomba.* 'Panitiya wis nyawisaké (nyedhiyakaké) papan.'
berlokasi manggon, papané

lolos *v* ucul, owal;
Burung itu ***lolos*** *dari terkaman kucing.* 'Manuk kuwi owal saka tahanan (kunjara).'
meloloskan nguculaké, mbébasaké

lomba *n* lelomban, sayembara;
Dia mengikuti ***lomba*** *lari yang diadakan di sekolahnya.* 'Dhèwèké mèlu sayembara mlayu kang dianakaké ing sekolahé.'
perlombaan lelomban

lompat, **melompat** *v* mlumpat;
Andy bisa ***melompat*** *tiga meter.* 'Andy bisa mlumpat telung meter.'
lompatan lumpatan

loncat, meloncat *v* mluncat;
Kucing itu ***meloncat*** *dari meja.* 'Kucing kuwi mluncat saka méja.'
berloncatan mluncat-mluncat

longgar *a* lega; longgar; sela;
Baju ini enak dipakainya karena cukup ***longgar.*** 'Klambi iki kepénak dianggo sebab cukup longgar.'
melonggarkan nglonggaraké

luap, meluap *v* lubèr, mbludag;
Air sungai di kota ***meluap*** *karena hujan lebat.* 'Banyu kali ing kutha mbludag sebab udan deres.'
luapan lubèran

luar *n* njaba
Ia berdiri di ***luar*** *rumah menunggu temannya yang akan datang.* 'Dhèwèké ngadeg ing njaba omah nunggu kancané sing arep teka.'

luas *a* jembar, amba;
Di belakang rumahnya terdapat halaman yang ***luas.*** 'Ing buri omahé ana plataran kang amba.'
meluas saya amba, saya jembar

lubang *n* bolongan; jugangan; jeglongan;

*Di **lubang** itulah ia menanam pohon mangga.* 'Ing jugangan iku dhèwèké nandur wit pelem.'

berlubang bolong, njeglong; **melubangi** mbolongi

ludah, meludah *v* idu;

Anak-anak tidak boleh meludah di sembarang tempat. 'Bocah-bocah ora oléh idu ing sa-mubarang panggonan.'

meludahi ngidoni

luka *n* tatu;

*Kakinya **luka** ketika terjatuh dari sepeda.* 'Sikilé tatu nalika tiba saka sepédha.'

lukis, melukis *v* nggambar, nglukis;

*Adiknya selalu menjuarai lomba **melukis**.* 'Adhiné tansah juwara lomba nglukis.'

melukiskan nggambaraké; **lukisan** gambaran

lumpur *n* lendhut, blethok;

*Ketika banjir sungai itu **lumpur-nya** meluap.* 'Nalika banjir, kali iku lendhuté mbludag.'

berlumpur lendhuten

lunak *a* empuk;

*Agar menjadi **lunak** daging itu harus direbus agak lama.* 'Supaya dadi empuk daging iku kudu digodhog rada suwé.'

melunakkan ngempukaké

lunas *a* lunas, sah;

*Utangnya kepadaku **lunas** bulan ini.* 'Utangé marang aku sah sasi iki.'

melunasi ngesahi, nglunasi

lupa *v* lali

*Dia **lupa** mengunci pintu ketika keluar rumah.* 'Dhèwèké lali ngunci lawang nalika metu ngomah.'

lurus *a* lempeng, lenceng

*Jalan di samping rumahnya **lurus** tanpa belokan.* 'Dalan nang sandingé omahé lempeng tanpa énggok-énggokan'.

lusa *n* sesuk, embèn

***Lusa** neneknya akan datang ke rumahnya.* 'Sésuk éyangé arep rawuh menyang omah-ku.'

lusuh *a* kumel, lungset

*Dengan baju yang **lusuh** pengemis itu meminta-minta kepada orang yang ditemui.* 'Nganggo klambi kumel wong ngemis njaluk-njaluk marang wong kang ditemoni.'

lutut *n* dhengkul

*Anak itu sakit di bagian **lutut** karena jatuh.* 'Bocak iku lara ing bagian dhengkulé amarga tiba.'

M

maaf *n* apura, ngapura, pangapura, pangapunten (*K*)
*Jika merasa salah segera minta **maaf**.* 'Manawa krasa salah énggal njaluk ngapura'.
bermaaf-maafan apura ing apuran; ngapuran-ngapuranan
memaafkan ngapura, ngampuni;
maaf-memaafkan apura-ingapuran

mabuk *v* mendem; puyeng;
*Orang itu **mabuk** karena kebanyakan makan gadung.* 'Wong iku puyeng merga kakèhan mangan gadhung'.
memabukkan muyengaké

macam *n* jinis, werna
*Ada tiga **macam** barang yang dibutuhkan.* 'Ana telung werna barang sing diperlokaké.'
macam-macam werna-werna;
bermacam-macam manéka werna, werna-werna;
semacam sawerna; sajinis

mahal *a* larang
*Sekarang harga buku tidak **mahal**.* 'Saiki rega buku ora larang.'

mahir *a* pinter, trampil;
*Dia sudah **mahir** bermain piano.* 'Dhèwèké wis trampil main piano'
kemahiran kapinteran; katrampilan

main *v* main, dolan;
*Anak itu kerjanya hanya **main** saja.* 'Bocah iku gawéané mung dolan waé.'
bermain dolanan;
bermain-main dolanan;
memainkan mainaké;
pemain paraga;
permainan mainan, dolanan

majalah *n* majalah, kalawarta, kalawarti
*Ahmad sedang membaca **majalah**.* 'Ahmad lagi maca majalah.'

maju *a* maju, mangarep;
*Murid itu **maju** untuk membacakan sajak.* 'Murid iku maju saperlu macakaké sajak.'
memajukan ngajokaké;
kemajuan kamajuan

maka *p* mulané, mula
*Toni sakit **maka** ia tidak masuk sekolah.* 'Toni lara mula dhèwèké ora mlebu sekolah.'

makam *n* makam, kuburan, jaratan;
Murid-murid mengantarkan jenazah teman sekelasnya ke ***makam.*** 'Murid-murid ngeteraké jenazah kanca kelasé menyang kuburan.'
memakamkan ngubur, nyarèkaké (*K*);
pemakaman kuburan, jaratan

makan *v* **1** madhang, nedha (*K*), dahar (*Ki*); mangan;
Nenek ***makan*** *pisang goreng.* 'Simbah/éyang dahar pisang gorèng.'
makan-makan mangan-mangan; pista; andrawina;
memakan mangan;
makanan pangan, panganan

makhluk *n* makluk, titah
Manusia adalah ***makhluk*** *berakal budi.* 'Manungsa yaiku titah nduweni akal budi'.

maki *v* pisuh, misuhi;
Jangan engkau ***maki*** *pengemis itu.* 'Aja kok pisuhi wong ngemis iku.'
maki-maki misuh-misuh, misuhi; ngunèk-unèké;
memaki misuhi, muni-muni;
makian pisuhan

makin *adv* saya; sangsaya, tansaya
Anak kecil itu terlihat ***makin*** *gemuk.* 'Bocah cilik iku katon sangsaya lemu.'

makna *n* makna, teges, arti;
Setiap kata mempunyai ***makna.*** 'Saben-saben tembung nduwèni teges.'
bermakna tegesé, artiné;
memaknai negesi, ngartèni

maksimal *a* maksimal, paling akèh
Satu kelas ***maksimal*** *30 siswa.* 'Sakelas paling akèh 30 siswa.'

maksimum *n* saakèh-akèhé
Satu bus dinaiki ***maksimum*** *25 siswa.* 'Sabis ditumpangi saakèh-akèhé murid selawé.'

maksud *n* maksud, arti, teges;
Mereka datang ke desa itu dengan ***maksud*** *baik.* 'Dhèwèké teka ing désa iku kanthi maksud apik';
bermaksud maksudé; karepé; tegesé

maktub, termaktub *v* katulis, sinerat
Ketentuan itu ***termaktub*** *dalam undang-undang.* 'Katentuan itu katulis ana ing undang-undang'

malam *n* wengi (bengi), dalu (*K*);
Kemarin saya belajar sampai ***malam.*** 'Wingi aku sinau

nganti wengi.'
bermalam nginep;
kemalaman kawengèn;
semalam 1 sawengi; **2** mau bengi

[1]malang *a* **1** cilaka; **2** rekasa
Anak itu malang hidupnya. 'Bocah iku sangsara uripé.'

[2]malang *a* alang, malang; sladhang;
*Kayu itu dipasang **malang** agar dapat digunakan sebagai jembatan.* 'Kayu kuwi dialangaké supaya bisa kanggo nguwot.'
memalangi malangi

malapetaka *n* musibah, kasangsaran, kacilakan
*Jika kita mendapat **malapetaka** harus bersabar.* 'Menawa kita kena musibah kudu sabar.'

malas *a* kesèd, males, wegahan:
*Engkau jangan menjadi anak yang **malas!*** 'Kowé aja dadi bocah sing kesèd.'
bermalas-malasan wegah-wegahan, males-malesan;
pemalas kesèdan, wong kesèd

malu *a* isin, lingsem (*Ki*)
*Adik merasa **malu** karena tidak naik kelas.*' Adhik ngrasa isin marga ora munggah anggoné sekolah.'
malu-malu isin-isin, rada isin;
memalukan ngisin-ngisinaké;
pemalu isinan, clingus

mampu *a* bisa, saguh, kuwat;
*Ia tidak **mampu** membayar biaya sekolah anaknya.* 'Dhèwèké ora saguh mbayar béa sekolah anaké.'
berkemampuan duwé kabisan;
kemampuan kasaguhan, kabisan, kakuwatan;
semampunya sabisané, sakuwaté

mana *pro* endi, ing ngendi
*Sepeda **mana** yang akan dijual?* 'Pit endi sing arep diedol?'

manakala *adv* lamun, yèn, menawa
*Teman saya pura-pura tidak mendengar **manakala** dipanggil pak guru.* 'Kancaku ethok-ethok ora bisa krungu menawa diundang pak guru.'

manalagi *p* endi manèh
*Baju **manalagi** yang kau inginkan?* 'Klambi endi manèh sing ndak pengini?'

mancanegara *n* manca nagara, luwar negeri, negara liya
*Barang itu berasal dari **mancanegara.*** 'Barang iku asalé saka luwar negeri.'

mancung *a* mbangir
*Hidung teman saya sangat **mancung.*** 'Irungé kancaku mbangir banget.'

mandi *v* adus, siram (*K*);
*Ia sedang **mandi** ketika saya datang ke rumahnya.* 'Dhèwèké lagi adus nalika aku teka menyang omahé.'
memandikan ngedusi;
pemandian padusan

manfaat *n* mumpangat, manpangat, piguna;
*Alat-alat pertanian itu banyak **manfaatnya** bagi para petan*i. 'Piranti tetanèn iku akèh mumpangaté kanggo para tani.'
bermanfaat ana manpangaté;
memanfaatkan manpangataké; nggunakaké;
pemanfaatan carané manpangataké

manis *a* **1** legi; **2** élok, éndah;
*Kue itu rasanya **manis.*** 'Roti iku rasané legi.'
kemanisan kelegèn

manja *a* kadingalem, ugungan
*Walaupun anak bungsu, ia tidak **manja.*** 'Sanadyan bocah ragil, dhèwèké ora ugungan.'
bermanja-manja kadingalem marang;
memanjakan ngugungaké

manjur *a* manjur, mandi, mujarab
*Obat itu sangat **manjur.*** 'Obat kuwi mandi banget.'

mantan *n* manten, bekas, tilas
*Orang itu **mantan** lurah desa saya.* 'Wong iku mantan lurah désa.'

mantap *a* mantep, ajeg;
*Dia bicara dengan suara yang **mantap** di depan para guru* "Dhèwèké omong kanthi suwara sing mantep nalika ing ngarepé para guru.'
memantapkan ngajegaké, mantepaké;
pemantapan mantepaké, ngajegaké;
kemantapan kamantepan

mantra *n* mantra, japa;
*Sang dukun itu sedang memberi **matra** kepada pasien.* 'Si dhukun iku lagi mènèhi mantra marang pasien.'
memantrai mantrani, njapani

manusia *n* manungsa;
*Kita adalah hanyalah **manusia** biasa.* 'Awaké dhéwé iku mung manungsa biyasa.'
memanusiakan nguwongaké;
kemanusiaan kamanungsan

manusiawi *a* sipat kamanungsan
Perkara itu temasuk masalah

*yang **manusiawi.*** 'Prakara kuwi kalebu masalah asipat kamanungsan.'

marah *a* nesu, duka (*Ki)*
*Dia **marah** mendengar makian itu*. Dhèwèké nesu krungu pisuhan iku.'
marah-marah nesu-nesu;
memarahi nesoni;
pemarah neson

mari *adv* ayo; mangga (*K*)
***Mari,** saya antar ke rumahmu.* 'Ayo, tak teraké nang ngomahmu.'

masa *n* wektu, mangsa;
*Lagu itu terkenal di sepanjang **masa***. 'Lagu kuwi misuwur ing wektu sing suwé.'
semasa rikala, nalika, samangsa

[1]**masak** *a* mateng, mangsak
*Ibu melarang saya memetik mangga yang belum **masak.*** 'Ibu menging aku methik pelem sing durung mateng.'

[2]**masak** *v* mangsak, olah-olah;
*Bibi sedang **masak** gulai di dapur*. 'Bibi lagi mangsak gulé ing pawon.'
memasak mangsak;
memasakkan mangsakaké;
masakan mangsakan, olahan

masalah *n* masalah, soal; bab;
*Mereka sedang membicarakan **masalah** berkebun di halaman sekolah.* 'Dhèwèké lagi ngrembug soal nggawé kebun di pekarangan sekolah.'
memasalahkan masalahaké, nyoalaké;
mempermasalahkan ndadèkaké masalah

masam *a* kecut;
*Mangga itu rasanya **masam** karena masih muda.* 'Pelem iku rasané kecut marga isih enom.'

masih *adv* isih;
*Barangnya **masih** tersimpan di gudang sekolah.* 'Barangé isih disimpen ing gudhang sekolah.'

masing-masing *pron* dhéwé-dhéwé:
*Keempat sahabat itu kembali ke rumahnya **masing-masing.*** 'Kanca papat iku bali menyang omahé dhéwé-dhéwé.'

maslahat *n* paédah, piguna;
*Perbaikan jalan itu membawa **maslakat** kepada masyarakat.* 'Dandan-dandan dalan iku nggawa paédah kanggo masyarakat.'
kemaslahatan piguna; manpangat

masuk *v* **1** mlebu: **2** kagolong, klebu:
*Ibu **masuk** ke kamar adik.* 'Ibu mlebu menyang kamaré adhiku';
memasuki ngleboni;
memasukkan nglebokaké;
termasuk 1 klebu; **2** kagolong;
kemasukan klebon

masyarakat *n* masyarakat, bebrayan agung;
*Para pendidik itu termasuk ke dalam golongan **masyarakat** terpelajar.* 'Para pendhidhik iku kalebu golongan masarakat terpelajar (pinter)'

bermasyarakat srawung ing masyarakat;
memasyarakatkan masyarakataké;
kemasyarakatan bab masyarakat

masyhur *a* kondhang, misuwur, kawentar;
*Candi Borobudur sangat **masyhur** di luar negeri.*'Candhi Borobudur kondhang banget ing manca negara.'
memasyhurkan misuwurake, ngondhangaké;
termasyhur kondhang;
kemasyhuran kondhangé

mata *n* mripat; mata; netra (*K*);
***Mata** anak itu sangat tajam sehingga dapat melihat benda-benda kecil.* 'Mipraté bocah iku awas banget mula bisa weruh barang-barang sing cilik.
bermata ana mripaté; duwé mripat;
semata-mata mung, mlulu

matahari *n* srengéngé
*Setiap pagi **matahari** terbit dari timur.* 'Saben ésuk srengéngé njedhul ing arah wétan.'

matang *a* mateng;
*Buah mangga ini manis sekali karena **matang** di pohon.* 'Woh pelem iku legi banget marga mateng ing uwit.'
mematangkan matengaké;
kematangan kematengen

mati *adv* mati, pejah (*K*), séda (*Ki*);
*Burung itu **mati** karena diterkam kucing.* 'Manuk kuwi mati amarga ditubruk kucing.'
mematikan matèni; matèkaké;
mati-matian mati-matian; tenanan;
kematian kepatèn, kesripahan

mau *adv* gelem, bakal, pingin;
*Ia **mau** datang kalau dijemput.* 'Dhèwèké gelem teka yèn dipethuk.'
kemauan pepinginan

maupun *p* uga
Baik hujan ***maupun*** *panas, Ali tetap berangkat sekolah.* 'Kanan udan uga panas, Ali tetep mangkat sekolah.'

medan *n* medhan, papan, wilayah
Walaupun ***medannya*** *naik turun, Ali bisa naik sepeda.* 'Sanadyan wilayahé munggah medhun, Ali bisa nunggang pit.'

megah *a* njenggereng, ngengreng;
Rumahnya sangat besar dan ***megah****.* 'Omahé gedhé banget tur ngengreng.'

mekar *v* megar, mekrok;
Bunga melati itu ***mekar.*** 'Kembang mlathi iku megar.'
memekarkan ngegaraké

melulu *adv* mung, gur
Setiap hari lauknya tempe ***melulu.*** 'Saben dina lawuhé mung témpé.'

memang *adv* pancèn, sabeneré:
Memang *pendapatmu yang benar.* 'Pancèn panemumu sing bener.'

mempelai *n* pengantèn.
Mempelai *putri sangat cantik.*' Penganten putriné ayu banget.'

menantu *n* mantu:
Pak Amir dapat ***menantu*** *dari Bantul.* 'Pak Amir éntuk mantu seka Bantul.'
bermenantukan duwé mantu

mengapa *pron* ngapa, généa
Mengapa *ia tidak masuk?* 'Ngapa dhèwèké ora mlebu?'

mengerti *v* ngerti, mangertèni; paham
Orang itu tidak ***mengerti*** *bahwa anaknya telah pergi.* 'Wong kuwi ora ngerti menawa anaké wis lunga.'

[1]mental *v* mbalik
Bola itu mental setelah membentur tembok. 'Bal kuwi mbalik sawisé mbentur témbok.'

[2]mental *n* méntal; wewatekan;
Setiap murid harus mempunyai mental yang kuat. 'Saben murid kudu duwé wewatekan sing kuwat.'
mental baja méntal waja

merah *a* abang;
Anak itu memakai baju berwarna ***merah.*** 'Bocah iku nganggo klambi werna abang.'
memerah dadi abang;
memerahkan ngabangaké;
kemerah-merahan semu abang

merana *a* nelangsa
*Hatinya **merana** semenjak kepergian temannya.* 'Atiné nelangsa wiwit ditinggal kancané.'

mereka *pron* dhèwèké kabèh:
***Mereka** pergi ke toko buku.* 'Dhèwèké kabèh lunga menyang toko buku.'

meriah *a* regeng; ramé
*Pesta itu **meriah** sekali.* 'Pista iku regeng banget.'

mertua *n* mara tuwa, mertuwa
*Orang itu sebagai **mertua** kakak saya.* 'Wong kuwi dadi mara tuwa kangmasku.'

meski, meskipun *p* sanadyan, sanajan, nadyan; arepa
***Meski** sakit, ia berangkat ke sekolah.* 'Sanadyan lara, dhèwèké mangkat sekolah.'

mewah *a* méwah; élok, éndah
*Bapak menginap di hotel yang **mewah.*** 'Bapak nginep nang hotèl sing méwah.'

milik *n* darbèk; duwèké;
*Buku itu **milik** Ani.*'Buku iku duwèké Ani'
memiliki ndarbèki; nduwé;
pemilik sing darbé (duwé)

mimpi *n* ngimpi
bermimpi ngimpi;
*Semalam ia **bermimpi** dikejar orang gila.* 'Mau bengi dhèwèké ngimpi dioyak wong édan.'
memimpikan ngimpèkaké

minat *n* kekarepan; krenteg;
***Minatnya** pada olahraga besar sekali.* 'Kekarepané marang olahraga gedhé banget.'
berminat duwé kekarepan; duwé krenteg

minder *a* cilik ati
*Jangan merasa **minder** jika bertemu orang kota.* 'Aja ngrasa cilik ati nalika ketemu wong kuta.'

minimal *a* sathithik-thithiké; sakurang-kurangé;
*Untuk masuk SD disyaratkan **minimal** berumur enam tahun.* 'Kanggo mlebu SD saradé sakurang-kurangé umur nem taun.'

minimum *n* paling cilik; paling cendhèk
*Perusahaan itu menetapkan upah **minimum** bagi karyawannya.* 'Perusahaan iku netepaké opah paling endhèk kanggo karyawané.'

minta *v* njaluk;
*Gadis kecil itu merengek-rengek **minta** dibelikan boneka.* 'Kenya cilik iku ngedrèl njaluk terus-terusan ditukokaké bonéka.'

permintaan panyuwun; panjaluk

minum *v* ngombé, ngunjuk (*K*);
*Setiap pagi adik **minum** susu.* 'Saben ésuk adhiku ngombé susu.'
minuman ombèn-ombèn

minyak *n* lenga;
*Adik disuruh Ibu membelikan **minyak**.* 'Adhik dikonkon Ibu tuku lenga.'

minyak tanah lenga patra;
berminyak nglenga

mirip *a* mirib; mèmper
*Wajah kedua anak kembar itu **mirip** sekali.* 'Rupané bocah (loro) kembar iku rupané mèmper banget.'

misal *n* umpama;
*Banyak barang yang dijual di koperasi sekolah, **misal**nya buku tulis, pensil, dan mistar.* 'Akèh barang sing didol ing koprasi sekolah, umpamané buku tulis, potlot, lan garisan.'
memisalkan ngumpamakaké;
semisal saupama

miskin *a* mlarat, kesrakat;
*Para mahasiswa melakukan kegiatan membantu orang-orang **miskin.*** 'Para mahasiswa nindakaké pagawéyan mbantu wong-wong kesrakat (mlarat).'
kemiskinan kemlaratan

mitra *n* mitra, kanca; sahabat
*Sebagai **mitra** dagang kita harus jujur.* 'Minangka mitra dagang kita kudu jujur.'

modal *n* modhal, kapital
Koperasi Sejahtera mempunyai modal yang banyak. 'Koprasi Sejahtera duwé kapital sing akèh.'

moga, moga-moga *adv* muga-muga, mugi-mugi (*K*);
***Moga-moga** ia cepat sembuh .* 'Muga-muga dhèwèké cepet mari.'
semoga muga-muga, mugi-mugi (*K*)

mogok *a* macet
*Mobil Amir **mogok** di tengah jalan.* 'Mobil Amir macet ing tengah dalan.'

mohon *v* njaluk, nyuwun;
*Ia **mohon** agar diberi keringanan uang SPP.* 'Dhèwèké njaluk supaya diwènèhi pangènthèng-ènthèng dhuwit SPP.'
memohon nyuwun, nyenyuwun;
permohonan panjaluk, panyuwun

mondar-mandir *v* wira-wiri
*Anak itu **mondar-mandir** di depan sekolahan.* 'Bocah kuwi wira-wiri nang ngarep sekolahan.'

moral n moral; wewatekan
*Pendidikan **moral** sudah dimulai sejak dini.* 'Pendhidhikan wewatekan wis diwiwiti seka awal.'

mual *a* mungkug-mungkug; muneg-muneg;
*Karena masuk angin, Yani terasa **mual**.* 'Krana masuk angina, Yani krasa muneg-muneg.'

muat *v* ngemot; kamot;
*Bus itu **muat** lima puluh orang.* 'Bus iku ngemot wong seket.'
memuat ngemot;
bermuatan diemoti;
memuatkan momotaké;
muatan momotan

mubazir *a* mubadir, muspra
*Banyak makanan yang disediakan **mubazir**.* 'Akèh pangan sing disedhiyakaké muspra.'

muda *a* enom;
*Bapaknya masih **muda**.* 'Bapaké isih enom.'
muda-mudi nom-noman;
termuda enom dhéwé:
pemuda pemudha; nom-noman

[1]mudah *a* gampang, mayar;
Tarian muda-mudi itu mudah. 'Tarian mudha-mudhi iku gampang.'
memudahkan nggampangaké

[2]mudah, mudah-mudahan *adv* muga-muga, mugi-mugi (*K*)
***Mudah-mudahan** hari ini tidak hujan.* 'Muga-muga dina iki ora udan.'

mujarab *a* manjur, mandi
*Obat tradisional itu sangat **mujarab**.* 'Obat tradhisioanl kuwi mandi banget.'

muka *a* praupan; pasuryan; rai;
***Mukanya** mirip sekali dengan ibunya.* 'Rainé mirib banget karo ibuné.'
bermuka nganggo rai; ana rainé;
pemuka pemimpin

mukim, bermukim *v* mapan, manggon; dedunung;
*Ayah saya pernah **bermukim** di Kalimantan.* 'Bapakku tau mapan ana ing Kalimantan.'
memukimkan mapanaké, manggonaké;
permukiman pepanggonan

mula, bermula *v* wiwitan, wiwitané; mula bukané; awal mulané;
*Peristiwa itu **bermula** dari pertengkaran kecil saja.* 'Prastawa

itu wiwitané mung padudon waé.'

permulaan awal mulané; mula bukané;

pemula kang kawitan; kang sepisanan

mulia *a* mulya;

Ia dipandang oleh rakyat sebagai orang yang ***mulia.*** 'Dhèwèké dianggep dening rakyat minangka wong sing mulya.'

memuliakan mulyakaké;

kemuliaan kamulyan

mulut *n* cangkem; tutuk (*K*);

Ia tidak mau bicara karena ***mulutnya*** *terkena sariawan.* 'Dhèwèké ora bisa ngomong sebab tutuké lara sariawan.'

muncul *v* nyembul; menthungul; mencungul;

Tiba-tiba binatang itu ***muncul*** *dari air.* 'Ujug-ujug kéwan iku menthungul saka banyu.'

memunculkan menthungulaké; mencungulaké;

bermunculan pating pencengul

mungkin *adv* sajaké, ayaké, bokmenawa;

Dia keluar ***mungkin*** *membeli makanan.* 'Dhèwèké metu bokmanawa tuku panganan.'

kemungkinan mbok menawa

muram *a* mrengut; besengut

Wajahnya tetap ***muram*** *walaupun sudah dihibur oleh temannya.* 'Praèné tetep besengut sanadyan wis dihibur kancané.'

murka *v* nesu, duka (*K*)

Dia sangat ***murka*** *ketika hatinya tersinggung.* 'Dhèwèké nesu banget nalika atiné kesinggung.'

kemurkaan kanepson; kadukan

murni *a* tulèn; asli;

Cincin ini terbuat dari emas ***murni.*** 'Ali-ali iki digawé saka emas asli.'

musibah *n* musibah; kacilakan; alangan

Ia mengalami ***musibah*** *yang berat.* 'Dhèwèké ngalami musibah sing abot.'

musim *n* mangsa; wektu; wayah;

Pada ***musim*** *hujan banyak nyamuk.* 'Ing mangsa udan akèh lemut.'

musiman mangsan

musnah *v* musna; ilang; lebur

Ikan yang di kolam itu ***musnah*** *dilanda banjir.* 'Iwak sing nang kolam iku musna diterjang banjir.'

memusnahkan musnakaké; ngilangaké

mustahil *a* nglengkara, mokal, sengara, ora bakal
Cerita yang dituliskannya benar-benar ***mustahil.*** 'Crita sing ditulis dening dhèwèké bener-bener mokal.'

musuh *n* mungsuh, satru;
Musuh *mulai menyusup ke pedalaman.* 'Mungsuh wiwit nyusup menyang wilayah alas.'
bermusuhan memungsuhan;
memusuhi mungsuhi

musyawarah *n* rundhingan, pirembagan;
Untuk menyelesaikan masalah itu perlu ***musyawarah.*** 'Kanggo ngrampungaké masalah iku prelu musawarah.'
bermusyawarah rundhingan, rembugan;
memusyawarahkan ngrundhingaké; ngrembug

mutu *n* kwalitèt
Mutu *kayu jati ini bagus sekali.* 'Kwalitèt kayu jati iki apik banget.'

N

naas *a* naas; apes
*Pada hari **naas** itu, ia mengenakan saragam sekolah.* 'Ing dina apes iku, dhèwèké nganggo sragam sekolah.'

nadi *n* bebayu
*Anak itu urat **nadinya** kelihatan biru-biru.* 'Bocah kuwi bebayuné katon biru-biru.'

nafsu 1 nepsu, hawa nepsu; pepinginan; **2** nesu
*Karena sakit, **nafsu** makan anak itu berkurang.* 'Marga lara, pepinginan mangan bocah kuwi suda.'

naik *v* **1** munggah; **2** mundhak; **3** numpak, nunggang
*Any baru saja **naik** ke lantai dua.* 'Any lagi waé munggah nang lanté loro.'
menaiki ngunggahi; mènèk;
menaikkan 1 ngunggahaké; **2** ndhuwuraké; **3** ngundhakaké (rega, lsp)

najis *a* najis; rereged; jijik; jember;
Anjing termasuk binatang yang najis. 'Asu klebu kewan sing najis.'
najis besar tinja;
najis kecil uyuh

nakal *a* nakal; ndugal; ala tumindaké;
*Anak yang **nakal** itu dijauhi teman-temannya.* 'Bocah sing nakal iku didohi kanca-kancané.'

nalar *n* nalar; akal budi; dayaning pikir
*Untuk menyelasaikan masalah itu gunakan **nalar** yang sehat.* 'Kanggo ngrampungaké perkara iku gunakna nalar sing séhat.'

nama *n* jeneng; aran; jejuluk;
***Nama** kamu siapa?* 'Jenengmu sapa?
nama diri aran; jeneng; sebutan;
nama samaran sesinglon; alias;
menamai njenengi; mènèhi jeneng (aran); ngarani

namun *p* ananging; nanging
*Sekarang hari libur **namun** kita harus belajar sendiri.* 'Saiki dina prèèn nanging kita kudu sinau dhéwé.'

nan *p* kang
*Pemandangan **nan** indah.* 'Sesawangan kang éndah.'

[1]nanti *n* **1** mengko; **2** tundhoné; temahan; pepuntoné; mengkoné;
Nanti *malam dia datang.* **'**Mengko bengi dhèwèké teka.'
[2]nanti *v* tunggu; entèni;
Ia sedang mandi ***nantilah*** *sebentar.*'Dhèwèke lagi adus, mula entènana sedhéla.'
menanti ngentèni; nunggu
napas, **bernapas** *v* ambegan;
Orang yang hidup pasti ***bernapas****.* 'Wong urip mesthi ambegan.'
narapidana *n* wong ukuman
Narapidana *itu hari ini sudah bébas.* 'Wong ukuman iku dina iki wis bebas.'
nasabah *n* nasabah; langganan;
Ana itu menjadi ***nasabah*** *bank.* 'Ana kuwi dadi nasabah bank.'
nasi *n* sega;
Dia membeli ***nasi*** *dan lauk untuk makan siang.* 'Dhèwèké tuku sega lan lawuh kanggo mangan awan.'
nasi kuning sega punar; sega mas;
nasi liwet sega liwet;
nasi uduk sega wuduk; sega gurih
nasib *n* nangsib; pepesthèn; takdir;
Nasib *orang tidak ada yang mengetahui.* 'Nangsib menungsa ora ana sing ngerti.'
senasib padha nasibé
nasihat *n* naséhat, pitutur; wewarah;
Jangan menyepelekan ***nasihat*** *orang tua.* 'Aja nyepèlèkaké pitututé wong tuwa.'
menasihati mitututi; nuturi;
penasihat paranpara; parampara
naung, bernaung *v* ngéyub; ngayom;
Warih ***bernaung*** *di bawah pohon jambu.* 'Warih ngéyub nang ngisor wit jambu.'
menaungi ngayubi; ngèyubi; ngayomi;
naungan pangayoman
nazar *n* nadar; kaul;
Ia mempunyai ***nazar****, kalau lulus akan puasa tiga hari.* 'Dhèwèké duwé kaul, menawa lulus arep pasa telung dina.'
bernazar kaulan;
negara *n* nagara; negara;
Negara *itu letaknya di semenanjung Afrika.* 'Nagara iku dumunung ing semenanjung Afrika.'

negeri *n* **1** negri; nagara; **2** tanah, papan, wilayah
Ia bersekolah di SMP ***negeri.*** 'Dhèwèke sekolah ing SMP negri.'

nekat *a* nékad; njarag
Rendi ***nekat*** *hujan-hujanan.* 'Rendi nékad (njarag) udan-udanan.'

nenek *n* embah, simbah wadon
Hal itu sudah ada sejak zaman ***nenek*** *kita dahulu.* 'Babagan iku wis ana wiwit jaman simbahé dhéwé ndhisik.'

nganga, menganga *v* **1** mangap (tmr cangkem); mlompong; **2** bolong amba
Mulutnya terlihat ***menganga*** *karena terkejut.* 'Cangkemé katon mangap amarga kagèt.'

ngeri *a* miris; giris;
Ngeri *saya melihatnya.* 'Miris aku ndelengaké.'
mengerikan nggegirisi; gawé miris

ngilu *a* linu
Badanku terasa ***ngilu.*** 'Awak-ku krasa linu.'

niaga, **berniaga** *v* dedagangan; laku dagang; bebakulan;
Kakaknya ***berniaga*** *buah-buahan.* 'Kakangé bebakulan woh-wohan.'
perniagaan dedagangan

nian *a* temenan; banget
Cantik ***nian*** *gadis itu.* 'Ayu temenan bocah wadon iku.'

niat *n* niyat; sedya, karep; maksud
Mudah-mudahan ***niat*** *baikmu terlaksana.* 'Muga-muga niyat apikmu kalakon.'
berniat nyedya; duwé karep

nihil *a* **1** nihil; kothong; **2** ora kasil
Walaupun ia berusaha keras, hasilnya tetap ***nihil.*** 'Ambakna dhèwèké ngupaya kanthi tenanan, tetep ora kasil.'

nikah, menikah *v* ningkahan; kawin; rabi;
Dia akan ***menikah*** *setelah selesai kuliah.* 'Dhèwèké arep rabi sawisé rampung anggoné kuliyah.'
menikahi ningkahi; ngrabèni;
menikahkan ningkahaké; ngrabèkaké

nilai *n* **1** biji; **2** aji (dhuwit); **3** rega
Nilai *matematika sangat bagus.* 'Bijiné matematika apik banget.'

nisan *n* maéjan, kijing
Di atas makam itu dipasang batu ***nisan.*** 'Ing dhuwuré kuburan iku dipasang kijing.'

nista *a* nistha; ina; rèmèh;
Mencuri itu perbuatan yang sangat ***nista.*** 'Nyolong iku panggawé sing ina banget.'
menistakan nisthakake; ngrèmèhaké

nobat, menobatkan *v* misudha;
Setelah raja wafat, rakyat ***menobatkan*** *putra mahkota sebagai raja.* 'Sawisé raja séda, para kawula misudha putra makutha dadi raja.'
penobatan pamisudha

noda *n* **1** nodha; reregedan; **2** cacad; wirang;
Noda *hitam menempel di bajunya.* 'Nodha ireng nèmpèl ing klambiné.'
bernoda ana regedé; ana cacadé;
menodai ngregedi;

nomor *n* nomer; angka;
Dia mendapatkan kaos yang ***bernomor*** *punggung delapan.* 'Dhèwèké éntuk kaos sing mawa nomer mburi wolu.'
bernomor nganggo nomer; ana nomeré; mawa nomer;
menomori nomeri; masang nomer

norma *n* paugeran; aturan
Kita hidup harus sesuai dengan ***norma*** *agama.* 'Kita urip kudu trep karo paugeran agama.'

nyala, menyalakan *v* **1** ngurubaké; **2** nguripaké,
Dia ***menyalakan*** *lampu minyak untuk menerangi rumahnya.* 'Dhèwèké nguripaké diyan kanggo madhangi omahé.'
menyala 1 murub; **2** katon mencorong

nyaman *a* pénak; kepénak; nglaras;
Suaranya ***nyaman*** *didengar.* 'Swarané kepénak dirungokaké.'
kenyamanan kapénakan; kahanan seger sumyah

nyamuk *n* lemut
Kulitnya merah-merah karena digigit ***nyamuk.*** 'Kulite pating krabing merga dicokot lemut.'

nyanyi, bernyanyi *v* nyanyi; nembang;
Anak-anak itu dilatih ***bernyanyi.*** 'Bocah-bocah iku lagi dilatih nyanyi.'
menyanyi nyanyi, nembang
nyanyian nyanyian; tembangan
penyanyi bidhuwan

nyaring *a* sora, larasé dhuwur (tmr swara)
Dia memanggil anaknya dengan suara yang ***nyaring.*** 'Dhè-

wèké ngundang anaké kanthi swara kang sora.'

nyaris *adv* mèh

*Teman saya **nyaris** tertabrak mobil*. 'Kancaku mèh waé ketabrak montor.'

nyata *a* nyata; kabuktèn;

*Sudah **nyata** kalau Any anak yang pandai*. 'Wis kabuktèn neèk Any bocah sing pinter.'

menyatakan nyatakaké; mratélakaké (nilakaké);

ternyata tetéla; pranyata; nyatané;

kenyataan kanyatan; nyata (né); bukti(né)

nyawa *n* nyawa; roh;

***Nyawa** itu tidak dapat dilihat*. 'Nyawa iku ora bisa dideleng.'

bernyawa ana nyawané; duwé nyawa; urip;

nyenyak *a* angler

*Anak kecil itu tidur **nyenyak** di pangkuan ibunya*. 'Bocah iku turun angler ing pangkoné ibuné.'

nyiur *n* klapa, krambil

Di pantai itu banyak pohon nyiur. 'Ing pantai iku akèh wit klapa.'

nyonya *n* **1** nyonyah; **2** bojo (wadon)

*Tuan dan **nyonya** kami persilakan duduk di tempat yang sudah disediakan*. 'Tuwan lan nyonyah diaturi lungguh ana papan kang wis dicawisaké.'

O

obat *n* obat; tamba;
berobat tetamba; mertamba;
*Dia sudah **berobat** ke mana-mana.* 'Dhèwèké wis mertamba nang ngendi-ngendi.'
mengobati ngobati; nambani
pangobatan carané ngobati

obeng *n* obèng; drèi;
*Dengan **obeng** pencuri itu mencongkel jendela sekolah.* 'Nganggo drèi maling iku nyungkil jendéla sekolah.'

oceh, mengoceh *v* oceh, ngoceh;
*Burung itu mulai **mengoceh**.* 'Manuk kuwi wiwit ngocèh.'

olah, mengolah *v* ngolah; mangsak;
*Ibu sedang **mengolah** gulai.* 'Ibu lagi mangsak gulé.'

seolah-olah *adv* kaya-kaya
*Jalannya semakin cepat **seolah-olah** ada yang mengejarnya.* 'Mlakuné saya cepet kaya-kaya ana sing ngoyak.'

olahraga, berolahraga *v* olah raga, gerak badan;
***Berolahraga** sangat baik untuk kesehatan tubuh.* 'Gerak badan apik banget kanggo sehaté awak.'

oleh *p* **1** dénéng; **2** sabab; jalaran; karana; akibat;
*Buku ini disobek **oleh** adik.* 'Buku ki disuwek dénéng adhik.'
beroleh olèh; entuk;
memperoleh olèh; éntuk

oleh-oleh *n* olèh-olèh:
*Anak-anak merasakan **oleh-oleh** dari Bandung.* 'Bocah-bocah ngrasakaké olèh-olèh saka Bandung.'

oles, mengoleskan *v* ngolèsaké; ngosèraké; mborèhaké;
*Ia **mengoleskan** minyak kayu putih pada tangan adik yang digigit nyamuk.* 'Dhèwèké ngolèsaké lenga kayu putih ing tangané adik sing dicokot lemut.'

ombak *n* ombak; alun;
*Anak itu sedang menikmati **ombak** di pantai.* 'Bocah iku lagi nikmati ombak ing pesisir.'
mengombak 1 ngombak; ngalun; **2** ngandhan-andhan (rambuté)

ombang-ambing, mengombang-ambingkan *v* ngompal-ampulaké; ngontang-anting;
Gelombang besar ***mengombang-ambingkan*** *kapal ikan itu.* 'Ombak gedhé ngontang-antingaké prau iwak iku.'
terombang-ambing kompal-kampul

onar *n* gègèr; ribut; ontran-ontran;
Pengumuman kelulusan itu menimbulkan ***onar.*** 'Warawara kalulusan iku ndadèkaké gègèr.'
keonaran gègèran; ribut-ribut

onggok *n* tumpuk;
Di kebun itu terdapat banyak ***onggok*** *sampah.* 'Ing kebon iku akèh tumpukan uwuh.'
onggokan tumpukan

ongkos *n* **1** ongkos, wragad, opah; **2** blanja;
Ongkos *kirim paket ini Rp 20.000,00.* 'Wragad kirim pakèt iki Rp20.000,00.'
mengongkosi ngongkosi; ngragadi

oper, mengoper *v* ngoper;
Ia tidak mau ***mengoper*** *tugas adiknya.* 'Dhèwèké ora gelem ngoper tugasé adhiné.'
mengoperkan ngoperaké;
operan operan

orang *n* wong;
Saya pernah berbicara dengan ***orang*** *itu.* 'Aku tau guneman karo wong kuwi.'
orang-orangan wong-wongan;
perorangan saben wong; wong ijèn;
seorang 1 wong siji; **2** dhèwèké dhèwé
seorang diri dhèwèkan; ijèn:
seseorang sawijining wong

otak *n* **1** utak; polo; **2** pikiran; akal;
Rasa ***otak*** *ayam itu sangat gurih.* 'Rasané polo pitik iku gurih banget.'
berotak 1 duwé utek; **2** duwé akal; pinter

oyong *n* oyong; gambas
Ibu hari ini memasak sayur ***oyong.*** 'Ibu dina iki njangan gambas.'

P

pada *p* ing; ana ing
***Pada** keesokan harinya mereka pergi.* 'Ing wektu ésuké wong-wong kabéh pada lunga'.

padahal *p* mangka; kamangka
*Ia pura-pura benci **padahal** sebenarnya sayang.* 'Dhèwèké éthok-éthok sengit kamangka sabeneré trésna.'

padam *a* **1** mati (tmr geni); **2** lerem; sarèh; adhem;
*Api itu sudah **padam.*** 'Geni iku wis mati.'
memadamkan matèni; nyirep

padat *n* **1** padhet; **2** kebak, sesak; **3** jejel; rengket;
*Acaranya sangat **padat.*** 'Acarané padhet banget.'
memadati ngebaki, nganti padhet

padi *n* pari, pantun (*K*)
*Hasil bertanam **padi** sangat bagus.* 'Asil nandur pari apik banget.'

padu *a* **1** nyawiji; manunggal; **2** padhet, jejel;
*Rakyat **bersatu padu** melawan penjajah.* 'Rakyat manunggal nglawan penjajah.'
berpadu wis nyawiji; manunggal;
memadukan njumbuhaké, manunggalaké; nglarasaké

pagar *n* pager;
*Ia menunggu di depan **pagar.*** 'Dhèwèké nunggu ing sangarepé pager.'
memagari mageri

pagi *n* ésuk, énjing (*K*)
*Ia bekerja dari **pagi** hingga sore.* 'Dhèwèké nyambut gawé saka ésuk nganti soré.'
pagi-pagi ésuk-ésuk, ésuk banget;
pagi buta ésuk umun-umun;

paha *n* pupu:
***Paha**nya membiru karena terbentur besi.* 'Pupuné dadi biru sebab kena wesi.'

pahala *n* pahala, ganjaran;
*Berbuat baik akan mendapat **pahala.*** 'Tumindak becik bakal olèh ganjaran Allah.'
berpahala ana pahalané; ana ganjarané

paham *v* **1** paham, ngerti, mudheng; **2** aliran; ajaran;
*Ia **paham** tentang pelajaran kimia.* 'Dhèwèké paham utawa ngerti bab pelajaran kimia.'

memahami mahami; memaklumi

pahat *n* tatah;
memahat natah;
*Seniman itu sedang **memahat** kayu untuk dijadikan arca.* 'Seniman iku lagi natah kayu kanggo gawé reca.'
pemahat tukang natah; juru tatah

pahit *a* pait
*Ia minum jamu yang **pahit** rasanya.*'Dhèwèké ngombé jamu sing pait rasané.'

pailit *a* pailit; bangkrut
*Perusahaan itu **pailit** karena salah pengelolaan.* 'Pabrik iku bangkrut amarga salah anggoné ngurus.'

pajak *n* pajeg
*Orang bijak taat **pajak**.* 'Wong pinter taat (setya) mbayar pejeg.'

pajang, memajang *v* **1** majang; **2** nata arep
*Pelayan toko itu **memajang** dagangannya.* 'Playan toko iku nata arep mamerake dagangane.'

pakai *v* **1** nganggo; nggunakaké; **2** numpak, nunggang
*Pak guru pergi **pakai** sepeda motor.* 'Bapak tindak nganggo (numpak) pit montor.'
memakai 1 nganggo; **2** nggunakaké;
terpakai kanggo;

pakaian sandhangan;

paket *n* **1** pakèt; kiriman; **2** sajumlah barang;
*Satu **paket** buku pelajaran SD harganya Rp250.000,00.* 'Sapakèt buku pelajaran (wulangan) SD regané *Rp 250. 000,00*.'

paksa *v* peksa; peksan;
*Rumah itu dibongkar **paksa**.* 'Omah iku dibungkar peksa.'
memaksa 1 meksa; **2** tumindak kanthi peksa;
terpaksa kapeksa

[1]**paling, berpaling** *v* **1** noléh; **2** mléngos;
*Pemuda itu **berpaling** ke kiri ke kanan.* 'Pemudha iku nolèh mangiwa manengen.'
memalingkan nulèhaké; ngenggokaké

[2]**paling** *adv* banget; dhéwé
*Dialah anak yang **paling** pandai di kelas itu.* 'Dhèwèké bocah sing pinter banget ing klas iku.'

palsu *a* palsu; tiron; gadhungan;
*Penyanyi itu memakai rambut **palsu.*** 'Penyanyi iku nganggo rambut tiron.'
memalsukan malsokaké

pamer *v* pamèr; umuk
*Dia tidak **pamer** kekayaan.* 'Dheweke ora pamer kasugihane.'
memamerkan mameraké; ngumukaké

pamit *v* pamit, idin; permisi;
*Sebelum pergi ke sekolah, adik **pamit** kepada ibu.* 'Sadurungé budhal sekolah, adhik pamit marang ibu.'
berpamitan pamitan, njaluk; idin pamit

pancang *n* pathok
*Darsono menambatkan perahu pada **pancang**.* 'Darsono nencang prauné ing pathok.'

pancar, memancar *v* **1** muncrat; mancur; **2** sumorot, sumunar;
*Air **memancar** dari lereng gunung.* 'Banyu mancur saka bambing gunung.'
memancarkan 1 muncrataké; **2** nyunaraké; nyorotaké; **3** nggiyaraké

pandai *a* **1** pinter; **2** wasis; trampil; **3** sanggup, bisa; **4** sugih ngèlmu, pangalaman;
*Dia seorang anak yang **pandai.*** 'Dhèwèké bocah sing pinter.'
kepandaian kapinteran; kawasisan

pandang *n* pandeng, ndeleng;
*Dia **pandang** foto itu lama sekali.* 'Dhèwèké pandeng poto kuwi suwi banget.'
berpandangan pandeng-pandengan;
memandang mandeng, ndeleng;
pemandangan sesawangan

panen *n* panèn; ngundhuh asil; oleh bebathèn akèh
*Bapak sangat bersyukur karena **panen** kali ini berlimpah.* 'Bapak ngaturaké puji sukur amarga panèn wektu iki akèh.'

panggil, memanggil *v* nyeluk; ngundang; nyebut;
*Dia yang **memanggil** aku ke mari.* 'Dhèwèké sing nyeluk aku (supaya) mréné.'
panggilan 1 ajakan; **2** undangan

pangkal *n* pok, bongkot;
*P**angkal** pohon itu besar.*' Bongkot wit iku gedhé.'
pangkalan papan mandheg

pangkas, memangkas *v* cukur, nyukur; motong;
*Ayah selalu **memangkas** rambutnya dengan teratur.* 'Bapak tansah nyukur rikmané kanthi tratur (ajeg).'

pangkat *n* pangkat; drajat; kalungguhan
*Ia sudah naik **pangkat** dari mayor menjadi kolonel.* 'Dhèwèké wis munggah pangkat saka mayor dadi kolonèl.'

panik *a* bingung; gugup; kuwatir
*Dia **panik** ketika mendengar berita itu.* 'Dhèwèké bingung nalika krungu pawarta iku.'

panjang *a* **1** dawa; **2** adoh; **3** suwé;
*Pensilnya masih **panjang**.* 'Potloté isih dawa.'
memanjang dadi dawa;
memanjangkan ndawakake;
kepanjangan kedawan

panjar *n* panjer, persekot
*Sebagai tanda jadi, pihak penjual minta **panjar** 5%.* 'Minangka tandha sida (dadi lan orané), pihak sing dodol njaluk panjer 5%.'

panjat, memanjat *v* mènèk;
*Orang itu disuruh **memanjat** pohon kelapa.* 'Wong iku dikongkon mènèk wit klapa.'

pantai *n* pasisir;
***Pantai** laut selatan itu indah.* 'Pesisir segara kidul iku éndah.'

pantang *n* sirikan; pantang
*Kacang-kacangan **pantang** bagi penderita asam urat.* 'Jinis kacang-kacangan iku sirikan kanggo wong sing lara asam urat.'
berpantang sesirik; mantang;
memantang 1 nyirik; **2** nampik;
pantangan sirikan

pantas *a* pantes; layak; cocok; wangun; patut;
*Pemuda itu memang **pantas** menjadi juara.* 'Remaja iku pancèn pantes dadi juwara.'
sepantasnya sapatuté, sapantasé

pantat *n* bokong
*Bisulnya ada di **pantat**.* 'Wuduné ana ing bokong.'

pantul, memantul *v* mendat, mbalik;
*Bola mengenai dinding **memantul** dan mengenai badannya.* 'Bal ngenani témbok mendat lan ngenani awaké.'
memantulkan mbalikaké; mantulaké

papas, berpapasan *v* sliringan; pethukan
*Dia **berpapasan** dengan ayahnya.* 'Dhèwèké sliringan karo bapaké.'

parah *a* nemen;
*Dia sakit cukup **parah**,* 'Dhèwèké lara nemen.'

paras *n* rai; praupan
*Wanita itu **paras**nya sangat cantik.* 'Wanita iku praupané ayu banget.'

parau *a* serak; gerok
*Karena berteriak-teriak, suaranya **parau.*** 'Amarga bengak-bengok, swarané serak.'

parit *n* sélokan; kalenan; wangang
Parit itu air sanagt jernih. 'Kalènan iku banyuné bening banget.'

pariwisata *n* mlancongan; plesiran:
*Gunungkidul banyak tempat **pariwisata**.* 'Gunungkidul akeh papan plesiran.'
berpariwisata plesiran; mlancong

[1]**paruh** *n* cucuk;
***Paruh** burung itu tajam.* 'Cucuk manuk iku landhep.'
memaruh nyucuk; notholi

[2]**paruh**, **memaruh** *v* maro, ngedum dadi loro;
*Dia **memaruh** rotinya untuk diberikan kepada adiknya.* 'Dhèwèké maro rotiné kanggo diwènèhaké marang adhiné.'
separuh separo; setengah

pas *a* cocok; persis; pas
*Sasaran anak panahnya **pas** benar.* 'Sasaran panahé pas bener.'

pasak *n* pantèk; paku kayu
*Sambungan tiang itu supaya kuat diberi **pasak**.* 'Sambungan balok iku supaya kuwat diwenehi pantèk.'

[1]**pasang** *v* rab;
*Air laut sedang **pasang**.* 'Banyu segara lagi rab.'

[2]**pasang, memasang** *v* **1** masang; ngénggokaké; **2** nèmplèkaké; ngrakit, nyetél;
*Dia **memasang** topi pada boneka itu.* 'Dhèwèké masang topi ing bonéka iku.'
terpasang kapasang, wis dipasang

[3]**pasang** *n* **1** pasang (lanang lan wadon); jodho; **2** kembaran;
*Ia mempunyai dua **pasang** burung dara.* 'Dhèwèké nduwé rong pasang manuk dara.'
sepasang sapasang; sajodho, satangkep; sasetel

pasir *n* wedhi
*Anak-anak bermain **pasir.*** 'Bocah-bocah padha dolanan wedhi.'

pasti *a* tamtu; mesthi, tenan:
*Hari ini dia **pasti** datang.* 'Dina iki dhèwèké mesthi teka.'

memastikan mesthèkaké; nentokaké;
kepastian katemtuan, kepasthian

pasuk, pasukan *n* **1** grombolan, kumpulan; **2** laskar; regu
*Kami melihat satu **pasukan** kuda di padang luas itu.* 'Aku kabèh weruh sapasukan/sakumpulan jaran ing bulak amba iku.'

patah *a* putung; tugel;
*Ranting yang **patah** itu jatuh di jalan.* 'Pang sing tugel iku tiba nang dalan.'
mematahkan mutungake; nugelaké

patuh *a* nurut, taat, manut;
*Murid harus selalu **patuh** kepada gurunya.* 'Murid kudu tansah taat marang guruné.'
mematuhi manut marang, taat marang

patuk, mematuk *v* nothol, nyucuk
*Ayam itu **mematuk** biji jagung.* 'Pitik iku nothol wiji jagung.'

patung *n* reca; golèk
*Muhtar terkenal sebagai pemahat **patung.*** 'Muhtar kawentar minangka wong sing nggawé reca.'

patut *n* **1** patut, layak, pantes; **2** cocok, trep bener; imbang
*Tidak **patut** seorang murid melawan gurunya.* 'Ora patut murid nglawan guruné.'

pawai *n* pawé; arak-arakan
*Sekolah mengadakan **pawai** sepeda hias.* 'Sekolah nganakaké arak-arakan sepédha hias.'

payah *a* **1** sayah, kesel; **2** kasusahan; rekasa
*Kalau sudah **payah** boleh istrahat sebentar.* 'Manawa wis sayah éntuk ngaso sedhéla.'

pecat, memecat *v* mecat; ngleréni
*Pimpinan **memecat** pegawainya yang tidak disiplin.* 'Pimpinan nglèrèni pegawéné sing ora disiplin.'

peci *n* pècis, kopyah
*Udin memakai **peci** warna putih.* 'Udin nganggo pècis werna putih.'

pedas *a* pedhes
*Rasa sambal itu **pedas.*** 'Rasa sambel iku pedhes.'

pedati *n* grobak
*Petani itu menggunakan **pedati.*** 'Wong tani iku nggunakaké grobak.'

pedih *a* perih
*Matanya merasa **pedih** terkena*

lombok. 'Mripaté krasa perih kena lombok.'
memedihkan merihaké

pedoman *n* **1** pandom; paugeran; **2** pathokan
*Bintang itu sebagai **pedoman** para nelayan pada malam hari.* 'Lintang kanggo nuduhaké ener para nelayan nalika mbengi.'

peduli *v* perduli; nggatèkaké;
*Anak itu tidak **peduli** pada kendaraan yang lalu lalang.* 'Bocah iku ora perduli marang montor-montor sing sliweran.'

pegal *a* pegel, rasa kaku
*Setelah lari kakinya terasa **pegal** dan nyeri.* 'Sawisé mlayu sikilé krasa pegel lan linu.'

pegang, berpegang *v* cekelan; gocèkan;
*Salmah selalu **berpegang** pada tali yang disediakan.* 'Salmah tansah nyekeli tali sing disedhiakaké.'
berpegangan cekelan;
memegang nyekel

pegawai *n* pegawé; karyawan
*Marsudi diterima sebagai **pegawai** di sekolah.* 'Marsudi ditampa (pinangka) pegawé ing sekolah.'

pejam, memejamkan *v* merem, ngeremaké, meremaké (mripat)
*Anisa berbaring sambil **memejamkan** matanya karena lelah.* 'Anisa klékaran karo ngeremaké mripaté amarga kesel.'

pekan *n* minggu
*Nenek akan datang **pekan** ini.* 'Simbah arep rawuh minggu iki.'

pekerti *n* pakerti, watak, tingkah laku
*Pendidikan budi **pekerti** itu penting.* 'Piwulang (wulangan) budi pekerti iku penting banget.'

pekik *n* jerit, bengok; surak
*Terdengar **pekik** tangis orang di gedung itu.* 'Keprungu jerit tangis wong ing gedhong iku.'

pelan *a* alon, alon-alon; rindhik
*Anak-anak berjalan **pelan.*** 'Bocah-bocah mlaku alon-alon).'

pelangi *n* kluwung, téja;
*Pada hari itu hujan rintik-rintik dan tampak **pelangi**.* 'Ing dina iku udan grimis lan katon kluwung.'

pelbagai *num* **1** pirang-pirang; **2** manéka warna, warna-warna

*Di **pelbagai** tempat banyak orang berkerumun melihat pawai.* 'Ing saenggon-enggon papan katon wong nglumpuk nonton pawé.'

pelepah *n* papah; bongkok
*Jangan memegang **pelepah** pisang nanti kena getah.* 'Aja nyekel papah gedhang mengko kena tlutuhé.'

pelihara, memelihara *v* **1** njaga; ngrumat, ngopèni; **2** ngingu;
*Kita harus **memelihara** kesehatan badan.* 'Kita kudu njaga kasarasan badan.'
terpelihara kopèn

pelipis *n* pilingan
***Pelipis** petinju itu berdarah sebab kena pukulan.* 'Pilingan petinju iku metu getihé sebab kena jotosan.'

pelita *n* lampu, diyan
*Desa itu agak gelap, sebab hanya diterangi oleh **pelita.*** 'Désa iku rada peteng amarga mung dipadhangi nganggo diyan.'

pelosok *n* plosok; désa kluthuk
*Anak itu datang dari **pelosok.*** 'Bocah iku teka saka désa kluthuk.'

peluang *n* kalodhangan; wektu kang mikolèh;
*Mia memenfaatkan **peluang** yang ada untuk belajar.* 'Mia manpangantaké kalodhangan sing ana kanggo sinau.'

peluh *n* kringet
*Mereka bekerja keras hingga mengeluarkan **peluh** yang bercucuran.* 'Wong-wong kaé nyambut gawé kanthi temen saéngga ngetokaké kringet sing dlèwèran.'

peluit *n* sempritan
*Wasit meniup **peluit** panjang tanda pertandingan akan dimulai.* 'Wasit nyemprit dawa tandha tandhingan arep diwiwiti.'

peluk, berpeluk *v* ngrangkul, nyikep;
*Ia duduk sambil **berpeluk** lutut.* 'Dhèwèké lungguh kanthi nyikep dhengkul.'
memeluk 1 ngrangkul, nyikep; **2** nganut

pelupuk *n* tlapukan:
*Safira **pelupuk** matanya sakit.* 'Safira tlapukan mripaté lara.'

peluru *n* mimis; pélor
*Karena tembakan **peluru** itu, tangan ayahnya harus dioperasi.* 'Amarga kena témbakan pelor iku, astané bapaké kudu dioperasi.'

pena *n* pèn
Pada tahun 1960 -an guru dan

*siswa menulis dengan **pena**.* 'Nalika taun 1960-*an* guru lan murid nulis nganggo pèn.'

penat *a* kesel, sayah
*Pak Wito duduk sebentar melapaskan **penat** sesudah bekerja.* 'Pak Wito lungguh sadhéla ngilangaké sayah sawisé nyambut gawé.'

pencar, berpencar *v* nylebar; mencar; mlencar
*Dari atas bukit itu mereka dapat melihat rumah penduduk yang **berpencar**.* 'Saka ndhuwur gumuk iku wong-wong bisa weruh omahé warga sing mlencar nylebar.'

pencil, memencil *v* mencil; ndhéwé; ngedoh
*Kedua orang itu berdiri agak **memencil.*** 'Wong sakloron iku ngadeg rada mencil.'
terpencil kapencil

pendam, memendam *v* **1** mendhem; **2** ngrendhem; nyimpen;
*Orang itu **memendam** perhiasannya di bawah pohon mangga.* 'Wong iku mendhem mas-masané ing sakngisoré wit pelem.'
kependam kependhem, sumimpen

pendek *a* **1** cendhek ; **2** cupet; **3** sadhéla; **4** ringkes; singkat;
*Galah itu terlalu **pendek.*** 'Gèntèr iku cendhek banget.'
memendekkan 1 nyendhekaké; **2** nyingkat; nyekak
kependekan singkatan, ringkesan

penganan *n* panganan
*Hari ini disajikan **penganan** tradisional.* 'Dina iki disuguhaké panganan tradhisional.'

pengantin *n* pangantèn, temantèn; mantèn
*Para tamu memberikan ucapan selamat kepada **pengantin.*** 'Para tamu mènèhi ucapan slamet marang temantèn.'

pengap *a* sumpeg; sesek
*Ruang itu **pengap** karena tidak berjendela.*'Kamar iku sumpeg amarga ora ana jendhélané.'

pengaruh *n* pangaruh; daya pangaribawa;
*Besar sekali **pengaruh** lingkungan terhadap perilaku seorang anak.* 'Gedhé banget daya pangaribawa lingkungan marang tingkah laku bocah.'
mempengaruhi ndayani marang, mangaribawané marang; ndayani pengaruhé marang;

terpengaruh kena pangaruh; kena daya pangaribawa

penggal 1 *v* potong, tegor, kethok; **2** bagéan; perangan; jilid;
Penggal saja pohon pisang itu. 'Kethok waé wit gedhang iku.'
memenggal 1 motong, nugel, ngethok; **2** mérang

penghulu *n* kepala, ketua; pangulu, pemimpin adat
*Ayahnya dikenal sebagai **penghulu** kampung.* 'Bapakné dikenal minangka kepala kampong.'

pening *a* **1** mumet; **2** bingung
*Utomo **pening** ketika belajar.* 'Utomo mumet nalika sinau.'

penjara *n* kunjara, pakunjaran, buwi;
*Ngeri rasanya punya rumah dekat **penjara**.* 'Miris rasané duwé omah cedhak pakunjaran (buwi).'
memenjarakan 1 ngunjarakaké; **2** nyandhet hawa napsu

pensil *n* **1** potlot; **2** kuwas
*Muslimah menggambar dengan **pensil** berwarna.* 'Muslimah nggambar nganggo potlot manéka werna .'

pensiun *a* pensiun, purna tugas
Ayah Budi sudah pensiun tahun 1912 yang lalu. 'Bapak Budi wis pensiun taun 1912 kang kapungkur.'

penting *a* **1** penting, pokok, utama; **2** aji banget
*Ujian nasional **penting** untuk syarat masuk SLTA.* 'Ujian nasional penting kanggo sarat mlebu SLTA.'
mementingkan mentingaké, nengenaké;
kepentingan kaperluan

penuh *a* kebak;
*Truk **penuh** kayu itu berhenti di jalan.* 'Trek kebak kayu iku mandheg nang dalan.'
memenuhi 1 ngebaki; **2** nyukupi; **3** ngabulaké;
terpenuhi kacukupan; kaleksanan

penyok *a* pènyok
*Mobil itu **penyok** bagian belakangnya.* 'Mobil iku pényok ing (bagèyan) mburiné.'

pepatah *n* paribasan
*Dalam sambutannya pejabat itu kadang-kadang menyisipkan **pepatah.*** 'Ing pidhatoné pejabat iku kadhang kala migunakaké paribasan.'

pepaya *n* katès, téla gantung
*Pedagang **pepaya** itu untung besar.* 'Bakul katès iku bathi akèh.'

pepet, memepet *v* mèpèt, ndhesek;
Mobil itu **memepet** *sepeda motor.* 'Mobil iku mèpèt pit montor.'
memepeti mèpèti ;
memepetkan mèpètaké; nyedhakaké;
terpepet kapèpèt; kadhesak

[1]per *p* mbaka
Anak-anak masuk kelas satu ***per*** *satu.* 'Bocah-bocah mlebu klas mbaka siji.'

[2]per *num* saben
Sepeda itu hanya mampu berjalan 15 km ***per*** *jam.* 'Pit iku mung bisa mlaku 15 km saben jam.'

[3]per *p* wiwit; dhèk; nalika
Sekolah itu berdiri ***per*** *1 Mei 2001.* 'Sekolah iku ngadeg wiwit 1 Mèi 2010.'

per *n* pèr, pir
Per *arlojinya patah.* 'Pir jamé tugel.'

perabot *n* prabot; prabotan
Meja, kursi, dan sebagainya, adalah ***perabot*** *rumah tangga.* 'Méja, kursi, lan sapanunggalé minangka prabot kulawarga.'

perah, memerah *v* meres
Untuk mendapatkan susu segar, dia ***memerah*** *susu sapi itu.* 'Kanggo olèh susu seger, dhèwèké meres susu sapi iku.'

perahu *n* prau;
Perau *itu dibuat dari kayu karet.* 'Prau iku digawé saka kayu karèt.'
berperau mrau; numpak prau

peran *n* paraga;
Dalam film itu Mas Seto sebagai ***peran*** *utama.* 'Ing pilem iku Mas Seto pinangka paraga utama.'
berperan dadi paraga

perang *v* perang; klès;
Irak pernah ***perang*** *dengan Iran.* 'Irak tau klès karo Iran.'
memerangi 1 merangi; **2** mbrastha;
berperang 1 perang, maju perang; **2** mungsuhan;
peperangan mungsuhan; paprangan

perangkap *n* kala, jeplakan;
Amir memasang ***perangkap*** *tikus di dapur.* 'Amir masang jeplakan tikus ing pawon.'
terperangkap 1 kejeplak; **2** kajebak

peranjat, terperanjat *v* kagèt
Ia ***terperanjat*** *ketika ada petir.* 'Dhèwèké kagèt nalika ana gludhug.'

peras, memeras *v* meres;
Bapak saya sedang memeras susu sapi. 'Bapakku lagi meres susu sapi.'

perawan *n* prawan; kenya
*Siti itu **perawan** cantik dari desa*. 'Siti iku prawan ayu saka désa.'

perban *n* preban; blebet
*Kakinya dibalut dengan **perban**.* 'Sikile diblebet nganggo preban.'

percaya *v* **1** pracaya, ngandel, pitados (*K*); **2** yakin;
*Saya **percaya** bahwa dia anak yang baik.* 'Aku pracaya menawa dhèwèké bocah sing becik.'
memercayakan mracayakaké;
kepercayaan kapracayan; kayakinan

percik, memercik *v* nyiprat;
*Air itu **memercik** ke dinding.* 'Banyu iku nyiprat ing témbok (gedhèg).'
memercikkan nyipratakké;
terpercik kacipratan

perempuan *n* wanita, wadon; wédok
*Di antara 35 siswa, 30 orang adalah **perempuan**.* 'Ing antarané 35 murid, wong 30 yaiku wong wadon.'

pergi *v* lunga, budhal, késah (*K*), tindak (*Ki*);
*Ari sedang **pergi** ke rumah neneknya.* 'Ari lagi lunga ing dalemé simbahé.'
bepergian lelungan

pergok, memergoki *v* mergoki; ngonangi;
*Polisi **memergoki** pencuri sedang membuka pintu.* 'Polisi ngonangi maling lagi mbukak lawang.'

perigi *n* sumur;
***Perigi** itu airnya jernih.* 'Sumur iku banyuné bening (jernih).'

perihal *n* **1** bab; **2** mungguh
***Perihal** ini dapat diselesaikan.* 'Bab iki bisa dirampungaké.'

periksa, **memeriksa** *v* **1** mriksa; naliti; **2** ngusut (prakara); **3** ngontrol, ngawasi;
*Pak guru sedang **memeriksa** karangan murid-muridnya.* 'Pak guru lagi mriksa karangan murid-muridé.'

perilaku *n* kalakuan; tindaktanduk
***Perilaku** anak-anak perlu diawasi*. 'Kalakuan bocah-bocah perlu diawasi.'

perinci, memerinci *v* mrinci;
*Ia **memerinci** jawaban pertanyaan itu.* 'Dhèwèké mrinci jawaban pitakonan iku.'

terperinci kaprinci; kapilah
perintah 1 préntah, akon; **2** aba-aba, komandho;
memerintah mréntah, akon;
memerintahkan mréntah-aké;
pemerintah pamaréntah

perisai *n* tamèng
Pesilat itu memakai ***perisai.*** 'Pesilat iku nganggo tamèng.'

peristiwa *n* kadadéyan, prastawa;
Peristiwa perkenalan siswa baru perlu diperhatikan. 'Kadadéyan perkenalan (tetepungan) murid anyar perlu digatèkaké.'

periuk *n* kendhil
Ibu menanak nasi dengan ***periuk.*** 'Ibu ngliwet (adang) nganggo kedhil.'

perkakas *n* bekakas;
Tinah membeli ***perkakas*** pertanian. 'Tinah tuku piranti tetanèn.'
perkakas dapur bekakas pawon

perkara *n* prakara, masalah, urusan
Ini ***perkara*** *sekolah bukan anak.* 'Iki masalah (urusan) sekolah dudu bocah.'

perkasa *a* prakosa, gagah;
Tubuh atlet itu tampak ***perkasa.*** 'Badan atlit iku katon prakosa.'

perlahan *a* alon; lirih
Anita berjalan ***perlahan.*** 'Anita mlaku alon.'

perlu *adv* **1** perlu; butuh; **2** kudu, kedah (*K*); **3** penting;
Sekarang ***perlu*** *uang untuk membayar sekolah.* 'Saiki butuh dhuwit kanggo mbayar sekolah.'
memerlukan mbutuhaké; merlokaké;
keperluan 1 kaperluan; **2** kabutuhan;
seperlunya 1 saperluné; **2** sacukupé

perosok, terperosok *v* keblusuk
Anto ***terperosok*** *ke dalam parit.* 'Anto keblusuk ing kalènan'.

persis *a* **1** temenan; **2** trep, pas; **3** saèmper, mèmper, serupa
Dia tahu ***persis*** *jumlah murid setiap sekolah.* 'Dhèwèké ngerti temenan jumlahé murid saben sekolah.'

pertama *num* **1** kapisan, sapisan; kawitan, wiwitan; **2** kang utama; paling penting;
Syarat ***pertama*** *calon siswa SD umur 6 tahun.* 'Sarat sapisan bakal murid SD umur 6 taun.'

pertama-tama sapisan, kawitan, paling dhisik; dhisik dhéwé

perut *n* weteng, padharan (*Ki*);
*Ani sakit **perut.*** 'Ani lara weteng'.;

perut besar 1 wadhuk; **2** meteng; mblendhuk

pesan *n* **1** pesen, weling; **2** wekas, wasiyat, pitutur;
***Pesan** pak guru harus diperhatikan.* 'Welingé pak guru kudu digatèkaké.'
memesan pesen;
pesanan pesanan, welingan

pesat *a* cepet banget; kanthi cepet
*Toko yang didirikan maju **pesat.*** 'Toko kang diedegake maju kanthi cepet.'

pesek *a* pèsèk, dhepès
*Dia berhidung **pesek.*** 'Dhèwèké irungé pèsèk (dhepès).'

pesiar *v* plesir; piknik
*Sekolah kami **pesiar** ke Dièng.* 'Sekolahku plesir menyang Dieng.'
kapal pesiar kapal plesir

pesinden *n* sindhèn, pesindhèn; waranggana
*Astuti **pesinden** terkenal.* 'Astuti waranggana kondhang (kuncara).'

pesona *n* daya pikat; kasengseman;
*Lereng pegunungan itu penuh **pesona.*** 'Èrèng-èrèng gunung iku sarwa nyengsemaké.'
mempesona nyengsemaké;
terpesona kapincut; kapikat

pesta *n* pésta;
*Kepala sekolah mengadakan **pesta** karena mendapatkan rezeki.* 'Kepala sekolah nganakaké pésta merga aléh rejeki.'
berpesta pésta

petak *n* kothakan; singgetan, guthekan;
*Sawah itu memiliki delapan **petak.*** 'Sawah iku ana wolung kothak.'
berpetak 1 singget-singget; **2** kothak-kothak

petang *n* soré, sonten (*K*);
*Latihan pramuka diakhiri pukul lima **petang.*** 'Latihan pramuka dipungkasi jam lima soré.'

petik, memetik *v* **1** methik; **2** njupuk
*Anisa **memetik** bunga mawar.* 'Anisa methik kembang mawar.'

petir *n* bledhèg:
*Langit mendung hitam **petir** menyambar-nyambar.* 'Langit

mendhung ireng bledhèg nylamber-nylamber.'

petuah *n* nasehat; pitutur
*P**etuah** orang tua harus dipatuhi.* 'Pitutur wong tuwa kudu dipatuhi.'

piara, memiara *v* ngingu, ngupakara;
*Paman **memiara** kambing etawa di desanya.* 'Paman ngingu wedhus étawa ing désané.'
piaraan ingon-ingon

picik *a* cupet banget (pikiran), cublok
*Pemikiranya sangat **picik**.* 'Panemuné cupet banget.'

pidato *n* pidhato, sesorah;
*Pak guru **pidato** di halaman sekolah.* 'Pak guru sesorah ing plataran sekolah.'
berpidato pidhato, sesorah

pijak, berpijak *v* tumapak, mapan;
*Kita **berpijak** di bumi Nusantara.* 'Kita mapan ing bumi Nusantara.'
memijakkan tumapak ing

pijat, memijat *v* **1** mijet; dadah; ngurut; **2** mencèt, menyèt
*Ibu **memijat** kakiku yang keseleo.* 'Ibu mijeti sikilku kang kesléo.'

pikat, memikat *v* **1** mikat (manuk); **2** narik kekarepan
*Utomo **memikat** burung perkutut.* 'Utomo mikat manuk kutut.'

piket *n* pikèt; tugas; jaga
*Pak Hadi **piket** malam.* 'Pak Hadi jaga bengi.'

pikir, berpikir *v* mikir; ngira;
*Saya **berpikir** kamu yang jadi ketua kelas.* 'Aku ngira kowé sing dadi ketuwa klas.'
memikirkan 1 mikiraké; **2** nggatèkaké;
pikiran pikiran; gagasan

piknik *v* plesir; mlancong
*Besok Minggu sekolah kami akan **piknik** ke Baron.* 'Suk (besuk) Minggu sekolah arep plesir menyang Baron.'

pilu *a* sedhih banget; trenyuh, ngeres;
*P**ilu** hatinya mendengar anak itu tidak sekolah.*'Sedhih banget atiné krungu bocah iku ora sekolah.'
memilukan nyedhihaké; nrenyuhaké

pimpin, memimpin *v* **1** mimpin; **2** ngetuwani; ngepalani;
*Pak Guru diberi tugas **memimpin** rapat.* 'Pak guru diwènèhi tugas mimpin rapat.'
pemimpin sing mimpin

pindah *v* pindhah, ngalih enggon;
*Bu Anizah sudah **pindah** sekolah lain.* 'Ibu Anizah wis pindhah sekolah liya.'
berpindah 1 ngalih; **2** tukar; ganti;
memindahkan mindhahaké; ngalihaké;
pindahan pindhahan

pinggang *n* bangkèkan
*Pak Alrazid sakit **pinggang**.* 'Pak Alrazid lara bangkèkan.'

pingsan *a* semaput
*Waktu upacara tujuh belasan Tini **pingsan.*** 'Nalika upacara pitulasan Tini semaput.'

pinjam, meminjam *v* nyilih;
*Dinar **meminjam** buku kepada temannya.* 'Dinar nyilih buku marang kancané.'
meminjamkan nyilihaké

pintar *n* pinter; wasis; wegig
*Zurika termasuk anak yang **pintar** di kelasnya.* 'Zurika klebu bocah sing pinter ing klasé.'

pintas, memintas *v* **1** nyidhat, nrabas; **2** nugel; motong; nyabrang;
*Kita mengambil jalan p**intas** supaya cepat sampai.* 'Kita njupuk dalan nrabas supaya cepet tekan.'
pintasan trobosan; panyabrangan (tmr dalan);
sepintas, sepintas lalu satleraman, sakeplasan

pintu *n* **1** lawang; kori (*K*); **2** singgetan, guthegan
***Pintu** kelasnya rusak.* 'Lawang klasé rusak.'

pipih *a* tipis rata; gèpèng;
*Penggaris itu sangat **pipih**.* 'Garisan kuwi tipis banget.'
memipihkan nggèpèngaké; ndadèkaké tipis

pisah, **berpisah** *v* **1** pegatan, pisah; **2** ngadoh (ngedoh);
*Dia memang sudah **berpisah.*** 'Dhèwèké pancèn wis pisahan (pegatan).'
memisahkan 1 misah (wong padudon); **2** nyingkiraké; **3** mbedakaké;
memisah-misahkan misah-misahaké;
perpisahan pepisahan

podium *n* mimbar; panggung
*Nita naik **podium** untuk berlatih pidato.* 'Nita munggah mimbar kanggo latihan sesorah.'

[1]pohon *n* wit
***Pohon** kelapa itu tinggi.* 'Wit krambil iku dhuwur.'
pepohanan wit-witan

²pohon, memohon *v* njaluk; nyuwun (*K*);
*Kita **memohon** ampun kepada Allah.* 'Kita njaluk pangapura marang Gusti Allah.'

pola *n* **1** blak; blat-blatan; **2** corak;
*Kainnya sedang dibuatkan **pola**.* 'Jarike lagi digawèk-aké blak.'
berpola duwé corak

polos *a* polos, sawarna, sarupa;
*Rita suka baju **polos**.* 'Rita seneng klambi polos.'

pompa *n* pompa; kompa;
***Pompa** sumur di sekolahku rusak.* 'Kompa sumur ing sekolahku rusak.'
memompa ngompa; mompa

pondok *n* **1** gubug; **2** omah; **3** asrama, pondhok pesantrèn
*Di sawah didirikan **pondok** untuk istirahat.* 'Ing sawah didegaké gubug kanggo ngaso.'

pontang-panting *v* montang-manting
*Lintang berlari **pontang-panting**.* 'Lintang mlayu pontang-panting.'
berpontang-panting montang-manting
porak-poranda *a* morat-marit; pating slebar; pating blèngkrah; kocar-kacèr;
*Karena angin puting beliung, desa itu menjadi **porak poranda**.* 'Amarga angin lésus gedhé, désa kuwi dadi pating blèngkrah.'

pos *n* **1** tangsi; **2** panjagan (pos jaga)
*Tentara berjaga di **pos** pagi itu.* 'Tentara jaga ing tangsi ésuk iku.'

posisi *n* **1** dunung, papan; **2** kalungguhan, pangkat
*Sekarang **posisi** Pak Guru di mana?* 'Saiki dunung (papan) Pak Guru ing endi (pundi)?'

positif *a* **1** mesthi; tamtu; **2** apik
*Anak itu sudah **positif** terkena demam berdarah.* 'Bocah kuwi wis mesthi kena (sakit) demam berdarah.'

potong, memotong *v* motong; ngethok; nugel;
*Dia sangat pandai dalam hal **potong-memotong** janur.* 'Dhèwèk´pinter banget ing babagan ngethoki janur.'

potong-memotong *v* motongi; ngethoki; ngguntingi
memotongkan ngethokaké;
terpotong 1 kakethok; **2** wis dikethok; kapotong;
pemotongan pamotongan; pangethokan, panugelan;

potret *n* poto, potrèt:
*Siwi **potret** dengan Iswandari.* 'Siwi poto karo Iswandari.'
memotret moto

prasangka *n* panyana, pangira, panganggep;
*Pak guru memiliki **prasangka** baik terhadap siswa.* 'Pak guru nduwèni pangira becik marang murid.'
berprasangka panemu; panganggep

pria *n* lanang, jaler (*K*), kakung (*Ki*)
*Di kelas duduk **pria** dan wanita di pisah.* 'Ing klas lungguhé lanang lan wadon dipisah.'

pribadi *n* **1** pribadhi; **2** sipat; watak;
*Kamu tidak usah ikutan urusan **pribadi** orang lain.* 'Kowé ora usah mèlu-mèlu urusan pribadhi wong liya.'
kepribadian kapribaden

pribumi *n* **1** pendhudhuk asli; **2** wong asli
*Kita ini sebagai **pribumi**.* 'Kita iki pinangka pendhudhuk asli.'

prihatin *a* **1** prihatin, prihatos (*K*); sedhih; **2** nahan dhiri;
*Kita merasa **prihatin** ada generasi yang suka minuman keras.* 'Kita rumangsa sedhih ana generasi sing seneng ngombé ombèn-ombèn.'
memprihatinkan mrihatinaké, nyedhihaké

prinsip *n* dhasar, bebener, wewaton;
*Hidup itu harus mempunyai p**rinsip.*** 'Urip kuwi kudu duwé dhasar (wewaton).'
berprinsip dhedhasar

produksi *n* **1** asil; pametu; **2** anggoné gawé;
*Sekolahku mengadakan pameran kerajinan **produksi** dalam negeri.* 'Sekolahku nganakaké pamèran kerajinan asil negara dhéwé.'
berproduksi ngasilaké

proses *n* **1** proses; olah; urut-urutan (kadadéyan): **2** tumindak, pangolahan asil;
***Proses** pengurusan surat di kantor itu agak rumit.* 'Urut-urutan pengurusan layang ing kantor iku rada rumit.'
berproses ngalami prosès, urut-urutan;
memroses nyedhiyakaké (gawé, nyampurnaké)

protes *n* ora sarujuk, nyangkal;
*Para siswa **protes** kepada wasit guru olahraga.*'Murid-murid nyangkal marang wasit guru olahraga.'

memprotes nyatakaké ora sarujuk, ora setuju, nyangkal

puas *a* seneng, gambira, lega, marem;
*Anak-anak **puas** hatinya diajak keliling Taman Mini.* 'Bocah-bocah seneng (marem) atiné diejak mubeng-mubeng Taman Mini.'

memuaskan *n* **1** nyenengaké, nggawé seneng; **2** maremaké, nglegakaké (ati);
sepuas-puasnya samarem-maremé

puasa *v* pasa
*Anak-anak rajin **puasa** pada bulan Ramadhan..* 'Bocah-bocah sregep pasa ing wektu sasi Pasa.'

pucat *a* pucet
*Tatik wajahnya **pucat** karena sakit.* 'Tatik rainé pucet sebab lara.'
memucat dadi pucet

pudar *a* **1** surem; **2** pucet, kabur; ora sumorot;
*Cahaya bulan **pudar.*** 'Cahya rembulan surem.'
memudar dadi pucet, dadi surem

pugar, memugar *v* ndandani;
*Pemerintah menyediakan dana untuk **memugar** candi-candi di Jawa Tengah.* 'Pamarintah nyedhiyakaké wragad kanggo ndandani candhi-candhi ing Jawa Tengah.'
pemugaran ngapikaké manèh, gawé becik manèh

puing *n* pecahan, remukan;
***Puing** pesawat Trigana ditemukan di atas bukit.* 'Pecahan pesawat Trigana ditemoké ing dhuwur bukit.'
puing-puing pecahan, remukan;
berpuing-puing remuk, ajur, pecah

puisi *n* geguritan
*Siswa sedang belajar membaca **puisi**.* 'Murid-murid lagi sinau maca geguritan.'

puja, memuja *v* muja-muja, memuji;
*Mereka **memuja** menurut kepercayaannya.* 'Dhèwèké memuji miturut kapercayané.'
memuja-muja muja-muja, muji-muji

puji *n* puji, pepuji;
*Dia mengucapkan **puji** syukur kepada Tuhan.* 'Dhèwèké ngucakaké puji sukur marang Tuhan.'
memuji muji-muji;
terpuji becik banget

[1]pukul, memukul *v* **1** nggebug, njotos, menthung, ngantem;

2 ngalahaké; nyerang mungsuh;
Petinju itu ***memukul*** *lawannya hingga roboh*. 'Petinju kuwi njotos mungsuhé nganti rubuh.'
memukuli ngantemi, njotosi;
memukulkan ngantemaké, nuthukaké

²pukul *n* jam; wektu;
Sekolah masuk ***pukul*** *tujuh pagi.*'Sekolah mlebu jam pitu ésuk.'

pula *adv* uga (samono uga); manèh
Kemarin datang pagi sekarang datang pagi ***pula.*** 'Wingi teka ésuk, saiki teka ésuk manèh.'

pulang *v* mulih, bali, balik;
Selama merantau baru sekali ia ***pulang*** *ke desanya.* 'Sasuwéné ngumbara lagi sepisan dhèwèké bali ing desané.'
memulangkan mbalèkaké, ngulihaké;
pemulangan mbalèkaké;
sepulang sabaliné, sawisé bali, samulihé

pulas *a* angler, nglipus, pules (turu);
Karena lelah, Nita tertidur ***pulas***. 'Amarga kesel, Nita turu nglipus.'

pun *p* **1** uga, samono uga; **2** sanadyan, arepa, najan; **3** waé, baé
Kalau engkau setuju, aku ***pun*** *setuju.* 'Menawa kowé sarujuk, aku uga sarujuk.'

punah *a* ilang musna, musna; enték babar pisan, enték babar blas;
Tanamannya ***punah*** *terkena banjir.* 'Tandurané entèk babar pisan kena banjir';
memusnahkan musnakaké

puncak *n* pucuk; puncrit;
Regu penolong itu mulai naik ke ***puncak*** *gunung.* 'Regu tetulung iku wiwit munggah ing pucuk gunung.'
memuncak nuju pucuk

punggung *n* geger
Punggung *nenek membungguk.* 'Gegeré simbah (éyang) wungkuk.'

pungut, memungut *v* **1** njupuk, mendhet (*K*); **2** nariki (wragad), nariki sumbangan;
Hari ***memungut*** *pensilnya yang jatuh di lantai.* 'Hari njupuk potloté sing tiba ing lanté (jogan).'
pungutan tarikan

punya *v* duwé, gadhah (*K*), kagungan (*Ki*), nduwèni, darbeni;

Buku matematika yang ketinggalan ***punya*** *saya.* 'Buku matematika sing kèri duwèkku.'
berpunya sugih;
mempunyai duwé, nduwèni;
kepunyaan duwèkè, darbèké

pupuk *n* rabuk;
Pupuk *kandang itu baik jika dibandingkan pupuk organik.* 'Rabuk kandhang iku luwih apik dibandhingaké rabuk organik.'
memupuk ngrabuk;
pemupukkan anggoné ngrabuk

pupur *n* wedhak; wedhak pupur;
Sehabis mandi, Anita mengoles wajahnya dengan ***pupur*** *wangi.* 'Salebaré adus, Anita ngolèsi rainé nganggo wedhak sing wangi.'

pura-pura *adv* éthok-éthok; ora temenan; ora sanyatané;
Jangan ***pura-pura*** *tidak tahu.* 'Aja éthok-éthok ora ngerti.'
berpura-pura éthok-éthok

pusaka *n* warisan;
Sawah dan ladang itu merupakan ***pusaka*** *orang tuanya.* 'Sawah lan tegalan iku mujudaké warisan wong tuwané.'

[1]pusar *n* unyeng-unyeng, panengeran (*K*);
Adik saya mempunyai ***pusar*** *dua.* 'Adhiku duwé unyeng-unyen loro.'
berpusar muter, mubeng, muser;

[2]pusar *n* puser, wudel;
Adik saya ***pusarnya*** *sakit.* 'Adhikku wudelé lara.'

pusara *n* kuburan; makam;
Ayahku berdoa di ***pusara*** *nenek.* 'Bapakku ndonga ing makam simbah.'

pusat *n* **1** puser, wudel; **2** tengah-tengah, punjer; **3** pokok, sumber;
Keraton Yogyakarta terletak di ***pusat*** *kota Yogyakarta.* 'Kraton Ngayogyakarta mapan (ana) ing tengah kutha Ngayogyakarta.'
memusatkan 1 munjerake; **2** ngumpulaké

pusing *v* **1** mumet; **2** mubeng; ngelu; **3** susah, sedhih;
Kepala Kiki ***pusing*** *karena kepanasan.*'Sirahé Kiki mumet sebab kepanasen.'
memusingkan 1 mumetaké, njalari buyer; **2** mbingungaké, nyedhihaké, nyusahaké

putar, **putar-putar** *v* **1** mubeng-mubeng; **2** muter-muter; mlaku-mlaku;
Ia mengajak temannya ***putar-putar*** *keliling kota.* 'Dhèwèké

ngajak kancané mlaku-mlaku mubeng kutha.'
berputar *v* **1** mubeng, muter; **2** menggok, ganti ener utawa tujuwan; **3** mubeng;
memutar muter; mubeng;
putaran ubengan, puteran

putus *v* **1** pedhot; **2** rampung; **3** ilang, enték atiné;
Tambang jemurannya ***putus***.
'Tampar mèmèyané pedhot.'
memutuskan 1 medhotaké; **2** netepaké, nemtokaké; **3** nglèrènaké
terputus 1kekethok; **2** ora sambung; **3** kandheg, ora lancar;
terputus-putus 1 pedhot-pedhot, ketugel-tugel; **2** kandheg;
keputusan 1 kaputusan; **2** katetapan; **3** asil akir/pungkasan papriksan

Q

qari *n* kori, pamaca Quran (kakung)
*Amir terpilih sebagai **qari** terbaik.* 'Amir kapilih minangka kori paling apik.'

qariah *n* koriah, pamaca Quran (putri)
*Alquran dibaca oleh **qariah** terbaik di daerahnya.* 'Quran diwaca dening koriah paling apik ing dhaérahé.'

Quran *n* Quran, kitab suci agama Islam;
*Dia membeli **Quran** yang besar.* 'Dhèwèké tuku Quran kang gedhé.'

R

raba, meraba *v* **1** nggrayah; **2** nduga, ngira-ira;
*Ia **meraba** lengannya yang masih luka.* 'Dhèwèké nggrayah lengené sing isih tatu.'
meraba-raba nggrayah-nggrayah; gagap-gagap; **2** nduga-nduga, nerka

Rabu *n* Rebo (dina)
*Ujian dimulai hari **Rabu**.* 'Ujian diwiwiti dina Rebo.'

rabuk *n* pupuk; lemèn;
*Tanah itu subur karena ditaburi **rabuk**.* 'Lemah iku subur sebab disebari pupuk.'
merabuk ngrabuki, nglemèni (tanduran)

rabun *a* blawur, lamur
*Orang muda itu sudah **rabun** matanya.* 'Wong enom iku wis blawur mripaté.'

[1]**radang, meradang** *a* muring banget, nesu banget, mangkel banget;
*Dengan **meradang** dia pergi meninggalkan kita.* 'Kanthi nesu banget dhèwèké lunga ninggalaké kita.'

[2]**radang** *n* abuh
*Kakinya **radang** karena jatuh.* 'Sikile abuh amarga tiba.'

[1]**raga** *n* awak, badan
*Kita harus menjaga **raga** ini agar selalu sehat.* 'Kita kudu njaga badan iki supaya séhat terus.'

[2]**raga, memperagakan** *v* mamèraké (klambi, topi, sepatu, lsp)
*Para peragawati itu **memperagakan** busana daerah.* 'Para peragawati iku mamèraké busana dhaérah.'

ragu *n* ragu-ragu, gojak-gajek, mangu-mangu;
*Anak itu merasa **ragu** ketika disuruh mengikuti lomba cerdas cermat.* 'Bocah iku ngrasa mangu-mangu nalika ditugasi mèlu lomba cerdas cermat.'
ragu-ragu gojak-gajek, mangu-mangu

rahang *n* wang;
*Pak guru sakit **rahangnya**.* 'Pak guru lara wangé.'

rahasia *n* wadi, wewadi;
*Imam ingin tahu **rahasia** temannya.* 'Iman pingin ngerti wadi kancané.'

rajin *a* sregep; teberi; tememen
*Adik saya **rajin** belajar.* 'Adiku sregep sinau.'

rajut *n* **1** jaring; **2** rénda;
Nelayan itu menangkap ikan dengan rajut. 'Nelayan iku nyekel iwak nganggo jaring.'
merajut nggawé jaring, ngenam jaring;
dirajut dirénda; dienam

rak *n* rak; paga
*Simpanlah buku-buku itu di **rak** saja!* 'Simpenen buku-buku kuwi ing rak waé!'

rakaat ***n*** rakangat
*Salat Subuh hanya dua **rakaat**.* 'Salat Subuh mung rong rakangat.'

[1]**rakit** *n* gèthèk;
*Orang itu menyeberang sungai menggunakan **rakit.*** 'Wong iku nyebrang kali nganggo gèthèk.'
merakit nggèthèk

[2]**rakit**, **merakit** *v* ngrakit; nggathuk-nggathukake
*Mereka sedang **merakit** mesin penggiling padi.* 'Dhèwèké kabéh lagi nggathuk- nggathukaké mesin panggilingan pari.'
dirakit digandhèng-gandhèng; digathukake;

raksasa *n* **1** raseksa; **2** gedhé banget
*Truk-truk **raksasa** menghancurkan jalan yang baru dibuat itu.* 'Trek-trek gedhé ngancuraké dalan kang lagi digawé iku.'

rakus *a* **1**srakah, murka; **2** dhokoh; dremba
*Kucing itu makannya sangat **rakus**.* 'Kucing kuwi mangané dhokoh banget.'

ramah *a* gapyak, sumanak
*Ibunya **ramah** terhadap siapa pun.* 'Ibuné grapyak marang sapa waé.'

ramai *a* **1** ramé, regeng; **2** gupyuh, ribut;
*Pesta itu sangat **ramai.*** 'Pista iku ramé banget';
beramai-ramai ramé-ramé;
keramaian kraméan;
meramaikan ngramèkaké

ramal, meramal *v* ngramal; mbedhèk; nduga, ngira;
*Orang itu dapat **meramal** keadaan yang akan terjadi.* 'Wong iku bisa ngramal kahanan kang bakal kadadéyan.'
ramalan ramalan

rambat, merambat *v* **1** mrambat; **2** ngambra-ambra; nular
*Tumbuhan jipang itu **merambat** di tembok tetangga.* 'Wit

jipang iku mrambat ing témboké tangga.'

rampas, merampas *v* ngrampas; ngrebut;
Orang itu ***merampas*** *tas milik penumpang bus.* 'Wong kuwi ngrebut tas duwèké penumpang bis.'
rampasan rampasan

ramu, meramu *v* ngracik
Dia sedang ***meramu*** *obat.* 'Dhèwèké lagi ngracik obat.'

rangkai, merangkai *v* ngrangke; nggandèng;
Adik berlatih ***merangkai*** *bunga.* 'Adhik latihan ngrangké kembang.'
rangkaian rangkèan; reroncèn, rerèntèng;
serangkai sarangké; sagandhèng

rangkak, merangkak *v* mbrangkang;
Adiknya baru bisa ***merangkak.*** 'Adhiné lagi bisa mbrangkang.'

rangkap *n* rangkep; dhobel
Ijazah itu difotokopi ***rangkap*** *dua.* 'Ijazah iku dipotokopi rangkep loro.'
merangkap ndhobel

rangkul, merangkul *v* ngrangkul;
Sambil menangis dia ***merangkul*** *kakaknya.* 'Karo nangis dhèwèké ngrangkul kakangé.'
berangkulan rangkulan

rangsum *n* catu; jatah;
Para pekerja itu mendapat ***rangsum*** *dari perusahaan.* 'Wong-wong myambut gawé iku éntuk catu saka perusahaan.'
merangsum njatah, nyatu

rantau *n* negara liya;
Ayah saya bekerja di ***rantau*** *orang.* 'Bapaku nyambut gawé nang negara liya.'

[1]rapat *a* rengket; kerep; rapet;
Rumah-rumah di kota itu ***rapat*** *sekali.* 'Omah-omah ing kutha itu rengket banget.'
merapat ngrapet; mèpèt

[2]rapat *v* rapat; pirembugan
Seluruh guru sedang rapat. 'Kabèh guru lagi rapat.'

ratap, meratap *v* pasambat; nggresah (nangis lsp);
Dia ***meratap*** *melihat keluarganya mengalami musibah.* 'Dhèwèké nggresah weruh keluwargané nandhang musibah.'

[1]raut *n* praèn; wujud (bentuk);
Dengan ***raut*** *pucat anak itu dibawa ke rumah sakit.* 'Kanthi

praèn pucet bocah iku digawa menyang rumah sakit.'
raut muka wujud rai, wujud pasuryan (*Ki*)

²raut, meraut *v* nglancipi
*Sebelum menulis, dia **meraut** pensilnya.* 'Sadurungé nulis, dhèwèké nglancipi potloté nganggo rautan ut péso'

rawat, **merawat** *v* ngrawat; njaga, ngurus, ngopèni;
*Mereka mendapat pelatihan cara **merawat** tanaman.* 'Dhèwèké olèh palatihan cara ngrawat tanduran.'
terawat kopèn, kurus (kaurus), dirawat, diurus

raya *a* gedhé; mulya
*Jalan **raya** itu dibangun tiga tahun yang akan datang.* 'Dalan gedhé iku dibangun telung tahun manèh.'
merayakan maluyakaké

rayap, merayap *v* nggremet; mlaku nglongsor;
*Tentara itu **merayap** mendekati markas musuh.* 'Tentara iku mlaku nglongsor nyedhaki markas mungsuh.'

rayu, **merayu** *v* ngarih-arih, nglelipur;
*Ia **merayu** ibunya supaya diberi uang.* 'Dhèwèké ngarih-arih ibuné supaya diwènèhi dhuwit.'

rebah, merebahkan *v* ngrubuhaké; ngambrukake;
*Adik **merebahkan** diri di tempat tidur.* 'Adhik ngambrugaké awaké ing paturon (papan turu).'

rebus *v* godhog;
*Kesukaan bapak saya makan bakmi **rebus.*** 'Kasenengané bapakku dhahar bakmi godhog.'
merebus nggodhog

rebut, **berebut** *v* rebutan; dhisik-dhisikan;
*Mereka **berebut** makanan.* 'Dhèwèké kabéh rebutan panganan.';
merebut ngrebut; ngrampas

reda *v* mendha; wis surut, wis kurang
*Hujan lebat mulai **reda.*** 'Udan deres wiwit mendha.'

redam v **1** cegah; murungake; **2** ajur, remuk;
*Aparat berusaha **redam** tawuran warga.* 'Aparat mbudi daya murungaké tawuran warga.'
meredam nyegah

redup *a* **1** mendhung; surem; **2** saya kurang; mlorot
*Siang itu matahari **redup.*** 'Dina awan iku srengéngé peteng (surem).'

meredup dadi surem, dadi rada peteng

regu *n* rombongan; klompok;
***Regu** satu sudah berangkat.* 'Rombongan siji wis mangkat.'

rekan *n* kanca; mitra
*Saya mendapat **rekan** kerja dari Yogyakarta.* 'Aku éntuk kanca nyambut gawé saka Yogyakarta.'

rekat, merekat *v* kraket, tumèmpèl, tumèmplèk;
*Kertas ini dapat **merekat** pada papan apabila dilem.* 'Kertas iki bisa kraket ing blabak manawa dilim.'

reklame *n* wara-wara, iklan
***Reklame** produk itu sangat menarik hati.* 'Iklan produk iku nyengsemaké banget.'

rela *v* lila, legawa, iklas;
*Aku harus **merelakan** kepergian temanku.* 'Aku kudu nglilakaké lungané kancaku.'
merelakan ngéklasaké; nglilakaké

remaja *a* mudha; taruna;
*Usia **remaja** jangan disia-siakan.* 'Umur mudha aja disiya-siyakaké.'

remang, remang-remang *a* remeng-remeng, surem
*Karena masih pagi hanya kelihatan **remang-remang**.* 'Krana isih ésuk gur ketara remeng-remeng.'

remas, meremas *v* ngremek; ngremed
*Ia **meremas** surat itu sambil menangis.* 'Dhèwèké ngremek-remek layang iku karo nangis.'

rembes, merembes *v* mresep, mrembes
*Air hujan itu **merembes** sampai mana-mana.* 'Banyu udan iku mrembes tekan ngendi-endi.'

rembet, merembet *v* mrambat; ngambra-ambra (bab geni)
*Kebakaran hutan itu **merembet** sampai perkampungan warga.* 'Alas kobong iku mrambat nganti papan panggonan warga.'

rembulan *n* rembulan, mbulan
*Sinar **rembulan** purnama itu sangat indah.* 'Caya rembulan ndhadhari iku éndah banget.'

remeh *a* sepélé; tanpa aji;
*Mereka tidak biasa membicarakan hal-hal yang **remeh.*** 'Dhèwèké ora biasa ngomongaké bab-bab kang sepélé.'
meremehkan nyepèlèkaké

renang, berenang *v* langi, nglangi
*Adik saya belajar **berenang**.* 'Adiku ajar nglangi.'

rencana *n* rencana;
***Rencana** liburan ke Bali sudah dibicarakan.* 'Rencana prèèn nang Bali wis dirembuk.'
berencana ngrencana; ngrencanaké;
merencanakan ngrencanakaké

rendah *a* **1** endhep; **2** cendhek;
*Pohon mangga itu masih **rendah**.* 'Wit pelem iku isih cendhék.'
merendah ngendhep; mudhun;
merendahkan ngendhepaké; ngedhunaké

rendam, berendam *v* kum, kungkum;
*Ia **beréndam** di sungai.* 'Dhèwèké kungkum ing kali.'
merendam ngekum

renggang *a* **1** nggronggong, ana sela-selané; **2** ora rumaket
*Mereka berbaris agak **renggang**.* 'Dhèwèké baris rada sela (ora rapet).'

rentang, merentang *v* menthang; njèrèng
*Orang itu **merentang** kain terpal pembatas tenda.* 'Wong iku njereng kain terpal wates téndha.'

rentet *n* reroncèn; gandhèng;
*Terdengarlah **rentetan** suara senapan.* 'Kaprungu swara bedhil kang terus-terusan.'
rentetan reroncèn, gegandhèngan; rèntètan;

renung, merenung *v* dheleg-dheleg (mikir);
*Lama ia duduk **merenung**.* 'Suwé dhèwèké lungguh dheleg-dheleg .'
merenungi mikiraké

repot *a* **1** répot; ribet; **2** angèl;
*Ia sangat **repot** mengurus usaha ayahnya.* 'Dhèwèké répot banget ngurus usaha bapaké.'

resah *a* ora jenjem; ora tentrem; ora anteng;
*Pengumuman itu **meresahkan** murid-murid kelas satu.* 'Warawara iku nyebabaké ora tentrem murid-murid kelas siji.'
meresahkan nyebabaké ora tentrem, ndadèkaké ora jenjem;

resap, meresap *v* mresep, ngresep; mrembes mlebu
*Air itu **meresap** ke dalam tanah.* 'Banyu iku mresep mlebu lemah.'

resmi *a* resmi; sah;
*Kakak saya sudah **resmi** jadi pegawai negeri.* 'Kakangku wis resmi dadi pegawé negri.'

meresmikan ngresmèkaké, ngesahaké, netepaké;
peresmian paresmèn

retak *a* benthèt; mlethèk
Piring ini sudah retak. 'Piring iki wis benthèt.'

rewel *a* **1** rèwèl; **2** mrèngkèl
*Anaknya sering **rewel.*** 'Bocahé asring rèwèl.'

rezeki *n* **1** rejeki; **2** panguripan, pangupajiwa
*Dari pagi sampai sore orang itu mencari **rezeki** yang halal.* 'Saka ésuk nganti surup wongkui golèk rejeki sing kalal.'

riang *a* seneng banget, seneng atiné;
*Dengan **riang** kami menyambut Peringatan 17 Agustus.* 'Kanthi seneng banget mapag Prayaan 17 Agustus.'

rias, berias *v* dandan, macak (awak);
*Ia **berias** sebelum pergi ke pesta.* 'Dhèwèké macak sadurungé budhal menyang pista.'
diriasi didandani, dipacaki;
merias ndandani, macaki

ribu *n* èwu;
*Berapa **ribu** harga sepeda itu?* 'Pirang ewu regane pit iku?
beribu-ribu maèwu-èwu; pirang-pirang èwu;
seribu sèwu

ricuh *n* **1** ribut, padudon, pasulayan; **2** kaco, ora karuwan
*Mereka **ricuh** hanya karena masalah sepele.* 'Dhèwèké kabéh ribut (pasulayan) mung sebab masalah sepélé.'

rida *a* **1** lila; suka; **2** idin, palilah;
*Semoga kita mendapat **rida** Tuhan yang Maha Esa.* 'Muga-muga kita kabéh pikantuk palilah Tuhan ingkang Maha Esa.'
meridai mènèhi idin;

riil *n* nyata, tenan-tenan
Jumlah pengungsi yang riil hanya ada 27 orang saja. 'Jumlah pangungsi sing nyata-nyata mung wong 27 waé.'

rimba *n* alas gedhé, alas gung liwang-liwung;
Kakak saya gedhé *ditugaskan di tengah **rimba** Kalimantan.* 'Kakangku ditugasaké ing tengah alas Kalimantan.'
rimba raya alas gedhé, alas blegedhégan

rimbun *a* **1** ényum; **2** ketel (tmr rambut lsp)
*Pohon mangga di depan rumahku sangat **rimbun.*** 'Wit pelem ing ngarep omahku ngrembuyung banget.'

rindang *a* ngrembuyung; ketel (pang lan godhong wit-witan);

*Kami berteduh di bawah pohon yang **rindang.*** 'Aku kabéh ngéyub ing ngisor wit kang ngrembuyung.'

rindu *a* kangen;
*Anak itu sangat **rindu** kepada ibunya.* 'Bocah iku kangen banget marang ibuné.'
merindukan ngangenaké

ringan *a* **1** ènthèng; **2** gampang
Barang itu ringan, tidak berat. 'Barang kuwi ènthèng, ora abot.'
meringankan ngènthèngaké

ringkas *a* ringkes; singkat; cekak;
*Buku-buku itu dikemas agar **ringkas.*** 'Buku-buku iku ditata supaya ringkes.'
meringkaskan ngringkesaké
ringkasan ringkesan

ringkuk, meringkuk *v* ngringkuk; nyekukruk;
*Dengan **meringkuk** adik bersembunyi di sudut kamar tidur.* 'Kanthi ngringkuk adik ndhelik ing pojok kamar turu.'

rintih, merintih *v* ngrintih, sesambat; nggriyeng
*Pengemis itu **merintih** karena kelaparan.* 'Wong ngemis ngrintih marga keluwèn.'
rintihan sesambat

rintik *n* **1** titik; dlemok cilik; **2** tlethik
***Rintik** pada pipinya menyebabkan dia merasa malu.* 'Titik cilik ana ing pipiné njalari dhèwèké rumangsa isin.'
rintik-rintik 1 titik-titik (corak); **2** tlethik-tlethik (udan grimis)

risau *a* grinyahan; ora jenjem, ora tentrem;
*Sekarang hatinya agak **risau.*** 'Saiki atiné rada grinyahan.'

riuh *a* ramé; gayeng; gègèran;
*Suara penonton itu sangat **riuh.*** 'Swara sing nonton iku ramé banget.'
riuh réndah ramé banget, oreg

riwayat *n* kisah; crita
***Riwayat** berdirinya kerajaan Majapahit.* 'Crita (kisah) sejarah ngadegé kerajaan Majapahit.'

robek *a* suwèk, bedhah
*Karena tercangkol paku, celanaku **sobek**.* 'Marga kecangkol paku, kathokku suwèk.'
merobek nyuwèk, nyembrèt

roboh *a* rubuh; ambrug; rungkat
*Gedung itu **roboh.*** 'Gedhung iku ambrug.'

rombak *v* rombak, bungkar;
Petani terpaksa ***merombak*** *tanaman padi karena diserang hawa wereng.* 'Petani kapeksa ngrombak tanduran pari amarga diserang hama wereng.'
merombak mbungkar; ngrombak;
perombakan carané ngrombak

rongga *n* gronggongan; bolongan
Rongga *hidung anak kecil itu kemasukan debu***.'** Bolongané irung bocah cilik iku kelebon awu.'
berongga ngronggong

rongsok *a* rosok;
Sepeda tuannya sudah jadi ***rongsok.*** 'Pité sing lawas wis dadi roosok.'
rongsokan rosokan

ronta, meronta-ronta *v* njola-njola
Anak itu ***meronta-ronta*** *hendak melepaskan diri dari pegangan ibunya.* 'Bocah iku njola-njola arep nguwalaké awaké saka cekelan ibuné.'

ruang *n* **1** ruwang; **2** lowahan;
Ruang *tunggu bandara itu sangat luas***.** 'Ruwang nunggu ing bandara iku amba banget.'

ruas *n* **1** ros, ros-rosan; **2** bagéyan dalan;
Ruas *jalan tol di Jakarta sudah padat oleh kendaraan sepanjang hari.* 'Bagéyan dalan tol ing Jakarta wis padhet déning tetumpakan (kendharaan) sadawaning dalan saben dina.'
beruas duwe ros-rosan; ana rosé (ros-rosané);
beruas-ruas 1 ana ros-rosané; **2** pirang-pirang ros

rugi *a* rugi, tuna;
Pedagang bakso itu ***rugi*** *karena banyak pembeli yang tidak membayar* 'Bakul bakso iku rugi sebab akèh kang tuku ora mbayar.'
merugikan ngrugekaké

rukun *a* guyub; manunggal; sepakat, sarujuk
Kita harus hidup ***rukun*** *dengan tetangga.* 'Awaké dhéwé kudu urip sing rukun karo tangga teparo.'

rumah *n* omah;
Banyak ***rumah*** *penduduk yang tertutup oleh abu vulkanik.* 'Akèh omah pendhudhuk sing kasaput dèning awu vulkanik.'
serumah saomah

rumah tangga *n* kulawarga
*R**umah tangga*** itu sangat rukun. 'Kaluwarga kuwi rukun banget.'
berumah tangga omah-omah

rumit *a* angèl banget; ruwet;
*Masalahnya sangat **rumit**.* Masalahé angèl banget.
merumitkan ndadèkaké angèl, ngangèlakeé

rumpun *n* **1** dhapur; **2** bangsa;
*Pekarangannya banyak ditumbuhi **rumpun** bambu.* 'Pekarangané akèh tukulan dhapuran pring.'
serumpun 1 sedhapur; **2** sebangsa

rumput *n* suket
*Sapi itu makan **rumput**.* 'Sapi kuwi mangan suket.'
merumput 1 ngarit (suket); **2** lagi mangan suket

runcing *a* lancip
*Pensil itu diraut hingga **runcing**.* 'Potlot iku diongoti nganti lancip.'

runding *v* rebugan; rundhingan;
berunding rerundhingan; rembugan, guneman;
*Ia ingin **berunding** dulu dengan teman-temannya.* 'Dhèwèké kepéngin rerundhingan dhisik karo kanca-kancané.'
dirunding dirembug

rundung, merundung *v* **1** nyusahaké; ngganggu; nggodha; **2** ngebruki ut ngenani (tmr kasusahan, lsp);
*Pak Ali teringat akan kecelakaan yang **merundung** keluarganya.* 'Pak Ali kelingan kacilakan kang ngenani keluwargané.'
dirundung ketiban kasusahan

runtuh *v* **1** ambruk; rubuh; **2** rusak babar pisan
*Rumah itu **runtuh** karena tertimpa pohon besar.* 'Omah iku ambruk amarga ketiban wit gedhé.'
keruntuhan *n* kambrukan; krubuhan

rupa *n* **1** rai, praupan; prejengan; **2** wujud, rerupa
*Orang gila itu memiliki **rupa** yang menakutkan anak kecil.* 'Wong édan iku nduwé rupa sing medèni bocah cilik.'
berupa awujud; rupané;
menyerupai 1 mirip karo; **2** madhani;
sarupa sarupa; padha rupa; sajinis

rupiah *n* gélo
*Saya diberi uang seribu **rupiah**.* 'Aku diwènèhi dhuwit sèwu gélo.'
serupiah sagélo

rusak *a* **1** rusak; **2** ora bisa mlaku manèh; **4** sirna, lebur;
*Mobil saya **rusak** di bengkel.* 'Mobilku rusak ing mbèngkèl.'
merusak ngrusak

rusuk *n* **1** iga; **2** sisih, iringan
***Rusuk** yang kanan sakit.* 'Iga sing tengen lara.'

ruwet *a* **1** ruwet; rumit; brundhet; **2** kisruh
*Masalahnya semakin **ruwet**.'* Masalahé tambah kisruh.'
keruwetan karuwetan; kakisruhan

S

saat *n* **1** wektu, wekdal (*K*); **2** nalika; rikala;
Saat ini Riza di rumah. 'Wektu iki Riza ing omah.'
sesaat sadhéla

sabar *a* **1** sabar; sarèh; **2** tabah; anteng; ora kesusu;
Ayah mengajari saya dengan ***sabar.*** 'Bapak ngajari aku kanthi sarèh.'
menyabarkan nyabaraké; nyarèhaké;

sabda *n* sabda; tetembungan; pocapan;
S***abda*** *Nabi harus diikuti oleh setiap umat-Nya.* 'Sabda Nabi kudu diéloni déning saben umaté.'
bersabda paring sabda; ngandika

sabit *n* arit, sabit (*K*);
Pak tani mencari rumput dengan ***sabit.*** 'Pak Tani nggolèk suket nganggo arit.'
menyabit ngerit; ngarit

sabung *v* **1** adu; **2** tarung;
Di desaku ***sabung*** *ayam dilarang.* 'Ing désaku adu pitik dilarang (ora diidinaké).'

bersabung ngedu (ngadu)

sabut *n* sepet;
Sabut *kelapa dibuat untuk sapu.* 'Sepet krambil digawé kanggo sapu.'

sadap, menyadap *v* ndèrès;
Ayahku sedang ***menyadap*** *pohon karet.* 'Bapakku lagi ndèrès wit karet.'
sadapan deresan

sadar *a* **1** insap, sadhar; **2** eling manèh;
Setelah ***sadar,*** *Titik sekarang ingin sekolah lagi..* 'Sawisé insap, Titik saiki kepingin sekolah manèh.'
menyadari ngélingi; ngrumangsani;
menyadarkan 1 ngèlingaké; nginsapaké; **2** èling (saka semaput)

sahabat *n* kanca; sobat;
Nita mengundang ***sahabat*** *lamanya untuk makan bersama-sama.* 'Nita ngundang kanca lawasé perlu mangan bareng-bareng.'
bersahabat kekancan; memitran;
persahabatan sesambungan; kekancan; memitran;

sahabat karib kanca raket; kanca kenthel

sahaja *adv* **1** sabeneré, pancèn mangkono; **2** apa anané; samesthiné; salumrahé;
*Arsita makin **sahaja** makin anggun penampilannya.* 'Arsita saya prasaja saya ngresepaké panampilané.'
bersahaja prasaja

sahaya *n* abdi; batur; kawula; aku
*Raja mempunyai banyak **sahaya** yang siap melayaninya.* 'Raja nduwé abdi akèh kang siap ngladèni.'

sahut *n* jawab;
*"Aku tak tahu di mana Ani berada", **sahut** Ali.* '"Aku ora ngerti ana ing ngendi Ani", jawab Ali.'
bersahutan saut-sautan; padha déné njawab;

saing, bersaing *v* jor-joran, rebut unggul, rebut menang;
*Anak-anak **bersaing** untuk memperoleh nilai tinggi.* 'Bocah-bocah jor-joran (rebut unggul) saperlu oleh biji dhuwur.'
menyaingi nyaingi; ngunggguli;
tersaingi kunggulan, kesaing

saja *adv* **1** waé; bae; **2** uga
*Kegiatan sekolah **saja** yang boleh diikutinya.* 'Kagiyatan sekolah waé sing olèh diéloni.'

saji, **menyajikan** *v* nyuguhaké, nyedhiyakaké, nyawisaké;
*Ibu **menyajikan** makanan untuk tamu.* 'Ibu nyuguhake panganan kanggo dhayoh (tamu).'
penyajian tumindak nyuguhaké, cawisan

sakit *a* lara, sakit (*K*), gerah (*Ki*);
*Nenek sedang **sakit**'*. Simbah lagi gerah.'
menyakitkan nglarakaké;
sakit-sakitan lelaranen; laralaranen;
penyakit lelara;
kesakitan kelaranen

saksi *n* **1** seksi; **2** bukti sing bener;
*Paman menjadi **saksi** peristiwa itu.* 'Paman dadi seksi prastawa (kadadéyan) iku.'
bersaksi nyeksèni;
menyaksikan weruh tenan; nyeksèni

sakti *a* sekti; ampuh;
*Ayahnya dianggap sebagai orang **sakti**.* 'Bapaké dianggep pinangka wong sekti.'
kesaktian kasektèn

saku *n* sak, kanthongan
***Saku** bajunya tiga buah.* 'Saké klambiné telu'.

salah *a* salah, luput; klèru;
*Pekerjaan rumahku tidak ada yang **salah.*** 'PR-ku ora ana sing luput.'
bersalah salah, luput;
menyalahi 1 nyalahi; **2** mblénjani;
kesalahan kaluputan

salak, **menyalak** *v* njegog;
*Terdengar anjing itu **menyalak** dari kejauhan.* 'Keprungu asu njegog saka kadohan.'

saldo *n* sisa, turahan;
***Saldo** tabungaku tinggal Rp50.000.* 'Sisa cèlènganku kari Rp50.000.'

saling *adv* padha déné
*Kedua petinju itu **saling** memukul.* 'Petinju loro iku padha déné ngantem.'

salur, menyalurkan *v* **1** ngilèkaké (banyu); **2** nerusaké (usul);
*Wali kelas itu **menyalurkan** keinginan murid-murid pada kepala sekolah.* 'Wali kelas iku nerusaké usul kepénginan murid-murid marang kepala sekolah.'
saluran 1 ilèn-ilèn, kalènkalènan; **2** talang (pipa)

sama *a* **1** padha; **2** barengan;
*Wajah kedua anak itu hampir **sama**.* 'Rupané bocah loro iku mèh padha.'
bersama bareng;
bersamaan bebarengan;
menyamakan 1 madhakaké; **2** mbandhingaké;
sesama sapadha-padha

samar, samar-samar *a* **1** samar, lamat-lamat; remeng-remeng; **2** blawur;
*Bayangannya tampak **samar-samar**.*' Ayang-ayangé katon remeng-remeng.'
menyamar nyamar

sambal *n* sambel;
*Kak Atizah makan dengan **sambal** terasi.* 'Mbak Atizah mangan karo sambel trasi.'
menyambal nyambel

sambar, menyambar *v* **1** nyamber, nylamber; **2** ndilat; 3 nyolong; ngrebut
*Burung elang itu **menyambar** ayam. 'Manuk wulung iiku nylamber pitik.'*

sambil *p* **1** karo; **2** ngiras pantes;
*Tiara tersenyum ramah **sambil** menyerahkan kado.* 'Tiara mesem suméh karo masrahaké kadho.'
sambil lalu satléraman; sagebyaran;
sambilan sambèn

sambung *v* sambung; gathuk;
*Telepon tadi ternyata salah **sambung**.* 'Télépon mau nyatané salah sambung.'
bersambung 1 sambung; **2** ana terusé, ana tutugé; **3** sesambungan;
menyambungkan nyambungaké;
sambungan 1 sambungan, gathukan; **2** terusané, tutugé, candhaké

sambut *v* tampa, tanggap;
*Kehadiran saudara, kami **sambut** dengan gembira.* 'Tekané sadulur, dak tampa kanthi suka gembira.'
menyambut 1 nampa; **2** nanggapi, nampani; **3** mapak, methukaké;
sambutan 1 panampa, tanggapan; **2** tanggap sabda

sampah *n* uwuh; larahan
*Jangan membuang **sampah** di sembarang tempat.* 'Aja ngguwang uwuh saenggon-enggon.'

sampai *v* **1** tekan, ketuk; **2** nganti, tekan (ing); **3** nyandhak (wektu); luwih saka;
*Dia **sampai** di Jakarta sudah malam.* 'Dhèwèké tekan Jakarta wis wengi.'
sampai-sampai 1 saéngga; **2** nganti;
menyampaikan 1 mènahaké; **2** ngeteraké; nekakaké;
sesampai 1 tekan ing, sawisé teka; **2** sacukupé, samampuné

sampan *n* prau cilik;
*Supaya sampai tempat yang dituju, anak-anak harus naik **sampan**.* 'Supaya tekan papan sing dituju, bocah-bocah kudu numpak prau cilik.'
bersampan numpak prau, nunggang prau

samping *n* sisih, iringan;
*Di **samping** rumah Ani ada pohon besar.* Ing sisih (iringan) omah Ani ana wit gedhé.'
menyamping nyisih, minggir;

sampul *n* samak;
***Sampul** buku Laura warnanya putih.* 'Samak buku Laura wernané putih.'
bersampul nganggo samak, samakan;
menyampuli nyamaki (buku)

samudra *n* sagara, samodra;
*Kapal perang itu menjelajahi **Samudra** Atlantik.* 'Kapal perang iku njlajahi Segara Atlantik.'

sana *pron* kana, mrana
*Kalau kita datang ke **sana** akan diberi buah-buahan.* 'Manawa

kita teka mrana arep diwènèhi woh-wohan.'

sandar, **bersandar** *v* **1** suméndhé; sèndhèn; **2** labuh (prau);
Paman berdiri sambil ***bersandar*** *ke mobil.* 'Paman ngadeg karo sumèndhè ing mobil.'
disandarkan disèndhèkaké; **menyandarkan 1** nyèndhèkaké ing; **2** gumantung marang;
sandaran sèndhèn

sandi *n* sandi, wadi, kodhe
Polisi mengirim berita dengan bahasa ***sandi.*** 'Pulisi ngirim pawarta kanthi basa sandi (wadi).'

sandung, menyandung *v* nyandung;
Kaki adik ***menyandung*** *batu hingga luka.* 'Sikilé adhik nyandhung watu nganti tatu.'
tersandung kesandhung

sangat *adv* **1** banget, paling; **2** nemen;
Harga buku di toko itu ***sangat*** *murah.* 'Rega buku ing toko iku murah banget.'
menyangatkan mbangetaké

sanggah, menyanggah *v* **1** mbantah, nyanggah; **2** mrotès:
Pertanyaan itu untuk ***menyanggah*** *tuduhan yang ditunjukkan kepadanya.* 'Pitakonan iku kanggo mbantah tudhuhan kang dituduhaké (marang) dhèwèké.'

sanggul *n* gelungan, kondhé;
Banowati memakai ***sanggul*** *ketika Hari Kartini.* 'Banowati nganggo kondhé (gelungan) nalika Haari Kartini. '
bersanggul gelungan; kondhéan

sanggup *v* **1** saguh; gelem; **2** bisa;
Paman ***sanggup*** *mengerjakan pekerjaan yang kasar.* 'Paman saguh nindakaké pagawéyan sing kasar.'
menyanggupi nyaguhi, njanjèni

sangka *v* **1** sangka, duga, kira; **2** curiga;
Jangan buruk ***sangka*** *kepada teman.* 'Aja duga èlèk marang kanca.'
menyangka ngira, nduga; **sangkaan** dakwan, taksir

sangkal, **menyangkal** *v* mbantah, mukir, sélak;
Ani ***menyangkal*** *mengambil pensil temannya.* 'Ani sélak njupuk potlot kancané'.
sangkalan bantahan

sangkala *n* slomprét, trompét
Pada upacara pramuka itu terdengar ***sangkala.*** '(Ana) ing upacara pramuka kaprungu (swara) slomprét.'

sangkar *n* kurungan;
Setiap hari terdengar bunyi burung ***dalam*** *sangkar.* 'Saben dina keprungu swara manuk ing (jero) kurungan.'

sangkut, bersangkutan *v* gegayutan, magepokan, gegandhèngan;
Kepada yang ***bersangkutan*** *diminta untuk menyerahkan semua bekalnya.* 'Marang sing kawogan dijaluk supaya nyerahake sanguné kabèh.'
menyangkut 1 nyangkut, nyangsang; **2** magepokan, gegayutan karo;
menyangkutkan 1 nyangkutaké; nyanthèlaké; **2** ngembètaké, nggayutaké;
tersangkut 1 kesangkut, kecanthèl; **2** katut, mèlu

sangrai, menyangrai *v* sangan, nyangan, nggangsa;
Ibu sedang ***menyangrai*** *kacang tanah.* 'Ibu lagi nggangsa kacang brol.'

sangsi *a* tidha-tidha, kuwatir, ragu-ragu, was-was;
Maya ***sangsi*** *akan kebenaran cerita temannya itu.* 'Maya tidha-tidha bab benerané crita kancané iku.'

sanjung, menyanjung *v* ngalem, ngalembana;
Pak guru suka ***menyanjung*** *siswanya yang berprestasi.* 'Pak guru seneng ngalembana muride sing duwé prestasi.'
tersanjung kaalembana, dialembana

santan *n* santen
Ibu mengolak dengan ***santan.*** 'Ibu nggawé kolak nganggo santen.'

santap, menyantap *v* mangan;
Paman ***menyantap*** *satai dengan enaknya.* 'Paman mangan saté kanthi énak banget.'
santapan panganan

santun *a* alus budi, sabar, sopan;
Sabarno anak yang ***santun.*** 'Sabarno bocah sing alus budiné.
menyantuni nyantuni; mènèhi bantuan, nulung marang wong liya;
santunan bantuwan, ganti rugi

saran *n* pituduh, pitutur;
Bapak ibu guru memberi ***saran*** *kepada para siswanya.* Bapak ibu guru awèh (paring) pi-

tutur marang para muridé.'
menyarankan mènèhi pituduh, awèh pitutur

sarana *n* srana, gegaran; sarat
*Buku merupakan **sarana** belajar yang sangat baik.* 'Buku minangka srana sinau sing apik banget.'

sarang *n* **1** susuh; **2** papan panggonan, pandhelikan;
*Burung membuat **sarang** di pohon yang tinggi.* 'Manuk nggawé susuh nang wit sing dhuwur.'
bersarang 1 nyusuh; **2** manggon

saring, menyaring *v* **1** nyaring; **2** milih, mbiji, nyelèksi;
*Ibu **menyaring** santan kepala.* 'Ibu nyaring santen krambil.'
saringan saringan

sasar, menyasar *v* ngarah, nuju, ngener (marang);
*Arah tembakannya **menyasar** pada kancil.* 'Témbakané ngarah marang kancil.'
sasaran 1 inceran; **2** ener, tujuwan

satu *num* **1** siji; **2** sapisan, kapisan;
*Adik saya ada di kelas **satu**.* 'Adhiku ana ing klas siji.'
bersatu 1 manunggal; **2** saiyeg saéka praya;
menyatu manunggal;
persatuan manunggaling;
kesatu kapisan

satwa *n* sato kéwan
*Kebun Binatang Gembiro Loka memiliki **satwa** yang lengkap.* 'Kebun Binatang Gembiro Loka nduwèni sato kéwan sing pepak.'

saudara *n* **1** sadulur, sedhèrèk (*K*); **2** sanak kadang, sanak sadulur;
***Saudara** saya enam orang.* 'Sedulurku wong enem.'
bersaudara 1 duwé sadulur; **2** kakang adhi

sauh *n* jangkar;
*Awak kapal sedang menambatkan **sauh.*** 'Punggawaning kapal lagi nancangaké jangkar.'

sauk *n* cidhuk, gayung;
*Adik mengambil air dengan **sauk.*** 'Adhik njupuk banyu nganggo gayung.'
menyauk nyidhuk; nimba

saya *pron* aku, kula (*K*), adalem (*Ki*)
*Adik **saya** duduk di kelas lima.* 'Adhiku lungguh ing klas lima.'

[1]sayang *a* tresna;
*Saya sekeluarga **sayang** sekali*

terhadap nenek. Aku sakluwarga tresna banget marang simbah.'

menyayangi nresnani, asih marang;

kesayangan 1 kasenengan; **2** kekareman

[2]sayang *a* **1** (rasa) éman; **2** mesakaké, melas

***Sayang** kalau malam ini tidak belajar.* 'Éman nèk bengi iki ora sinau.'

sayap *n* swiwi, elar;

***Sayap** burung itu patah.* 'Swiwi manuk iku tugel.'

bersayap ana swiwiné, duwé elar

sayur *n* jangan;

*Kita dianjurkan makan **sayur** dan buah-buahan.* 'Kira diprayogakaké mangan jangan lan woh-wohan.'

sayuran janganan;

sayur-mayur jejanganan

menyayur njangan

sebab *n* **1** jalaran; **2** marga, pinangka; akibat;

*Amir tidak masuk sekolah **sebab** sakit.* 'Amir ora mlebu sekolah jalaran lara.'

menyebabkan 1 nyebabaké; njalari; **2** minangka; lantaran

sebal *a* sebel;

***Sebal** hatiku melihat sikapnya yang sombong.* 'Sebel atiku ndeleng tumindaké sing umuk.'

menyebalkan nyebelaké, njalari sebel

sebar, menyebar *v* **1** nyebar; **2** ngedum, ngirim;

*Berita itu sudah **menyebar** ke mana-mana.* 'Kabar kuwi sumebar menyang endi-endi.'

menyebarkan nyebaraké;

tersebar kasebar; kabagi-bagi

sebentar *n* sadhéla

*Duduklah **sebentar** nak saya mau ngomong.* 'Lungguha sadhéla nak, aku arep ngomong.'

seberang *n* sabrang

*Kantornya di **seberang** jalan itu.* 'Kantoré ing sabrang dalan iku.'

menyeberang nyabrang, nylabrang;

menyeberangkan nyabrangaké

sebut, menyebut *v* **1** nyebut, ngucapaké; **2** njenengi;

*Saya berdoa dengan **menyebut** nama Tuhan.* 'Aku ndonga karo nyebut asma Allah (Tuhan).'

tersebut kasebut, wis disebutaké;

sebutan 1 paraban; **2** ucapan

sedak, tersedak *v* **1** kaselak; **2** cleguken, cekiken:
*Adik saya **tersedak** ketika makan rambutan.* 'Adhikku kaselak nalika mangan rambutan.'

[1]**sedang** *adv* lagi, nembé; lagi waé;
*Ani **sedang** belajar menari.* 'Ani lagi sinau njogèd.'

[2]**sedang** *a* **1** sedhengan; cukupan; **2** cukup, pas-pasan, prasaja
*Rumah ini ukurannya **sedang** cocok untuk saya.* 'Omah iki sedhengan cocok kanggo aku.'

[3]**sedang, sedangkan** *p* mangka, kamangka;
*Arif belajar, **sedangkan** Amir tidur.* 'Arif sinau, kamangka Amir turu.'

sedap *a* **1** sedhep, enak; mirasa; **2** arum, wangi; **3** nikmat, énak;
*Rumah itu **sedap** dipandang karena bersih dan rapi.* 'Omah iku sedhep dideleng sebab resik lan rapi.'
menyedapkan nyedhepaké

sederhana *a* **1** prasaja, biasa; **2** lumrah;
*Hidupnya Pak Karyo sangat **sederhana.*** 'Uripé Pak Karyo prasaja banget.'
menyederhanakan mrasajakaké

sedia *v* **1** sedhiya, sumadya; **2** wis ana; siap;
*Di toko itu **sedia** buku gambar.* 'Nang toko iku sumadhiya buku gambar.'
bersedia saguh, sanggup;
menyediakan nyedhiyakaké; nyumadiyakaké;
tersedia sumadya, sumadhiya, wis cumawis

sedih *a* **1** sedhih, susah; **2** trenyuh;
*Anaknya **sedih** mendengar ibunya sakit.* 'Anaké sedhih krungu ibuné lara.'
bersedih sedhih, susah;
menyedihkan 1 nyeddhihaké, nyusahaké; **2** nrenyuhaké

sedikit *a* sethithik;
*Hanya **sedikit** yang tidak rajin belajar.* 'Mung sethithik sing ora sregep sinau.'
sedikitnya 1 paling sethithik; **2** saora-orané

sedot, menyedot *v* nyedhot, nyerot;
*Jangan **menyedot** minuman itu.* 'Aja nyerot ombènombèn kuwi.'
tersedot kasedhot, kaserot;
sedotan sedhotan, serotan

sedu *a* sesegen;
*Retno menangis **sedu** karena ibunya meninggal.* 'Retno nangis sesegen sebab ibuné tinggal donya.'
tersedu-sedu kamisesegen; sesenggrukan

segala *num* kabéh, sakabèhé;
***Segala** permasalahan dapat diselesaikan oleh ayah.* 'Sakabèhé masalah bisa dirampungaké dening bapak.'
segalanya sakabéhe

segan *a* sungkan; pakéwuh; males;
*Para siswa **segan** kepada gurunya.* 'Murid-murid sungkan marang guruné.'
disegani disungkani; dikormati

segar *a* **1** bagas waras, séhat; **2** seger;
*Hari ini badan saya **segar**.* 'Dina iki awakku bagas waras (séhat).'
segar bugar bagas waras

segera *adv* cepet-cepet, énggal-énggal
*Ketika anaknya sakit ibu **segera** membawa ke rumah sakit.* 'Nalika anaké lara, ibu ènggal-énggal nggawa menyang rumah sakit.'

sehat *a* sehat, bagas waras;
*Jalan kaki dapat membuat badan **sehat.*** 'Mlaku-mlaku bisa nyebabaké badan séhat (waras).'
menyehatkan nyéhataké, nyebabaké waras;
kesehatan kasarasan

sehingga *p* saéngga
*Fajar sering berjalan jauh **sehingga** sepatunya cepat rusak.* 'Fajar asring mlaku adoh saéngga sepatuné cepet rusak.'

sejahtera *a* makmur, rahayu; ayem tentrem
*Rakyat Indonesia mengharapkan hidup **sejahtera.*** 'Rakyat Indonesia ngajap urip ayem tentrem, makmur, rahayu.'

sejak *p* wiwit, saka
***Sejak** kecil hingga sekarang tinggal di desa.* 'Wiwit cilik nganti saiki mapan (omah) ing désa.'

sejati *a* asli, tulèn
*Abdulah seorang seniman **sejati.*** 'Abdulah (salah) sawijining seniman tulèn.'

sejuk *a* **1** edhum, adhem (hawa); **2** seneng, lega;
*Lereng gunung Lawu udaranya **sejuk**.* 'Pèrènging gunung lawu hawané adhem.'
menyejukkan nyegeraké

sekali *a* **1** sapisan; **2** banget;
Amir tidak masuk sekolah hanya ***sekali***. 'Amir ora mlebu sekolah gur sapisan.'
sekalian 1 kabéh; **2** sisan

sekaligus *adv* babar pisan, bebarèngan, sisan
Kita membeli buku ***sekaligus*** *makan.* 'Kita tuku buku sisan mangan.'

sekalipun *p* sanajan, sanadyan
Sekalipun *kaya raya hidupnya sederhana.* 'Sanadyan sugih mblegedhu uripé prasaja.'

sekam *n* mrambut
Sekam *itu mudah terbakar* **.** 'Mrambut iku gampang kobong.'

sekap, menyekap *v* **1** ngurung; **2** nahan;
Polisi itu ***menyekap*** *pencuri.* 'Polisi iku ngurung maling.'
tersekap kekurung

sekarang *n* saiki, wektu iki;
Sekarang *adik sedang tidur.* 'Saiki adhik lagi turu.'

sekat *n* **1** aling-aling, let; **2** alangan;
Sekat *antara ruang makan dan ruang tamu terbuat dari bambu.* 'Aling-aling (let) kamar mangan lan kamar dhayoh digawé saka pring.'
menyekat nyekat, ngeleti;
sekatan let-letan

sekian *pron* samené (waé);
"Pelajaran hari ini cukup ***sekian****", kata pak guru.* "Wulangan dini iki cukup saméné", ngendikané pak guru.'
sekian saja saméné waé

sekitar *n* sakiwa tengené, saubengé
Anak-anak sebaiknya bermain di ***sekitar*** *sekolah saja.* 'Bocah-bocah beciké dolanan ing sakiwa tengené sekolah waé.'

sekonyong-konyong *adv* dadakan, dumadakan, ujug-ujug
Irwan bangun dan ***sekonyong-konyong*** *berlari.* 'Irwan tangi lan ujug-ujug mlayu.'

selaku *p* minangka
Selaku *siswa, mereka wajib belajar.* 'Minangka murid, dhèwèké kabèh kudu sinau.'

selalu *adv* tansah; terus-terusan; asring,
Anak-anak ***selalu*** *ceria setiap datang kemari.* 'Bocah-bocah tansah seneng saben teka mréné.´

selam *v* silem, slulup;
Angkatan Laut kita memiliki kapal ***selam*** *yang modern.*

'Angkatan Laut kita nduwèni kapal silem sing modhèren.'

menyelam nyilem, nylulup; **penyelam** juru silem

selamat *a* slamet, rahayu, basuki;

*Orang itu **selamat** dari kecelakaan.* 'Wong iku slamet saka kacilakan.'

menyelamatkan nylametaké; **selamatan** slametan; **keselamatan** kaslametan

selang *n* let, sawatara;

***Selang** tidak lama Badu datang.* 'Ora let suwé Badu teka.'

berselang ana selané, ana leté

selatan *n* kidul

*Laut **selatan** banyak pantainya.* 'Segara kidul akèh pesisiré.'

seleksi *n* panyaringan, pamilihan;

*Tes **seleksi** masuk SLTP tahun 2016 mulai hari Senin ini.* 'Tès panyaringan mlebu SLTP taun 2016 wiwit dina Senén iki'.

menyeleksi nyaring, milih; **diseleksi** disaring, dipilih

selenggara, menyelenggarakan *v* nganakaké; nindakaké;

*Sekolah kami **menyelenggarakan** kerja bakti setiap hari Sabtu.* 'Sekolahku (kita) nganakaké kerja bakti saben dina Setu.'

terselenggara katindakna

selera *n* pepenginan, kekarepan (mangan)

*Ayah tidak **selera** makan karena sedang sakit.* 'Bapak ora pingin dhahar amarga lagi sakit.'

selesai *v* rampung, tamat;

*Rapat para guru **selesai** pukul 11.30.* 'Rapat para guru rampung jam 11.30.'

menyelesaikan ngrampungaké (pakaryan)

selidik, **menyelidiki** *v* niti priksa, mriksa;

*Petugas **menyelidiki** sebab kematian sapi itu.* 'Petugas niti priksa sebab matiné sapi iku.'

selimut *n* slimut, kemul, kamli;

*Adik memakai **selimut** agar tidak kedinginan.* 'Adhik nganggo kemul supaya ora kadhemen.'

berselimut kemulan; **menyelimuti** ngemuli

seling, berseling *v* gonta-ganti; let-let;

*Nyanyian **berseling** dengan*

lawakan. 'Nyanyian gontaganti karo lawakan.'

diselingi diselani, dileti (wektuné)

selip, menyelip *v* nylempit, nyusup (nusup), nylusep;

Surat undanganku entah ***menyelip*** *di mana.* 'Layang ulemanku (undanganku) embuh nylempit nang ngendi.'

menyelipkan nylempitaké; ndlesepaké;

terselip keslempit, sumlempit

selisih *n* kacèk; béda;

Harga barang di kedua toko itu ***selisih*** *banyak.* 'Rega barang ing toko loro iku kacèk akèh.'

perselisihan pasulayan, padudon

seloroh *n* lelucon, geguyon, gegojègan;

Seloroh *Ahmad tidak menyinggung temannya.* 'Geguyon Ahmad ora nyinggung kancané.'

berseloroh geguyon, gegojègan

seluruh *num* kabéh; saéntoro;

Pada tanggal 17 Agustus ***seluruh*** *warga mengibarkan Sang Merah Putih.* 'Nalika tanggal 17 Agustus kabèh warga Indonesia ngèrèk Sang Merah Putih.'

menyeluruh wrata, kabéh

semai, menyemai *v* ndhedher (winih);

Ayah ***menyemai*** *bibit padi di sawah.* 'Bapak ndhedher winih pari ing sawah.'

persemaian pawinihan, paminihan

semangat *a* greget, grengseng;

Lia belajar dengan penuh ***semangat.*** 'Lia sinau kanthi greget temenan.'

bersemangat gumreget

semarak *a* regeng; ramé

Semarak *kegiatan 17 Agustus.* 'Regeng kagiyatan 17 Agustus.'

sembah, menyembah *v* nyembah, muja marang;

Setiap umat beragama wajib ***menyembah*** *Tuhannya.* 'Saben wong sing duwé agama wajib nyembah marang Gustiné.'

mempersembahkan nyuguhaké (pakurmatan)

sembarang *n* saenggon-enggon, ing endi waé;

Kita tidak boleh membuang sampah di ***sembarang*** *tempat.* 'Kita ora olèh ngguwang uwuh ing saenggon-enggon.'

sembarangan sembarangan, mung waton

sembelih, menyembelih *v* mbelèh
Untuk acara selamatan, Pak Amir ***menyembelih*** *kambing dua ekor.* 'Kanggo acara slametan, Pak Amir mbelèh wedhus loro.'

sembilu *n* welat
Sembilu *dari bambu sangat tajam.* 'Welat saka pring landhep banget.'

sembuh *v* mari, waras;
Ayo dik minum obat agar cepat ***sembuh.*** 'Ayo dhik ngombé obat supaya cepet mari (séhat).'
menyembuhkan marèkaké, nggawé waras

sembur, bersemburan *v* metu, muncrat-muncrat;
Air kran itu ***bersemburan*** *sebab bocor.* 'Banyu kran iku metu muncrat-muncrat sebab bocor.'
menyembur nyembur, nyemprot (muncrat);
semburan semprotan, semburan (lumpur, blethok)

sembunyi, bersembunyi *v* ndhelik, ngumpet, umpetan;
Meini ***bersembunyi*** *di balik pintu.* 'Meini ndhelik (ngumpet) ing suwaliké lawang.'
sembunyi-sembunyi ndhelik-ndhelik;
menyembunyikan ndhelikaké

semenjak *p* wiwit, wiwit saka
Semenjak *berusia lima tahun Nita ikut neneknya di kampung.* 'Wiwit umur limang taun Nita mèlu simbahé nang ndesa.'

sementara *n* **1** sawatara wektu, ing nalika; **2** sasuwéné
Sementara *ini kami tidur di rumah paman.* 'Sawatara wektu iki aku turu ing ngomahé pak cilik.'

semerbak *a* ngambar, amrik, wangi;
Bunga melati itu ***semerbak*** *baunya.* 'Kembang mlathi iku amrikngambar ambuné.'

semesta *num* kabéh, sakabèhé
Alam ***semesta*** *ini ciptaan Allah.* 'Alam donya sakabèhé iki ciptan Allah.'

sempat *v* longgar, kober;
Saya tidak ***sempat*** *sarapan karena hari sudah siang.* 'Aku ora kober sarapan sebab wis awan.'
menyempatkan merlokaké, nyelakaké, nglonggaraké;
kesempatan éntuk kalong-

garan, olèh wektu

sempit *a* **1** sesak; **2** ciyut;
Bajunya Ani agak ***sempit****.* 'Klambiné Ani rada sesak.'
menyempit dadi ciyut, dadi cilik;
menyempitkan nyiyutaké, nyilikaké

sempoyongan *a* gloyoran, mlaku sempoyongan
Orang tua itu berjalan ***sempoyonga*****n.** 'Wong tuwa iku mlaku gloyoran.'

semprot, menyemprot *v* nyemprot;
Pak Madya ***menyemprot*** *api dengan air.* 'Pak Madya nyemprot geni nganggo banyu.'
menyemproti nyemproti;
disemprotkan disemprotaké

semrawut *a* awut-awutan; ora karu-karuwan
Di dalam pasar itu kelihatan ***semrawut.*** 'Nang jero pasar iku katon awut-awutan.'

semua *num* kabèh;
Semua *siswa lulus ujian tahun ini.* 'Kabèh murid lulus ujian taun iki.'

senandung, **bersenandung** *v* rengeng-rengeng (nyanyi)
Pak guru ***bersenandung*** *sambil duduk.* 'Pak guru rengeng-rengeng (nyanyi) sinambi lungguh.'

senang *a* seneng, gumbira;
Saya ***senang*** *kalau kakak lulus ujian.* 'Aku seneng manawa kangmas lulus ujian.'
menyenangkan nyenengaké

senantiasa *adv* tansah, terusterusan;
Anita ***senantiasa*** *datang paling awal.* 'Anisa tansah teka paling dhisik.'

senapan *n* bedhil (laras panjang):
Siapa yang memiliki ***senapan*** *harus memiliki izin.* 'Sapa sing duwé bedhil kudu duwé idin.'

senda, senda gurau *v* gojèg, guyonan;
Para siswa ***senda gurau*** *ketika istirahat.* Murid-murid geguyonan nalika ngaso.'

sendal *n* srandhal, sandhal:
Anak-anak di kelas tidak boleh memakai ***sandal.*** 'Bocah-bocah ing klas ora olèh nganggo srandhal.'

sendat, tersendat *v* rendhet, seret;
Jalannya ***tersendat*** *karena sakit.* 'Mlakuné rendhet amarga lara.'

tersendat-sendat rendhet-rendhet; rendhet banget

sendi *n* athik-athikan, èngsèl
***Sendi** kaki Ari agak nyeri.* 'Èngsèl sikile Ari rada lara.'
persendian èngsèl

sendiri *pron* dhéwé, dhèwèkan;
*Pak guru **sendiri** yang mengumumkan lulus ujian..* 'Pak guru dhéwé sing ngumumaké lulus ujian.'
sendiri-sendiri dhéwé-dhéwé

sendu *a* sedhih, susah, nggrantes;
*Wajahnya kelihatan **sendu**.* 'Rainé katon ing susah.'

sengaja *v* sengaja; njarag;
*Amir memang **sengaja** datang hari ini.* 'Amir pancèn sengaja (njarag) teka dina iki.'
kesengajaan njarag

sengat *n* entup;
*Lebah mempunyai **sengat** untuk bela diri.* 'Tawon duwé entup kanggo njaga awaké.'
tersengat kaentup, kentup;
menyengat ngentup

sengau *n* bindheng (swara irung)
*Adik suaranya **sengau** karena pilek.* 'Adhik swarané bindheng sebab pilek.'

senggang *a* longgar, sela;
*Kalau ada waktu **senggang** sebaiknya untuk baca-baca.* 'Manawa ana wektu longgar beciké kanggo maca-maca.'

sengketa *n* padudon, pasulayan, tukaran;
*Jangan sampai ada **sengketa** di antara kita.* 'Aja nganti ana pasulayan ing antarané awaké dhéwé.'
bersengketa pasulayan, padudon, tukaran

sengsara *n* sangsara; susah;
*Pada zaman penjajahan rakyat kita sangat **sengsara.*** 'Nalika jaman panjajahan rakyat kita nandhang sangsara banget.'
menyengsarakan nyengsarakaké;
kesengsaraan kasangsaran

senja *n* surup, serap (*K*)
*Lepas **senja** ayah baru tiba di rumah.* 'Lebar/bubar surup bapak lagi teka ing omah.'

senjata *n* gaman;
*Anak-anak dilarang membawa **senjata** tajam.* 'Bocah-bocah ora diolèhaké nggawa gaman landhep.'
bersenjata nggawa gaman, duwégaman

sensus *n* cacah (wong, kéwan);
Negara harus mengadakan

sensus *penduduk.* 'Nagara kudu nganakaké cacah jiwa.'
menyensus nyacah jiwa;
sensus penduduk cacah jiwa

sentuh, bersentuhan *v* **1** sénggolan, gathuk, gathik; **2** magepokan karo;
Bersentuhan *di jalan sempit sering terjadi.* 'Sénggolan ing dalan ciut asring kadadéyan.'
menyentuh nyénggol; ndumuk;
tersentuh kesénggol;
sentuhan sénggolan

senyampang *p* mumpung
Senyampang *masih muda belajarlah sungguh-sungguh.* 'Mumpung isih anom sinaua bener-bener.'

senyap *n* sepi mamring, nyenyet, sepi banget;
Suasana kelas menjadi ***senyap*** *ketika guru datang.* 'Swasana (kahanan) klas dadi sepi banget nalika guru teka.'

senyum *n* èsem, mèsem;
Ibu Anita selalu senyum jika bertemu muridnya. 'Ibu Anita tansah mèsem Manawa ketemu muridé.'
tersenyum mèsem;
senyuman esèman

sepak *v* sépak, tendhang;
Terjadi ***sepak*** *pojok lima kali.* 'Kedadéyan sépak (tendhangan) pojok ping lima.'
menyepak nyépak, nendhang

sepakat *a* **1** mupakat; setuju; **2** akur, saéka praya/kapti;
Bapak kepala sekolah ***sepakat*** *dengan para wali murid.* 'Bapak kepala sekolah mupakat karo para wali murid.'
bersepakat sarujuk, setuju, padha nyetujoni

sepak bola *n* bal-balan;
Siswa kelas V berlatih ***sepak bola.*** 'Murid klas V latihan bal-balan.'

seperti *p* **1** kaya, memper; **2** kaya déné; **3** umpamané, kayata
Baju bu guru ***seperti*** *baju adik.* 'Klambi bu guru kaya (memper) klambiné adhik

sepi *a* sepi, nyenyet, mamring;
Kakak tinggal di tempat yang ***sepi.*** 'Kakang manggon ing papan kang sepi.'
menyepi nyepi;
kesepian kasepèn

serah, berserah pasrah;
menyerah 1 pasrah; **2** nyerah;
menyerahkan nyerahaké, masrahaké (marang);

terserah 1 pasrah waé (marang); **2** mangsa bodho;
serah terima srah-srahan (jabatan)

[1]**serak** *a* serak, gerok;
*Suara adik **serak** karena menangis.* 'Swarané adhik serak sebab nangis.'
serak-serak rada serak

[2]**serak, berserak** *v* sumebar;
*Kertas itu **berserak** di lantai.* 'Dluwang iku sumebar ing lanté (jogan).'
berserakan pating slebar

serakah *a* srakah, murka;
*Menjadi anak yang **serakah** itu tidak baik.* 'Dadi bocah sing srakah iku ora becik.'

seram *a* **1** serem; **2** medèni, nggegirisi;
*Lewat di kuburan waktu malam **seram** rasanya.* 'Liwat ing kuburan wayah bengi mrinding rasané.'
menyeramkan 1 nyeremaké; **2** medèni

serambi *n* èmpèran (omah);
*Adik duduk di **serambi** depan.* 'Adhik lungguh ing èmpèran ngarep.'

serang, menyerang *v* **1** nyerang; nyerbu; **2** nrajang; **3** nglawan;
*Musuh **menyerang** dari sebelah utara.* 'Mungsuh nyerang saka sisih lor.'
terserang kaserang, diserang

serap, menyerap *v* **1** rumesep, ngresep; **2** ngisep, nyerot;
*Air hujan **meresap** ke dalam tanah.* 'Banyu udan ngresep nang njeron lemah.'
serapan resepan

serasi *a* cocok, mathuk, jodho, laras;
*Selendang ini sangat **serasi** dengan kebaya itu.* 'Slendhang iki cocok banget karo kebayak iku.'

seraya *p* sinambi, karo, kanthi;
*Ita lewat di depan rumah **seraya** mengatakan, permisi*! 'Ita liwat ing ngarep omah karo ngomong permisi!'

serba *a* **1** sarwa; **2** sakabèhé;
*Orang itu berpakaian **serba** putih.* 'Wong iku nganggo sandhangan sarwa putih.'

serbaguna *a* sarwa guna, bisa digunaké apa waé
*Amir sedang bermain di gedung **serbaguna**.* 'Amir lagi dolan nang gedhong sarwa guna.'

serba-serbi *adv* manéka werna, werna-werna;
*Acara hari ini berisi **serba-serbi** berita.* 'Acara dina iki isi manéka werna pawarta.'

serbet *n* serbèt, sebrèt;
Ani mencuci ***serbet.*** 'Ani ngumbah serbèt.'

serbu, menyerbu *v* **1** nyerang; **2** nyerbu;
Mereka ***menyerbu*** *masuk ke ruang sidang.* 'Dhèwèké (kabéh) nyerbu mlebu menyang ruwang sidhang.'
penyerbuan tumindak nyerbu

serbuk *n* bubukan;
Serbuk *gergaji bisa untuk pupuk.* 'Bubukan grajèn bisa kanggo lemon.'
penyerbukan ndadèkaké sari bubukan

serdadu *n* saradhadhu, prajurit, tentara;
Yudhi mengikuti jejak ayahnya menjadi ***serdadu.*** 'Yudhi mèlu bakat bapaké dadi tentara.'

serempak *a* bareng, bebarengan;
Para siswa berbaris dengan **serempak**. 'Murid-murid baris kanthi bareng (kompak).'

serempet, menyerempet *v* **1** nyrèmpèt; **2** nyénggol
Sepeda motor itu ***menyerempet*** *becak.* 'Sepédha montor iku nyrèmpèt bécak.

serentak *n* bareng, bebarengan
Anak-anak ***serentak*** *berteriak.* 'Bocah-bocah bebarengan mbengok.'

[1]**seri, berseri** *n* **1** sumringah; **2** élok, éndah;
Wajah anak itu ***berseri***. 'Parupan bocah kuwi sumringah.'
berseri-seri katon sumringah

[2]**seri** *a* baul; buk;
Pertandingan sepak bola itu berakhir ***seri.*** 'Tetandhingan bal-balan iku rampung baul.'

[3]**seri** *n* seri, urut-urutan; jilid
Seri *kedua buku ini belum terbit.* 'Seri (jilid) kaloro buku iki durung terbit.'

sering *adv* kerep; asring;
Kepala sekolah ***sering*** *dinas ke Jakarta.* 'Kepala sekolah asring tugas menyang Jakarta.'
sering kali kadhang kala, terkadhang, sok-sok

serobot, menyerobot *v* **1** nyrobot; **2** nyela-nyela
Ada warga desa ***menyerobot*** *tanah milik negara.* 'Ana warga désa nyrobot lemah duwèké nagara.'

serong *a* **1** méncong, béngkong; **2** curang, pokil; **3** ora pener, nylèwèng
Garis pembatas di jalan raya itu agak ***serong.*** 'Garis let (wates) ing dalan gedhé iku rada méncong.'
menyerong *v* mléncong, ngéncong

serpih, serpihan *n* **1** pecahan; **2** remukan, rimpilan;
Anak-anak hati-hati ya, ada ***serpihan*** *kaca.* 'Bocah-bocah ngati-ati ya, ana pecahan kaca.'
serpih-serpih 1 pecahan, rimpilan; **2** remukan, cuwilan (roti)

[1]serta *v* mèlu, katut;
Adik ikut ***serta*** *setiap ibu pergi.* 'Adhik mèlu saben ibu lunga.'
beserta 1 katut, mèlu; **2** sarta, klawan;
menyertai ngamping-ampingi;
peserta pasarta

[2]serta *p* lan, sarta, kalawan;
Ibu ***serta*** *ayah pergi ke pasar.* 'Ibu lan bapak lunga menyang pasar'.
serta merta sanalika, sakala, sakal

seru *n* panggil, celuk:
*Saya sedang belajar; "****seru*** *Ani".* 'Aku lagi sinau; ' kandhané Ani".
berseru ngundang, nyeluk, manggil;
menyerukan nganjuraké, ndhawuhaké;
seruan ajakan

seruduk, menyeruduk *v* nyruduk; nabrak
Kambing itu ***menyeruduk*** *anak yang lewat.* 'Wedhus iku nyruduk bocah liwat.'

serut *n* pasah;
Serut *itu tajam sekali.* 'Pasah iku landhep banget.'
serutan pasahan

servis *n* **1** dandan (sepedha); **2** peladen;
Dekat rumahku ada tukang ***servis*** *lemari es.* 'Cedhak omahku ana tukang dandan lemari ès.'
menyervis 1 ndandani; **2** nglayani, ngladèni

sesak *a* sesak; kebak, riyel, jejel;
Ruangan ini terlalu ***sesak.*** 'Kamar/ruwangan iki sesak banget.'
bersesak-sesak suk-sukan;
kesesakan kesesaken

sesal *n* getun, keduwung;
Sesal *kemudian tidak berguna.* 'Getun buriné ora anaé.'
menyesali nggetuni;
menyesalkan, nggetunaké;
penyesalan rasa getun

sesat, tersesat *a* sasar, kesasar; blasuk, keblasuk
Dia ***tersesat*** *di jalan yang jauh.* 'Dhèwèké takon kesasar nang dalan sing adoh.'
menyesatkan nyasaraké, nglérokaké

sesuai *a* cocok, pas, trep (tmr ukuran, jawaban);
*Jawabannya tidak **sesuai**.* 'Jawabané ora pas (ora cocok).'
menyesuaikan nglarasaké, nyocokaké;
penyesuaian ngepasaké

seteru *n* satru, mungsuh;
*Kita berteman, tak baik mencari **seteru.*** 'Kita kekancan, ora becik golèk satru.'
berseteru sesatron, memungsuhan, jothakan

setia *a* setya, mituhu;
*Amir selalu **setia** pada atasannya.* 'Amir tansah setya marang majikané.'
kesetiaan kasetyan;
setia kawan tepa slira, nunggal rasa

setor, menyetor *v* setor, nyetor; mbayar; masrahaké;
*Ibu guru **menyetor** uang sekolah ke bank.* 'Ibu guru nyetor dhuwit sekolah menyang bank.'
menyetorkan nyetoraké (dhuwit);
setoran setoran

setrap *n* setrap, ukuman;
*Siswa yang nakal di sekolahnya kena **setrap**.* 'Murid sing nakal ing sekolahé kena ukuman (setrap).'
menyetrap nyetrap, ngukum

setrika *n* setlika, penatu;
*Dekat sekolahku ada tukang **setrika**.* 'Cedhak sekolahku ada tukang penatu.'
menyetrika nyetlika, menatu

sewa, menyewa *v* nyéwa;
*Kakak saya **menyewa** mobil untuk piknik.* 'Masku nyéwa mobil kanggo piknik.'
menyewakan nyewakaké

siaga *n* siyaga; sumadhiya;
*Tim SAR selalu **siaga** menolong kecelakaan.* 'Regu SAR tansah siyaga nulung kacilakan.'
menyiagakan nyiyagakaké

[1]**siang** *n* **1** awan, rina; **2** siyang;
***Siang** ini di sekolahku ada rapat.'* Awan iki ing sekolahku ana rapat.'
kesiangan kawanen, kerinan

[2]**siang, menyiangi** *v* matun
*Pak tani sedang **menyiangi** sawahnya yang penuh rumput.* 'Pak tani lagi matun sawahé sing kebak suket.'

siap *v* **1** samapta; siyaga; **2** cumawis, cumepak,
*Hidangan siang ini sudah **siap.*** 'Suguhan awan iki wis

cumawis (cumepak).'
menyiapkan 1 nyawisaké; **2** nyiyagakaké;
persiapan 1 jagan, sedhiyan; **2** siyap-siyap

siar, menyiarkan *v* nggiyaraké; mbiwarakaké, wara-wara, marta-martakaké;
Dia sedang ***menyiarkan*** *berita bagus.* 'Dhèwèké lagi nggiyarakaké pawarta becik.'
siaran giyaran

sia-sia *a* siya-siya; mubadir; ora ana gunané;
Perbuatan baik itu tidak akan ***sia-sia.*** 'Panggawé apik iku ora makal mubadir.'
menyia-nyiakan dak siya; sawiyah-wiyah

sidang *n* sidhang; rundhing; rapat;

Sidang *berlangsung di ruang pertemuan.* 'Sidhang kaleksanan ing ruwang patemon.'
bersidang sidhang; rundhingan;
menyidangkan nyidhangaké; ngrundhingaké

sifat *n* sipat, watak;
Sifat *anak itu memang pemalu.* 'Sipat bocah iku pancèn isinan.'
bersifat sesipat, nduwèni sipat

sigap *a* trengginas; cukat; prigel;
Pemuda itu ***sigap*** *sekali.* 'Pemudha iku trengginas banget.'
kesigapan kacukatan, kaprigelan

sikap *n* patrap; tingkah laku;
Sikap *Arya sangat terpuji.* 'Tingkah lakuné Aryo becik banget.'
bersikap nduweni patrap

sila, silakan *v* ayo; sumangga, mangga, awi (*K*), suwawi (*Ki*);
Kuenya ***silakan*** *dimakan.* 'Rotiné ayo dimaem.'
menyilakan manggakaké;
mempersilakan manggakaké

silang *n* **1** palang, tandha ping; **2** panemu;
Berilah tanda ***silang*** *pada jawaban yang benar.* 'Wènèhana tandha ping nggon jawaban sing bener.'
bersilang tumpang malang

silau *a* silo, sulap; blereng;
Silau *mataku memandang matahari.* 'Blereng mripatku ndeleng (mandeng) srengéngé.'

silih *v* ijol, ganti; genti-genti, gentènan;
Tamunya datangnya ***silih***

berganti. 'Tamuné (dhayohé) tekané genti-genti.'
silih berganti giliran, genti-genti

silsilah *n* sarasilah, salasilah;
*Bapaknya sedang mencari **silsilah** keluarga.* 'Bapaké lagi nggolèki sarasilah keluwarga.'

simak, menyimak *v* nyimak, nyemak
*Para siswa **menyimak** pelajaran yang diterangkan oleh Ibu Guru.* 'Murid-murid nyemak wulangan sing diterangaké déning Ibu Guru.'

simbah, bersimbah *a* klebus, teles, gudras
*Pencuri itu mati **bersimbah** darah.* 'Maling iku mati gudras getih.'

simbol *n* simbol, lambang, tandha;
*Bahasa Indonesia sebagai **simbol** budaya.* 'Basa Indonesia pinangka lambang budaya.'
bersimbol nganggo simbol, ana simbolé

simpan, menyimpan *v* nyimpen;
*Ahmad **menyimpan** buku di laci meja.* 'Ahmad nyimpen buku ing laci méja.'
tersimpan kasimpen;
simpanan simpenan; cèlèngan

simpang, menyimpang *v* nyimpang (dalan); menggok
*Jalan itu **menyimpang** menuju tengah kota.* 'Dalan iku ménggok nuju ing tengah kutha.'
simpangan simpangan, énggok-énggokan

simpang siur 1 pating sliwer; **2** akèh énggak-énggoké

simpuh, bersimpuh *v* timpuh; sungkem
*Anak itu **bersimpuh** di hadapan ibunya.* 'Bocah iku timpuh nang ngarepé ibuné.'

[1]**simpul, menyimpulkan** *v* nggawé dudutan;
*Kepala sekolah **menyimpulkan** hasil rapat.* 'Kepala sekolah gawé dudutan asil rapat.'
kesimpulan ringkesan, dudutan

[2]**simpul** *n* bundhelan (tali, bolah);
***Simpul** tambang itu sangat kuat.* 'Bundhelan tampar iku kuwat banget.'
menyimpuli mbundheli; naleni

sinar *n* cahya, sorot;
*Jangan menatap **sinar** matahari.* 'Aja mandeng cahya srengéngé.'

menyinari madhangi, nyoroti

sindir, menyindir *v* nyindhir; nyemoni;
Jangan suka ***menyindir*** *teman.* 'Aja seneng nyemoni kanca.'
sindiran pasemon, sindhiran

singgah *v* mampir, mandheg;
Ketika ke Jakarta, adhik ***singgah*** *ke rumah paman.* 'Nalika menyang Jakarta, adhik mampir ing omahé paman.'
menyinggahi mampir ing, ngampiri

singgasana *n* dhampar, tahta;
Raja duduk di ***singgasana*****.** 'Raja lungguh ing dhampar.'

singgung, bersinggungan *v* **1** sesénggolan; **2** magepokan, gegayutané, gegandhèngané; *Setiap hari kita* ***bersinggungan*** *dengan teman.* 'Saben dina awaké dhéwé sénggolan karo kanca.'
menyinggung nyindhir; nyénggol;
tersinggung kesénggol; kesindhir

singkap, **menyingkap** *v* singkap, nyingkap; mbukak; mbiyak;
Aris ***menyingkap*** *kelambu.* 'Aris nyingkap klambu.'
tersingkap kasingkap; semilak

singkat *a* **1** ringkes (crita, karangan); **2** cekak, sadhéla;
Pidatonya ***singkat****, tetapi padat.* 'Pidhatoné ringkes, nanging padhet.'
menyingkat ngringkes;
singkatan cekakan

singkir, menyingkir *v* **1** nyingkir, ngedoh; sumingkir; **2** nyisihaké;
Kitai ***menyingkir*** *dari api itu****.*** 'Kita sumingkir saka geni iku.'
tersingkir kesingkir

singsing, menyingsing *v* **1** bang-bang wétan (ésuk); mlethèk (srengéngé); **2** ngunggahake lengenan klambi
Matahari mulai ***menyingsing*** *di ufuk timur.* 'Srengéngé wiwit mlethèk ing cakrawala wétan.'

sini *pron* kené, papan iki;
Di ***sini*** *kita mulai bekerja.* 'Ing kéné kita wiwit nyambut gawé.'

sipu, **tersipu-sipu** *a* clingusan (isin, rikuh)
Mendengar gurauan itu, Ika ***tersipu-sipu.*** 'Krungu guyonan iku, Ika clingusan (isin).'

siram, menyiram *v* nyiram; ngguyur;
*Adik **menyiram** bunga di pot.* 'Adhik nyiram kembang ing pot.'
menyirami nyirami

sirih *n* sirih, suruh, sedhah (*K*);
*Nenek mengunyah **sirih.*** 'Simbah nginang suruh.'
menyirih nginang

sirik *a* mèri, srèi, iri dhengki
*Pak Bei **sirik** melihat tetangganya yang kaya itu.* 'Pak Bèi iri ndeleng tanggané sing sugih iku.'

sirip *n* kèpèt
***Sirip** ikan mujahir itu tajam.* 'Kèpèt iwak mujahir iku landhep.'

sirna *a* sirna, ilang, musna;
*Kegelisahan hatiku **sirna** melihat kedatangan ibu.* 'Kekuwatiran atiku ilang (musna) ndeleng tekané ibu.'

sisa *n* sisa, turah, turhan;
***Sisa** makanan itu dibuang.* 'Turahan panganan iku dibuwang.'
bersisa turah, sisa;
menyisakan nurahaké, nyisakaké

sisi *n* sisih
*Husnul duduk di **sisi** kananku.* 'Husnul lungguh ing sisih tengenku.'

sisih, menyisih *v* **1** nyingkir, nyisih; **2** ndhéwé, ngadoh;
*Banyak orang yang **menyisih** dari api itu.* 'Akèh wong sing sumingkir saka geni iku.'
menyisihkan 1 milahaké; nyadhangaké; **2** ngalahaké;
tersisih kapencil; kesingkir

sisip, menyisip *v* nyisip, nyelip;
*Uang kertas itu **menyisip** di dalam buku.* 'Dhuwit kertas iku nyelip ing jeron buku.'
menyisipkan nyisipaké, nyeselaké, nyelipaké;
tersisip keselip, wis diselipaké;
sisipan seselan, imbuhan

sisir *n* **1** sisir, jungkat; **2** lirang;
***Sisir** berwarna merah itu milikku.* 'Jungkat warna abang iku duwèkku.'
bersisir sisiran, jungkatan

sistem *n* cara
***Sistem** belajar setiap siswa berbeda-beda.* 'Cara sinau saben murid béda-béda.'

sita, menyita *v* mbeslah;
*Polisi **menyita** barang-barang curian.* 'Polisi mbeslah barang-barang colongan.'

situ *pron* kana, ing kono
*Dari sini ke **situ** dekat sekali.* 'Saka kéné nang kana cedhak banget.'

situasi *n* kahanan
***Situasi** hari ini sangat enak.* 'Kahanan dina iki pénak banget.'

siul, bersiul *n* singsot;
*Ahmad bisa **bersiul** dengan keras.* 'Ahmad bisa singsot kanthi seru.'

siuman *n* éling (saka semaput);
*Orang itu telah **siuman** dari pingsannya.* 'Wong iku wis éling saka semaputé.'

slogan *n* slogan, semboyan
*Tutwuri Handayani itu **slogan** pendidikan.* 'Tutwuri Handayani iku semboyan pendidikan.'

soal *n* **1** soal, pitakonan; **2** masalah, bab, prakara
***Soal** dalam ujian itu terjawab semua.* 'Soal ujian iku kajawab kabèh.'

sobek *a* suwèk; sembrèt;
*Celananya **sobek** pada tepinya.* 'Kathoke suwèk (ing) pinggiré.'
menyobek nyuwèk

sodet, menyodet *v* nyudhèt
*Pencopet **menyodet** tas penumpang bus.* 'Copèt nyudhèt tasé wong kang numpak bis.'

sodor, menyodorkan *v* ngulur-aké tangan, mènèhaké;
*Anita **menyodorkan** amplop undangan kepada kepala sekolah.* 'Anita mènèhaké (ngatur-aké) amplop uleman marang kepala sekolah.'

sohor, tersohor *v* misuwur, kawentar, kondhang
*Kota Gede **tersohor** kota perak.* 'Kota Gedhé misuwur kutha pérak.'

sokong *n* sokong, bantu;
***Sokong** orang miskin itu dengan ikhlas.* 'Bantu wong mlarat iku kanthi éklas.'
menyokong nyokong;mbantu
sokongan bantuan, sokongan

solek, **bersolek** *v* dandan, macak
*Sejak kecil Prita sudah pandai **bersolek.*** 'Wiwit cilik Prita wis pinter dandan.'

sombong *a* umuk, angkuh, gumedhé
*Triman dibenci teman-teman karena **sombong.*** 'Taman disengiti kanca-kancané sebab umuk (gumedhé).'

songsong, menyongsong *v* **1** methuk, mapag; **2** nglawan;
*Anak-anak sedang **menyongsong** tahun baru.* 'Bocah-bocah lagi methuk tahun anyar.'

sorak *n* surak, surak-surak;
*Anak-anak **sorak** ramai sekali.* 'Bocah-bocah surak ramé banget.'
bersorak surak-surak

sorak-sorai *v* surak ramé-ramé, surak gumbira;
*Dalam pertandingan itu terdengar **sorak-sorai.*** 'Ing tetandhingan iku keprungu surak remé-ramé.'
bersorak-sorai surak ramé-ramé

sorong, menyorong *v* nyurung
*Kami **menyorong** truk mogok ke pinggir.* 'Aku kabéh nyurung trek mogok menyang pinggir (dalan).'

sorot *n* cahya, sunar;
***Sorot** lampu mobil itu menyilaukan mata.* 'Sunar lampu mobil iku nyebabaké silo mripaté.'
menyorot nyorot

sortir, menyortir *v* nyortir, milihi;
*Kakak **menyortir** barang dagangannya.* 'Kangmas nyortir barang dagangané.'

sosok *n* bleger, wujud, rupa
***Sosok** badannya tinggi besar.* 'Blegar (wujud) awaké gedhé dhuwur.'

spesial *a* mligi, mirunggan, kusus
*Buku itu **spesial** untuk kelas lima.* 'Buku iku mirunggan kanggo klas lima.'

spontan *v* sanalika, sak kal, sakala
*Adi menjawab dengan **spontan.*** 'Adi njawab kanthi sanalika.'

stabil *a* tetep, ajeg
*Dia sudah berpikir **stabil**.* 'Dhèwèké wis mikir ajeg (ora owah).'

strategi *n* siasat, taktik, iguh pratikel;
*Tentara dilatih **strategi** perang.* 'Tentara dilatih siasat perang.'

strategis *a* pas; nguntungaké
*Letak toko itu sangat **strategis.*** 'Papan panggonan toko iku pas banget.'

struktur *n* susunan; tatanan;
***Struktur** bahasanya baik.* 'Susunan basané apik.'
berstruktur duwé tatanan

studi *n* sinau; sekolah; wulangan
*Kakak sedang **studi** di Malaysia.* 'Kangmas lagi sinau (sekolah) nang Malaysia.'

sua, bersua *v* kepethuk, ketemu, kepanggih/pinanggih (*K*)

*Sampai **bersua** kembali di lain waktu.* 'Nganti ketemu manèh ing liya wektu.'

suai, sesuai *a* **1** pas; cocok; **2** timbang, babag; bandhing; **3** laras, padha
*Bajunya sudah **sesuai** dengan tubuhnya.* 'Klambiné wis pas karo awaké.'
menyesuaikan nyocokaké; madhakkaké; nglarasaké

suam *a* anget, manget-manget;
*Adik mandi dengan air **suam**.* 'Adhik adus nganggo banyu manget-manget.'
suam-suam rada anget

suami *n* bojo (lanang);
*Tomo **suami** Tina.* 'Tomo bojoné Tina.'
bersuami nduwé bojo

suap, **menyuapi** *v* ndulang
*Ibu itu sedang **menyuapi** anaknya.* 'Ibuné iku lagi ndulang anake.'

suara *n* swara; uni, pakecapan;
*Saya mendengar **suara** orang menangis.* 'Aku krungu swara wong nangis.'
bersuara nywara; muni

suasana *n* swasana, kahanan
***Suasana** sekolah sepi karena libur.* 'Kahanan sekolahan sepi sebab libur.'

suatu *num* sawijiné, sawènèhé;
*Pada **suatu** hari adik bermimpi sekolah.* 'Ing sawijining dina adik ngimpi sekolah.'
sesuatu sawijiné

subang *n* suweng;
*Nenek memakai **subang.*** 'Simbah nganggo suweng.'
bersubang nganggo suweng

sudah *v* wis, sawisé; rampung
***Sudah** dua malam Ria belum pulang.* 'Wis rong wengi Ria durung bali (mulih).'
menyudahi mungkasi;
sesudah sawisé

sudi *v* **1** sudi, gelem; **2** seneng, suka
*Kita **sudi** memberi sumbangan.* 'Kita gelem mènèhi sumbangan.'

sudut *n* pojok;
*Di **sudut** sekolah ada pohon jeruk.* 'Ing pojok sekolahan ana wit jeruk.'
menyudutkan mojokaké

suka *a* **1** seneng, bungah, bingah (*K*); **2** gelem, saguh, sudi; **3** tresna asih;
*Dengan **suka** hati Burhan menerima hadiah itu.* 'Kanthi bungah ing ati Burhan nampa hadhiyah iku.'
menyukai nyenengi; nresnani

suka cita *a* seneng, bungah;
*Juara kelas disambut dengan **suka cita** oleh orang tuanya.* 'Juwara klas disambut kanthi bungah déning wong tuwané.'
bersuka cita seneng-seneng

sukar *a* angèl
*Soal matematika ini tidak **sukar.*** 'Soal matematika iki ora angèl.'

suka rela *a* suka rila; legawa, kanthi rila
*Para siswa dengan **suka rela** membersihkan kelasnya masing-masing.* 'Murid-murid kanthi legawa ngresiki klasé dhéwé-dhéwé.'

sukses *a* suksès, kasil;
*Bapak ibu guru **sukses** dalam mendidik para siswanya.* 'Bapak ibu guru kasil enggoné mulang murid-muridé.'
menyukseskan nyuksèsaké; ndadèkaké kasil

sulit *a* angèl
*Bagiku soal matematika ini tidak **sulit.*** 'Kanggoku soal matematika iki ora angèl.'
menyulitkan nyusahaké; ngangèlaké;
kesulitan kangèlan; kasusahan

sulung *n* mbareb, anak paling tuwa;
*Doni anak **sulung** dari keluarga Pak Rahman.* 'Doni anak (putra) mbareb keluwarga Pak Rahman.'

sulut *v* sulet, sumet;
*Kasurnya kena **sulut** api.* 'Kasuré kena sumet geni.'
menyulut nyulet, nyumet, ngurubaké

sumbang, menyumbang *v* **1** nyumbang; nyokong; **2** mbantu;
*Kepala sekolah **menyumbang** uang dan buku kepada siswa yatim piatu.* 'Kepala sekolah mbantu dhuwit lan buku marang murid yatim piatu.'
menyumbangkan nyumbangaké, nyokongaké;
sumbangan bantuan; sokongan

sumbat *n* sumpet, sumpel;
*Ibu mengganti **sumbat** botol dengan gabus.* 'Ibu ngganti sumpel gendul nganggo gabus.'
tersumbat kesumpelan

sumber *n* **1** sumber, tuk (banyu); **2** asalé;
*Di lereng gunung itu ditemukan **sumber** air.* 'Ing pèrèng gunung iku ditemokaké sumber banyu.'

bersumber asalé

sumbing *a* gowèng, suwing (lambé)
Anak itu bibirnya ***sumbing.*** 'Bocah iku lambéné gowèng/sumbing.'

[1]**sumbu** *n* sumbu, uceng-uceng
Sekarang ***sumbu*** *kompor agak jarang.* 'Saiki sumbu kompor rada arang (ora ana).'

[2]**sumbu** *n* poros, indhen
Pedati itu patah ***sumbunya.*** 'Grobag iku tugel indhené.'

sumpah *n* sumpah; janji, ikrar;
Kepala sekolah mengucapkan ***Sumpah*** *Jabatan.* 'Kepala Sekolah ngucapaké ikrar Jabatan.'
bersumpah 1 ngucapaké sumpah; **2** janji kanthi tenan; **menyumpah 1** nyumpah; **2** ngakon sumpah

sunat *n* sunat, tetak, kitan; supit;
Adikku sudah ***sunat.*** 'Adhiku wis tetak/kitan.'
menyunati netaki, nyunati

sungai *n* kali, lepen (*K*)
Sungai *yang dangkal sering menyebabkan banjir.* 'Kali sing cethek asring nyebabaké banjir.'

sungguh *a* **1** bener, ora goroh; **2** tenanan; banget;
Amir ***sungguh*** *murid yang rajin.* 'Amir murid sing sregep banget.'
bersungguh-sungguh kanthi temenan

suntuk *adv* suntuk, nutug, sadawané wengi,;
Hadi tidak tidur semalam ***suntuk.*** 'Hadi ora turu sawengi nutug.'

sunyi *a* nyenyet, sepi;
Malam ini ***sunyi*** *sekali.* 'Wengi iki sepi banget.'
sunyi senyap sepi nyenyet

super *a* luwar biasa, istiméwa
Ningsih dikenal manusia ***super.*** 'Ningsih dikenal manungsa istiméwa.'

suram *a* **1** surem, burem, remeng-remeng; **2** aclum (rai)
Suasana pagi ini ***suram***. 'Swasana esuk iki burem (buwet)'.

surat ***n*** layang, serat (*K*);
Ayah itu berkirim ***surat*** *kepada anaknya yang tinggal di Jakarta.* 'Bapak kirim layang marang anaké sing mapan ing Jakarta'.
menyurati nyurati, nglayangi

surau *n* langgar;
Setiap sore kami mengaji di ***surau.*** 'Saben soré aku kabèh ngaji ing langgar.'

surga *n* suwarga
*Setiap orang ingin masuk **surga.*** 'Saben wong pingin mlebu swarga.'

suri, suri teladan *n* tuladha; conto sing becik;
*Kedermawanannya pantas dijadikan **suri teladan.*** 'Lomané (seneng wèwèh) pantes didadèkaké tuladha.'

suruh *n* préntah, akon;
*Tolong, Amir di**suruh** ke sini!* 'Tulung, Amir dikon mara mréné!'
menyuruh mréntah, ngakon

surut *a* **1** surud; mudhun (tmr banyu); **2** mundur
*Air banjir itu sudah mulai **surut.*** 'Banyu banjir iku wis wiwid surud.'

susah *a* **1** susah; sedhih; **2** angèl, sulit;
*Dia **susah** karena jauh dari orang tuanya.* 'Dhèwèké susah (sedhih) amarga adoh karo wong tuwané.'
bersusah krasa susah, sedhih

susila *a* trapsila, sopan santun;
*Ia dididik agar menjadi anak yang **susila.*** 'Dhèwèké diwulang supaya dadi bocah sing trapsila (sopan santun).'
bersusila duwé trapsila, tata krama, sopan santun

susul, menyusul *v* nyusul, nututi;
*Ani **menyusul** ibunya ke tetangganya.* 'Ani nyusul ibuné menyang tanggané.'
susulan susulan; tambahan

susun *n* **1** sungsun; **2** tumpuk, sap-sapan, tingkat;
*Sri membawa dua **susun** rantang.* 'Sri nggawa rong sungsun rantang.'
bersusun tumpukan; sap-sapan, susun-susun;
menyusun nyusun

susup, menyusup *v* nlusup; ndlesep, nlesep;
*Kelinci itu **menyusup** ke semak-semak belukar.* 'Terwélu iku nlesep ing rerungkutan.'
menyusupkan 1 nlesepaké; **2** nylundupaké

susut, menyusut *v* nyusut;
*Kain yang dibelinya **menyusut** ketika dicuci.* 'Kain sing dituku nyusut nalika dikumbah.'
menyusutkan nyusutaké, ngurangi

suvenir *n* suvenir, tandha mata
*Ibu membeli **suvenir** untuk tetangga yang akan pindah ke kota lain.* 'Ibu tuku tandha mata kanggo tangga kang arep pindhah menyang kutha liya.'

swasta *n* swasta, partikelir;
Dia bekerja di perusahaan ***swasta.*** 'Dhèwèké nyambut gawé ing perusahaan swasta (partikelir).'

syukur *n* **1** sukur; **2** untung/begja;
Kita wajib mengucapkan ***syukur*** *kepada Allah karena lulus ujian.* 'Kita wajib ngucapaké sukur marang Gusti Allah amarga lulus ujian.'

bersyukur ngucapaké sukur;
mensyukuri nyukuri;
syukuran sukuran

T

taat *v* taat, tongat; patuh;
*Setiap siswa harus **taat** pada peraturan di sekolah.* 'Saben murid kudu taat (patuh) karo pranatan ing sekolah.'
menaati matuhi, naati

tabiat *n* watak, kalakuan;
***Tabiat** anak itu sangat baik.* 'Kalakuané bocah iku becik banget.'
bertabiat duwé watak, tingkah laku, kalakuan

tabu *n* larangan, pantangan
*Masalah yang **tabu** perlu dihindari.* 'Bab sing pantangan prelu disingkiri.'

tabung *n* tabung, bumbungan;
***Tabung** dari bambu berfungsi untuk menyimpan barang.* 'Bumbungan saka pring gunané kanggo nyimpen barang.'
menabung nyèlèngi;
tabungan cèlèngan

tabur, bertaburan *v* pating slebar, mblèdèr, sumebar;
*Uang yang jatuh **bertaburan** di jalan.* 'Dhuwit sing tiba sumebar ing dalan.'
menaburi nyawuri, nyebari;
menaburkan nyebaraké, nyawuraké

tadi *n* mau;
***Tadi** dia menangis.* 'Mau dhèwèké nangis.'
tadinya mauné, mulané

tahan *n* tahan, kuwat;
*Benda itu **tahan** air.* 'Barang iku tahan banyu.'
menahan nahan;
tertahan ketahan, kandheg

tahap *n* tahapan, tingkatan, babak;
***Tahap** pertama dia harus bayar uang gedung.* 'Tahapan sepisan dhèwèké kudu bayar dhuwit gedhong.'
bertahap nganggo tingkatan, nganggo tahapan

tahu *v* **1** ngerti, ngertos (*K*), priksa (*Ki*); paham; **2** kenal;
*Dia **tahu** masalah itu sangat sulit.* 'Dhèwèké ngerti bab iku angèl banget.'
mengetahui mahami, mangerteni;
pengetahuan kawruh;
ketahuan konangan, kaweruhan

tajam *a* **1** landhep; **2** lancip pucuké;
Pisau itu sangat ***tajam***. 'Péso iku landhep banget.'
menajamkan nglandhepaké, nggawé landhep; ngasah

taji *n* jalu (ing sikil jago)
Ayam jantan mempunyai ***taji*** *panjang.* 'Jago iku duwé jalu dawa.'

tak *adv* ora, boten (*K*)
Tak *datang* ***tak*** *kebagian.* 'Ora teka ora kebagéyan.'

takabur *a* angkuh, umuk
Janganlah menjadi anak yang ***takabur.*** 'Bok aja dadi bocah kang angkuh.'

takar, menakar *v* naker
Ibu ***menakar*** *beras yang akan dijual.* 'Ibu naker beras sing arep didol.'
takaran takeran

takdir *n* takdir, pepesthèn, nasib;
Kita percaya pada ***takdir*** *Allah.* 'Kita percaya karo pepesthèn Allah.'
menakdirkan nakdiraké, nemtokaké

tahta *n* dhampar, palenggahan raja, singgasana
Tahta *kerajaan Yogyakarta HB X sejak tahun 1998.* 'Singgasana raja Yogyakarta HB X wiwit taun 1998.'

takjub *n* gumun, éram;
Saya betul-betul ***takjub*** *dengan kepandaiannya.* 'Aku bener-bener gumun karo kapinteráné.'
ménakjubkan nggumunaké

takluk *n* nungkul, teluk;
Musuh itu sudah ***takluk*** *kepada raja.* 'Mungsuh iku wis teluk marang raja.'
menaklukkan nelukaké, ngalahaké

taktik *n* taktik, réka daya, siasat;
Polisi mempunyai ***taktik*** *dalam mengungkap kejahatan.* 'Pulisi duwé siasat kanggo mbèbèraké durjana.'
bertaktik nggunakaké taktik, siasat

takut *a* **1** wedi, sumelang; **2** nurut, sungkan, kormat;
Saya ***takut*** *jika di tempat yang gelap.* 'Aku wedi nèk nanggon papa sing peteng.'
menakutkan medèni, rasa wedi;
penakut wedèn, jirih;
ketakutan kawedèn

tali *n* tali; tampar;
Pagarnya diikat dengan ***tali*** *agar kuat.* 'Pageré dirut nganggo tampar supaya kuwat.'

bertali nganggo tali, ditalèni nganggo tali;
bertalian sesambungan, gegayutan

tamak *a* srakah, murka, ngangsa-angsa
Kita harus banyak bersyukur, jangan ***tamak****.* 'Kita kudu akèh syukuré, aja srakah.'

taman *n* kebon, plataran;
Rumahku dekat ***taman*** *bunga.* 'Omahku cedhak kebon bunga (kembang).'
pertamanan papan taman

tamasya *n* piknik, mlancong; plesir
Sekolah mengadakan ***tamasya*** *ke* Tawangmangu. 'Sekolah nganakaké piknik nang Tawangmangu.'
bertamasya lelungan seneng-seneng; mlancong

tamat *v* tamat, rampung;
Saya menonton film itu hingga ***tamat.*** 'Aku nonton film kuwi nganti rampung.'
menamatkan ngampungaké, mungkasi

tambah, bertambah *v* **1** tambah; **2** mundhak (akeh); **3** imbuh
Kepandaiannya adiku mulai ***bertambah.*** 'Kapinterané adhikku wiwit tambah.'
menambahi nambahi

tambal, menambal *v* nambal, nèmbèl;
Haryo ***menambal*** *panci yang bocor.* 'Haryo nèmbèl manci sing bolong.'
tambalan tambalan, tèmbèlan

[1]**tambang, menambang** *v* nambang; ngedhuk, ndhudhuk;
Di Bantul ***menambang*** *pasir pantai tidak diizinkan*. 'Ing Bantul nambang (ndhudhuk) pasir pesisir ora diidinaké.'
pertambangan barang tambang

[2]**tambang** *n* tali tampar (gedhé); dhadhung;
Untuk turun ke sumur perlu ***tambang.*** 'Kanggo mudhun ing sumur perludhadhung.'

tambat, bertambat *v* **1** kacancang ing, kejiret ing; **2** labuh, kaiket ing pathok
Kuda itu ***tertambat*** *pada sebatang pohon.* 'Jaran iku kacancang ing wit.'
menambat nyancang;
tambatan pathok; saka

tampak *n* katon; kétok;
Gedung itu ***tampak*** *indah setelah diperbaiki.* 'Gedhong iku katon apik sawisé didandani.'

tampaknya katoné; ketoké; **menampakkan** ngatonaké; ngetokaké

tampan *a* nggantheng, bagus
*Pemuda yang **tampan** itu baik hati.* 'Pemudha kang nggantheng iku apik atiné.'

tampar *v* keplak, tempiling;
*Anak nakal itu kena **tampar** ayahnya.* 'Bocah nakal iku ditempiling bapake.'
menampar ngeplak, nempiling, nabok;
tamparan keplakan, tempilingan

tampik, menampik *v* nampik, nulak
*Janganlah engkau **menampik** pemberian pamanmu.* 'Kowé mbok aja nulak pawèwèh saka pamanmu.'

tampil *v* maju, teka;
*Yudi **tampil** di pertandingan itu.* 'Yudi maju ing tetandhingan iku.'
menampilkan nganakaké, nyuguhaké

tampung, menampung *v* nadhahi; nampung;
***Menampung** air hujan dengan ember.* 'Nadhahi banyu udan nganggo èmbèr.'
tertampung katampung;
penampungan panampungan

tamu *n* tamu, dhayoh;
***Tamu** harus lapor satpam.* 'Tamu (dhayoh) kudu lapur satpam.'
ketamuan ketamon, kedayohan

tanah *n* **1** lemah; **2** bumi; dharatan;
*Hujan membasahi **tanah** sampai dalam.* 'Udan nelesi lemah nganti tekan njero.'
tanah air bumi kalairan;
tanah kelahiran papan kalairan

tanak, menanak *v* ngliwet
*Ibu **menanak** nasi dengan periuk besar.* 'Ibu ngliwet (sega) nganggo kendhil gedhé.'

tanam, bertanam *v* nandur, nenandur;
*Pada musim kemarau paman **bertanam** jagung.* 'Ing mangsa katiga paman nandur jagung.'
menanam nandur;
tanaman tanduran

tancap, menancap *v* nancep, tumancep;
*Paku itu **menancap** pada ban mobilnya.* 'Paku iku nancep ing ban mobilé.' **menancapkan** nancepaké, nyublesaké (tambal, ban, lsp);
tertancap tumancep

tanda *n* tandha, lambang;
*Warna merah sebagai **tanda** bahaya.* 'Werna abang meningka pituduh bebaya.'
pertanda ngalamat, pralambang
tanda tangan teken, tandha tangan

tandan *n* tandhan; tundhun;
***Tandan** pisang itu besar dan banyak.* 'Tundhunan gedhang iku gedhé lan akèh.'

tandang, bertandang *v* tilik, sanja, mertamu, mara dhayoh
*Muhadi belum pernah **bertandang** ke rumah saya.* 'Mugadi durung prenah mertamu menyang omah ku.'

tanding *n* **1** tandhing; **2** timbang, babag, sabandhing;
*Ali **tanding** dan Muhimin **tanding** silat.*'Ali lan Muhimin tandhing silat.'
pertandingan tetandhingan (olah raga);
mempertandingkan nandhingaké, mungsuhaké

tanduk *n* sungu;
*Kijang itu **tanduknya** panjang.* 'Kidang iku sunguné dawa.'
bertanduk duwé sungu, ana sunguné;
menanduk nyundhang

tandus *a* cengkar; ora subur
*Tanah yang **tandus** harus digarap dengan banyak pupuk.* 'Lemah sing cengkar (gersang) kudu digarap nganggo lemi sing akèh.'

tangga *n* **1** andha; **2** undhak-undhakan;
*Amin memetik mangga menggunakan **tangga**.* 'Amin methik pelem ngunakaké andha.'

tanggal *v* copot, coplok, pethil;
*Gigi yang **tanggal** sudah tumbuh lagi.* 'Untu sing copot wis tuwuh manèh.'
menanggalkan nyopot; nyoploké

tanggap, menanggap *v* nanggap; ngundang
*Pak Carik **menanggap** jathilan untuk menghibur warga.*'Pak carik nanggap jathilan prelu wèwèh seneng warga.'

[1]tangguh *a* **1** kuwat; **2** tabah, kukuh
*Banyak negara sudah memiliki prajurit yang **tangguh.** '* Akèh nagara wis nduwèni prajurit kang kuwat.'

[2]tangguh, bertangguh *v* semaya; njaluk inah
*Sebaiknya kita tidak **bertangguh** dalam berbuat kebaikan.* 'Beciké kita ora semaya ing

nalika nindakaké kabecikan.'

tangkai *n* **1** gagang; garan; **2** gantilan;
Mutiara memetik tiga ***tangkai*** *bunga mawa*r. 'Mutiara methik telung gagang kembang mawar.'
bertangkai ana gagangé

tangkal, menangkal *v* nulak
Kita harus ***menangkal*** *bahaya yang mengancam.* 'Kita kudu nulak bebaya sing ngancam.'
penangkal panulak

tangkap, menangkap *v* nangkep; nyekel, nyepeng (*K*);
Muhadi ***menangkap*** *ikan di sungai Progo.* 'Muhadi nangkep iwak ing kali Progo.'
tertangkap kecekel

tangkar, menangkarkan *v* nangkaraké, mijahaké, netesaké;
Pak Muhajir ***menangkarkan*** *ikan lele dikolam.* 'Pak Muhajir nangkaraké iwak lélé ing blumbang.'

tangkas *a* **1** cekatan, trengginas; **2** gesit, sigrak;
Dengan ***tangkas*** *Ari memanjat pohon kelapa.* 'Kanthi cekatan Ari mènèk wit krambil.'
ketangkasan kaprigelan, kapinteran

tangkis, menangkis *v* **1** nangkis, nyelak; **2** nglawan
Dengan mudah petinju itu ***menangkis*** *pukulan lawannya.* 'Kanthi gampang petinju iku nangkis jotosan mungsuhe.'

tangkup *n* tutup, panutup;
Guci itu bagus, tetapi tidak ada ***tangkupnya.*** 'Guci iku apik, nanging ora ana tutupé.'
menangkup 1 nutup; **2** mengkurep, kumurep;
menangkupkan nutupaké

tanjak, menanjak *v* munggah (dalan);
Mobil itu tidak kuat jalan ***menanjak.*** 'Mobil iku ora kuwat mlaku munggah (nanjak).'
tanjakan unggahan-unggahan

tanya *n* takon, pitakon;
Masalah ujian ***tanya*** *saja kepada ibu guru.* 'Bab ujian takon waé marang ibu guru.'
bertanya takon;
menanyakan nakokaké, nakonaké;
pertanyaan pitakonan

tapak *n* dlamakan, tlapakan (sikil); èpèk-èpèk (tangan);
Tapak *kaki saya sakit.* 'Dlamakan sikilku sakit.'
menapak 1 njangkahaké, jumangkah; **2** mlaku tanpa srandhal;

menapakkan nglangkahaké, njangkahaké

tara *n* babag, imbang;
Kepandaiannya tidak ada ***taranya.*** 'Kapinterané ora ana sing padha ngimbangi.'
setara sababag, sejajar, satimbang

taraf *n* tataran, drajad, martabat;
Taraf *hidup rakyat Indonesia semakin baik.* 'Tataran urip rakyat Indonesia saya becik.'
setaraf sadrajad, satingkat

tari *n* tari, jogèd; ngibing
Jenis ***tar****i di Indonesia banyak sekali.* 'Jinis tari ing Indonesia akeh banget.'
menari njogèd, ngibing;
menarikan njogèdaké

tarik, menarik *v* **1** nggèrèt, nyèrèt; **2** nyenengaké, nyengsemaké;
Paman ***menarik*** *bambu.* 'Paman nggèrèt pring.'
tertarik 1 katarik; **2** seneng marang, kesengsem

taring *n* siyung;
Taring *anjing itu panjang.* 'Siyung asu iku dawa.'
bertaring duwé siyung

tarung, bertarung *v* tarung, gelud, kerengan, tukaran;
Dia ***bertarung*** *melawan temannya sendiri.* 'Dhèwèké tarung nglawan kancané dhéwe.'
pertarungan tarungan; kerengan, padudon, geludan

tata, menata *v* nata, ngatur, nyusun, mbèrèsi
Ibu guru sedang ***menata*** *buku di ruangan.* 'Ibu guru lagi nata buku ing ruwangan.'

tatap, tatap muka *v* adu arep, adhep-adhepan;
Masalah ini harus dibicarakan dengan ***tatap muka.*** 'Masalah iki kudu dirembug kanthi adhep-adhepan.'
menatap nyawang, ndeleng

[1]tatar, menatar *v* natar, mulang;
Ibu guru ikut ***menatar*** *siswa baru.* 'Ibu guru mèlu natar murid anyar.'
penatar panatar, sing natar;
penataran panataran

[2]tatar, tataran *n* tingkatan
Tataran *sekolah dimulai dari kelas satu.* 'Tingkatan sekolah diwiwiti saka klas siji.'

tatih, tertatih-tatih *v* sempoyongan
Nenek berjalan ***tertatih-tatih.*** 'Simbah mlaku sempoyongan.'

tatkala *p* nalika; wektu iku
Tatkala *itu saya belum mem-*

punyai adik. 'Nalika iku aku durung nduwé adhik.'

taut, bertaut *v* gandhèng
Kelopak bunga itu kadang-kadang ***bertaut.*** 'Klopak kembang iku kadhang-kadhang gandhèng.'

tawa, tertawa *v* ngguyu;
Dalam acara ini Anda boleh ***tertawa.*** 'Ing acara iki kowé éntuk ngguyu.'
menertawakan nggeguyu marang;
tertawaan geguyon

tawaduk *a* **1** andhap asor; **2** urmat, kormat
Mahmud anak yang ***tawaduk.*** 'Mahmud bocah sing andhap asor.'

tawan, menawan *v* **1** nawan, nyekel mungsuh; **2** nyengsemaké, mencutaké;
Tentara kita ***menawan*** *tentara musuh.* 'Tentara kita nawan tentara mungsuh.'
tawanan tawanan,

[1]**tawar** *a* tawar, anyep (roti, banyu)
Ayah selalu minum air ***tawar.*** 'Bapak tansah ngombé banyu tawa (putih).'

[2]**tawar**, **menawarkan** *v* **1** nawakaké; **2** nganyang;
Pedagang itu ***menawarkan*** *dagangannya.* 'Dagang iku nawakaké dagangané.'
tawar-menawar nyang-nyangan;
menawari nawani;
menawarkan 1 nawakaké; **2** ngusulaké;

tayang, menayangkan *v* mitontonaké
TV RI akan ***menayangkan*** *film kepahlawanan.* 'TV RI arep mitontonaké (nayangaké) pilem kapahlawanan.'

tebak, menebak *v* mbedhé, mbedhèk;
Ayah suka ***menebak*** *apa yang diinginkan orang lain.* 'Ayah seneng mbedhèk apa sing dikepénginaké wong liya.'
tebakan bedhèkan

tebal *a* kandel;
Kertas gambar lebih ***tebal*** *daripada kertas tulis.* 'Kertas (dluwang) gambar luwih kandel tinimbang dluwang tulis.'
menebal dadi kandel, saya kandel;
menebalkan ngandelaké

tebang, menebang *v* negor; ngethok;
Paman ***menebang*** *pohon kelapa.* 'Paklik negor wit krambil.'

tebar, bertebaran *v* sumebar, pating slebar;
*Kertas itu **bertebaran** tertiup angin.* 'Dluwang/kertas iku sumebar kanginan (kena angin).'
menebarkan nyebaraké

[1]**tebas, menebas** *v* mbabat, mapras
*Petani itu **menebas** rumput.* 'Patani iku mbabat (mapras) suket.'

[2]**tebas, menebas** *v* nebas, mborong (asil tetanèn)
*Ayah **menebas** padi milik Pak Ahmad.* 'Bapak nebas pari duwèké Pak Ahmad.'

tebing *n* gampeng; jurang njuleg; pèrèng;
***Tebing** sungai itu longsor karena air hujan.* 'Pèrèng kali iku longsor sebab kena banyu udan.'
bertebing ana jurangé, ana pèrèngé

teduh *a* éyub, ayom, édhum;
*Kami beristirahat di tempat yang **teduh**.* 'Kita ngaso ing papan sing éyub.'
berteduh ngeyub

tega *a* mentala
*Umiyatun tidak **tega** meninggalkan ayah dan ibunya.* 'Umiyatun ora mentala ninggalaké bapak lan ibuné.'

tegak *a* **1** ngadeg (jejeg); **2** lempeng, lenceng;
*Ketika upacara bendera kita harus berdiri **tegak**.* 'Nalika upacara bendhéra kita kudu ngadeg jejeg.'
menegakkan ngedegaké

tegang *a* wedi, medèni; dredheg
*Jangan **tegang** menghadapi ulangan.* 'Aja wedi ngadhepi wulangan.'
menegangkan medèni;
bersitegang bengkerengan

tegap *a* gagah prakosa, kuwat, gagah pideksa
*Kakak saya berbadan **tegap.*** 'Kakangku awaké gagah prakosa.'

tegar *a* **1** kuwat; kukuh; **2** atos; kaku
*Dengan **tegar** Amir menghadapi ancaman orang itu.* 'Kanthi kuwat Amir ngadhepi ancamané wong iku.'

tegas *a* **1** jelas, cetha banget; **2** tamtu, mesthi;
*Yani berkata dengan suara yang **tegas**.* 'Yani omong kanthi swara kang jelas lan cetha banget.'

teguh *a* kuwat, kukuh, santosa, teteg ora owah;
*Rizki itu **teguh** imannya.* 'Rizki iku kukuh imané.'

teguk, meneguk *v* ngombé (banyu); nyeguk
*Adik **meneguk** air putih.* 'Adhik ngombé (nyeguk) banyu putih.'
seteguk sacegukan; saclegukan; saglenggeman

tegur, tegur sapa *v* nyapa;
*Ani dan Dita saling **tegur sapa** ketika bertemu.* 'Ani lan Dita padha nyapa nalika ketemu.'
menegur 1 nyapa, takon, ngaruh-aruhi; **2** ngelingaké; awèh pitutur;
teguran 1 panyapa; **2** pepéling

teka-teki *n* cangkriman, bedhèkan, batangan
*Siswa SD diberi PR **teka-teki.*** 'Murid SD diwènèhi PR cangkriman.'

tekad *v* **1** niyat; kekarepan; **2** mantep
*Adi **tekadnya** sudah bulat akan kuliah di ITB.* 'Adi niyaté wis golong gilig kuliah ing ITB.'
bertekad niyat; duwé tekad

tekan, menekan *v* tenet, menet; nindhih;
*Budi **menekan** kepalaku.* 'Budi menet sirahku.'
tekanan tenetan

tekuk, menekuk *v* nekuk (sikil); mlengkung;
*Idam **menekuk** besi kuat-kuat.* 'Idam nekuk wesi kuwat banget.'
bertekuk lutut takluk, kalah

tekun *a* sregep; teberi;
*Titi belajar dengan **tekun.*** 'Titi sinau kanthi sregep (teberi).'
menekuni nlatèni

teladan *n* tuladha, conto
*Agus Sri menjadi murid **teladan.*** 'Agus Sri dadi murid tuladha.'

telah *adv* uwis, sawise
*Anisa **telah** diberi kabar saudaranya.* 'Anisa uwis diwènèhi kabar déning saduluré.'

telan, menelan *v* ngulu, ngeleg; nguntal (*Ks*);
*Zalimah **menelan** pil itu satu demi satu.* 'Zalimah ngeleg pil iku siji mbaka siji.'
tertelan kolu, keleg

telanjang *a* wuda
*Anak kecil itu **telanjang** ketika mandi di sungai.* 'Bocah cilik iku wuda blejed nalika adus ing kali.'
menelanjangi mudani;
telanjang bulat wuda blejed

telanjur *a* kebacut; kebanjur
*Ibu **telanjur** berangkat, meskipun acaranya batal.* 'Ibu kebacut budhal, éwa déné acarané batal.'

telantar *a* kapiran; ora kopèn;
Anak yatim itu ***telantar*** *hidupnya.* 'Bocah yatim iku ora kopèn uripé.'
menelantarkan nyengsarakaké; daksiya

telapak *n* dlamakan, tlapakan (sikil), èpèk-èpèk (tangan)
Telapak *kaki Pardi tertusuk duri.* 'Dlamakan sikilé Pardi kecocok eri.'

telat *a* telat, kasèp, keri
Hari ini saya datang ***telat.*** 'Dina iki aku teka telat.'

teledor *a* tledhor, ndléya
Siswa jangan ***teledor*** *belajar.* 'Murid aja tlédhor sinau.'

telentang *v* mlumah;
Adik tidur ***telentang*** *di balai-balai.* 'Adhik turu mlumah ing ambèn.'
menelentang mlumah;
menelentangkan nglumahaké

telinga *n* kuping, talingan (*Ki*)
Telinga *adik bengkak.* 'Kuping adhik abuh.'

teliti *a* tliti, ngati-ati, permati;
Para siswa harus ***teliti*** *ketika mengerjakan soal.* 'Murid-murid kudu tliti nalika nggarap soal.'
meneliti nliti, mriksa;
penelitian panalitèn

telungkup, menelungkup *v* mengkurep;
Tiarap dengan badan ***menelungkup.*** 'Tiarap kanthi awak mengkurep.'
menelungkupkan ngurepaké;
tertelungkup krungkep

telur *n* edhog;
Satu kilogram ***telur*** *ayam harganya dua puluh ribu rupiah.* 'Sakilogram endhog ayam regane nganti rong puluh ewu rupiah.'
bertelur ngendhog

telusur, menelusur *v* **1** nlusuri; **2** njajagi, ngusut;
Para siswa ***menelusuri*** *pematang sawah.* 'Murid-murid nlusuri galengan sawah.'
penelusuran panalusuran

teman *n* kanca;
Sejak kecil Rajasa menjadi ***teman*** *sekolahku.* 'Wiwit cilik Rajasa dadi kanca sekolahku''
berteman kekancan;
menemani ngancani

tembak, menembak *v* mbedhil;
Kakak berhasil ***menembak*** *musang.* 'Kangmas kasil mbedhil luwak.'
menembakkan mbedhilake;
tertembak kabedhil;
tembakan mbedhilan

tembakau *n* tembako, mbako
***Tembakau** Kedu sangat terkenal.* 'Tembako Kedu misuwur banget.'
tembus *n* tembus; jublus;
*Klaten ke Wonosari ada jalan **tembus**.* 'Klaten menyang Wonosari ana dalan tembus (jublus).'
menembus nembus;
tertembus ketembus
tempa, menempa *v* nggembleng;
*Pak Guna **menempa** besi untuk gamelan.* 'Pak Guna nggembleng wesi kanggo (digawé) gamelan.'
tempaan gemblengan;
penempa tukang pandhé
tempat *n* wadhah; papan; panggonan;
*Taruhlah buku di **tempat** yang kering.* 'Dokoken buku ing papan sing garing.'
bertempat manggon; mapan;
menempati mapan ing, manggon ing;
tempayan *n* genthong
*Dulu **tempayan** burfungsi untuk air wudu.* 'Ndhisik genthong kanggo (wadhah) banyu wudu.'
tempel, menempel *v* nempel, tumempel, tumemplek;
*Benalu itu **menempel** di pohon sawo.* 'Kemladhéyan iku tumempel ing wit sawo.'
menempelkan nempelake
tempeleng *n* tempèlèng, tempiling
*Beri nasihat jangan asal **tempeleng**.* 'Dituturi dhisik, aja waton tempiling.'
tempo *n* témpo, wektu
*Dalam **tempo** singkat para siswa menyelesaikan soal-soal itu.* 'Ing wektu singkat murid-murid ngrampungaké pitakonan-pitakonan iku.'
tempuh, menempuh *v* ngliwati, mlaku nurut
*Reli mobil itu **menempuh** jalan yang berlubang-lubang.* 'Rèli mobil iku ngliwati dalan sing jlegong-jlegong (bolong-bolong).'
tempur, bertempur *v* tempur, perang;
*Tentara **bertempur** siang malam.* 'Saradhadhu (tentara) perang awan wengi.'
pertempuran paprangan
tempurung *n* bathok
*Arang **tempurung** kelapa mutunya baik.* 'Areng bathok krambil mutuné becik.'
temu, bertemu *v* ketemu, kepethuk;

*Ani **bertemu** bu guru di toko buku.* 'Ani ketemu bu guru ing toko buku.'

menemui nemoni, methuki;

menemukan nemokaké;

pertemuan patemon, bab ketemu;

mempertemukan nemokaké

tenaga *n* tenaga, daya; kekuwatan;

*Karena sudah tua, **tenaganya** sudah lemah.* 'Amarga wis tuwa, kekuwatané wis kurang.'

bertenaga duwé tenaga, duwé kekuwatan

tenang *a* anteng; meneng,;

*Murid-murid belajar dengan **tenang**, meskipun tidak ditunggui gurunya.'*Murid-murid sianu kanthi anteng, sanadyan ora ditunggoni guruné.'

menenangkan ngenengngenegi

tenar *a* kondhang, kuncara, misuwur

*Susi menjadi **tenar** setelah menjadi juara bulu tangkis.*'Susi dadi misuwur sawisé dadi juwara bulu tangkis.'

tendang, menendang *v* nendhang, nyepak, ndhupak;

*Bimo **menendang** bola.* 'Bimo nendhang bal.'

tendangan tendhangan, sepakan, dhupakan

tengadah, menengadah *v* ndangak, madhep mandhuwur, ndeleng munggah

*Dengan **menengadah** Pak Aahmad memanjatkan doa kepada Tuhan.* 'Kanthi ndangak, Pak Ahmad ndonga marang Gusti Allah.'

tengah *n* tengah;

*Ami duduk di **tengah** ruangan.* 'Ami lungguh ing tengah ruwangan.'

menengah manengah, nuju tengah;

menengahi misah, ndamèkaké;

setengah setengah, separo;

tengahan tengahan

tenggang *n* wektu, tènggang wektu;

*Ibu berjanji membayar utangnya dalam **tenggang** satu bulan.* 'Ibu janji mbayar utangé ing (sajroning) wektu sesasi.'

tenggang rasa tepa slira

tenggat *n* inah, watesan wektu

*Parlan memberi **tenggat** sampai akhir bulan ini untuk mengembalikan bukunya.* 'Parlan mè-

nèhi watesan wektu nganti akir wulan iki kanggo mbalèkaké bukuné.'

tenggelam *n* **1** kerem, klelep; **2** angslup (srengéngé);
Kapal itu ***tenggelam,*** *setelah menabrak karang.* 'Kapal iku kèrem, sawisé nabrak watu karang.'
menenggelamkan nyilepaké, nglelepaké

tengger, bertengger *v* nangkring; méncok, ménclok
Burung itu ***bertengger*** *di atas dahan.* 'Manuk iku nangkring ing dhuwur pang.'

tenggorok, tenggorokan *n* gurung, gorokan (dalan ambegan)
Titis sakit ***tenggorokan.*** 'Titis lara gorokan.'

tengkar, bertengkar *v* kerengan; padu, pasulayan;
Mereka ***bertengkar*** *karena tugas.* 'Bocah loro iku lagi kerengan krana (masalah) tugas.'
pertengkaran pasulayan, padudon

tengkorak *n* cumplung, bathok sirah
Para siswa melihat gambar ***tengkorak.*** 'Murid-murid ndeleng gambar cumplung.'

tengkuk *n* githok, cengel
Tengkuk *anak itu sakit.* 'Githoké bocah iku lara.'

tengkulak *n* tengkulak, bakul (dagang) gedhé
Panen para petani dibeli oleh ***tengkulak.*** 'Asil panènan para tani dituku dèning tengkulak.'

tengkurep *v* mengkurep;
Sebaiknya tidur telentang jangan ***tengkurep.*** 'Beciké turu mlumah aja mengkurep.'
menengkurep mengkurep

tengok, menengok *v* nolèh, ngingetakè
Adik ***menengok*** *ke kiri dan ke kanan sebelum menyeberang jalan raya.* 'Adhik nolèh ngiwa lan manengen sadurungé nyabrang dalan gedhé.'

tentang *p* bab; ngenani;
Ibu guru tahu ***tentang*** *karater siswa.* 'Ibu guru ngerti bab watak murid.'
bertentangan lelawanan, cengkah; ora cocok karo;
menentang nglawan; nulak

tenteng, menenteng *v* nyangking, nggawa karo tangan siji
Adikku ***menenteng*** *tas ke sekolah.* 'Adhiku nyangking tas menyang sekolah.'

tenteram *a* ayem; tentrem, aman; dhamé;
Kita hidup di negeri yang aman dan ***tenteram.*** 'Kita urip ing negara kang aman lan tentrem.'
menenteramkan nentremaké; ngayemaké;
ketenteraman katentreman

tentu *a* mesthi, jelas, nyata;
Paman ***tentu*** *datang.* 'Paman mesthi teka.'
menentukan nemtokaké, mesthekaké;
tertentu winates, mirunggan;

tepat *a* bener, trep banget, pas;
Jawabannya memang ***tepat.*** 'Wangsulané pancèn bener.'
bertepatan padha wektuné, barengan karo;
menepati nuhoni, netepi

tepi *a* pinggir, lis;
Di ***tepi*** *pantai laut selatan dia memancing.*'Ing pinggir pesisir segara kidul dhèwèké mancing.'
bertepi ana pinggiré, ana wengkuné;
menepi minggir, nuju, ngener ing pinggir;

tepuk, menepuk *v* **1** epuk, ngepuk-epuk; nabok; **2** ngeploki;
Kepala sekolah ***menepuk*** *bahu siswa yang menjadi juara kelas.* 'Kepala sekolah ngepuk-epuk pundhak saka buri murid sing dadi juwara klas.'
bertepuk keplok;
bertepuk tangan keplok-keplok

tepung *n* glepung
Ibuku membeli ***tepung*** *beras di pasar.* 'Ibuku tuku glepung beras ing pasar.'

terali *n* ruji
Jendela itu menggunakan ***terali*** *besi.* 'Cendhéla iku nggunakaké ruji wesi.'

terampil *a* trampil, cekatan;
Bulik ***terampil*** *membuat barang-barang dari rotan.* 'Bulik trampil nggawé barang-barang saka penjalin.'
keterampilan ketrampilan

terang *a* **1** padhang, sumunar; **2** jelas, cetha;
Malam ini ***terang*** *bulan* 'Wengi iki padhang rembulan.'
menerangkan njelasaké, nerangaké;
keterangan katrangan

terap, menerapkan *v* matrapaké; nggunakaké; mratekaké;
Kita harus ***menerapkan*** *ilmu yang kita dapatkan di sekolah.* 'Kita kudu nggunakaké ilmu

kang kita sinau ing sekolah.'
penerapan matrapaké; mraktekaké

terbang *v* mabur;
Burung perkutut ***terbang*** *dari sangkar.* 'Manuk perkutut mabur saka kurungan.'
beterbangan mabur-mabur;
menerbangkan ngaburaké, maburaké

terbit *v* terbit; metu, muncul; mlèthèk (srengéngé);
Majalah Mingguan sudah ***terbit****.* 'Majalah mingguan wis muncul.'
menerbitkan nerbitaké; ngetokaké (buku);
terbitan terbitan (buku)

teriak *n* jeritan, mbengok;
Terdengar ***teriak*** *anak-anak kegirangan karena mendapat hadiah.* 'Kaprungu jeritan bocah-bocah kang gumbira sebab oleh hadiyah.'
berteriak njerit; mbengok

terik *a* panas banget (srengéngé)
Jangan bermain pada saat ***terik*** *matahari.* 'Aja dolanan nalika srengéngéné panas banget.'

terima *v* tampa, nampa;
Buruh itu ***terima*** *uang gaji yang dibayarkan tiap minggu.* 'Buruh iku tampa dhuwit bayar sing dibayaraké saben minggu.'
menerima nampa, nampani;
terima kasih matur nuwun

terjal *a* njuleg
Para pendaki gunung harus menuruni lereng yang ***terjal.*** 'Para pendhaki gunung kudu ngudhuni pèrèngan kang njuleg.'

terjang, menerjang *v* nrajang
Banjir besar ***menerjang*** *kampung itu.* 'Banjir gedhé nrajang kampung iku.'

terjemah, menerjemahkan *v* nerjemahaké; njarwakaké;
Ia menerjemahkan buku-buku dari bahasa asing ke bahasa Indonesia. 'Dhéwèké njarwakaké buku-buku saka basa asing marang basa Indonesia.'
terjemahan terjemahan

terjun *v* anjrut, anjlog
Anak-anak ***terjun*** *ke kali.* 'Bocah-bocah anjrut nang kali.'

terka *v* ngira, nduga, bedhèk;
Coba ***terka*** *siapa nama orang itu.* 'Coba bedhèk sapa jenengé bocah iku.'
terkaan panduga, pangira

terlalu *adv* banget, kebangeten;
Rumah ini ***terlalu*** *luas.* 'Omah iku amba (jembar) banget.'
keterlaluan kebangeten

terlanjur *a* kelanjur, kebacut
*Eva sudah **terlanjur** membeli buku..* 'Eva wis kebanjur tuku buku.'

ternak *n* ingon (kewan);
*Paman mempunyai usaha **ternak** ayam.* 'Paman duwé usaha ingon (ternak) ayam.'
beternak ngingu (kéwan)

terobos, menerobos *v* nrobos; nrejang;
*Tentara kita berusaha **menerobos** pertahanan lawan.* 'Tentara kita ngupaya nrobos bètang tahanan mungsuh.'
terobosan trobosan

teropong *n* tropong, keker
*Petugas itu menggunakan **teropong** untuk melihat bulan.* 'Petugas iku nggunakaké tropong kanggo ndeleng rembulan.'

tertib *a* tartib, teratur, sarwa tumata;
*Para siswa masuk kelas dengan **tertib.*** 'Murid-murid mlebu klas kanthi tartib.'
menertibkan nartibaké; ngatur;
penertiban panartiban

terus *n* terus, bablas;
*Bimo berjalan **terus** menuju sekolahan.* 'Bimo mlaku terus nuju sekolahan.'
meneruskan nerusaké;
seterusnya sateruse, sabacuté;
terus terang blaka, blak-blakan

tetangga *n* tangga;
***Tetangga** saya berasal dari Irian.* 'Tanggaku asalé saka Irian.'
bertetangga tetanggan

tetap *adv* tetep, panggah;
*Letak buku itu masih **tetap** pada tempatnya.* 'Panggonan buku iku isih tetep ing papan mauné.'
menetap manggon, mapan ing

tetapi *p* nanging
*Ani pandai bernyanyi, **tetapi** tidak pandai berpantun.* 'Ani pinter nyanyi, nanging ora pinter geguritan.'

tetas, menetas *v* netes;
*Telur ayamnya sudah **menetas.*** 'Endhog pitiké wis netes.'
menetaskan netesaké

tewas *a* tiwas, mati
*Tentara itu **tewas** tertembak peluru musuh.* 'Tentara (saradhadhu) iku tiwas ketémbak (mimis) mungsuh.'

tiada *v* **1** ora ana; **2** ora;
***Tiada** hari tanpa belajar.* 'Ora ana dina tanpa sinau.'
meniadakan ngilangi

tiang *n* saka, cagak
__Tiang__ rumah itu sudah rapuh. 'Saka omah iku wis kropos.'

tiap *num* saben
__Tiap__ orang harus membayar Rp5.000,00. 'Saben wong siji kudu mbayar Rp5.000,00.'

tiba *v* teka, dugi (*K*), rawuh (*Ki*); tekan;
Rombongan haji kloter pertama sudah __tiba__ kemarin sore. 'Rombongan haji kloter kapisan wis teka wingi soré.'
tiba-tiba dumadakan, ujug-ujug

tidak *adv* ora, boten (*K*);
Sekolah kakakku __tidak__ jauh dari rumah. 'Sekolahé kakangku ora adoh saka ngomah.'
setidaknya saora-orané, sakurang-kurangé

tidur *v* turu, tilem (*K*), saré (*Ki*);
Himawan __tidur__ pulas. 'Himawan turu nglipus (nglempus).'

tidur-tiduran teturon, turonan;
tertidur keturon

tiga *num* telu, tiga (*K*);
Tiara duduk di kelas __tiga__. 'Tiara lungguh ing klas telu.'
pertigaan pertelon;
sepertiga sapratelu, saprotelon

tikai, bertikai *v* pasulayan, padudon, rerejegan; gelut;
Jangan __bertikai__ karena masalah pelajaran. 'Aja padudon krana masalah wulangan'.
pertikaian padudon, pasulayan

tikam, menikam *v* nyuduk, nusuk;
Perampok itu __menusuk__ korbannya dengan pisau. 'Prampok iku nyunduk kurbané nganggo péso.'
tertikam kesuduk, ketusuk

tikar *n* klasa, gelaran (*K*):
Adik duduk di tikar. 'Adhik lungguh ing klasa.'

tiket *n* karcis
Saya membeli __tiket__ kereta untuk ke Jakarta. 'Aku tuku karcis sepur kanggo lunga Jakarta'.

tikung, menikung *v* ménggok;
Jalan itu __menikung__ dan menurun. 'Dalan iku ménggok lan mudhun.'
tikungan pénggokan, énggok-énggokan

tilam *n* kasur
__Tilam__ yang indah itu dibuat dari sutra. 'Kasur sing éndah iku digawé saka sutra'.

tim *n* tim, klompok; regu;
__Tim__ penolong mencari korban

kecelakaan pesawat terbang. 'Regu panulung (tetulung) nggolèki kurban kacilakan motor mabur.'

timba, menimba *v* **1** nimba; **2** ngangsu

Ibu sedang ***menimba*** *untuk mengisi bak mandi.* 'Ibu lagi nimba kanggo ngisi kolah (bak adus).'

timbang, menimbang *v* nimbang;

Pedagang sedang ***menimbang*** *jeruk.* 'Pedagang lagi nimbang jeruk.'

timbangan timbangan

timbul *v* mencungul, methungul;

Kayu itu terbawa ombak sehingga ***timbul*** *tenggelam.* 'Kayu iku kegawa alun saengga mencungul (lan) nyilem.'

menimbulkan mencungulake

timbun, timbunan *n* tumpukan;

Timbunan *padi itu sudah kering.* 'Tumpukan pari iku wis garing.'

menimbun numpuk;

tertimbun kurugan; kembrugan

timpa, menimpa *v* **1** nibani, ngenani, namani; **2** tiba nindhihi;

Pelepah pohon itu jatuh ***menimpa*** *mobil parkir.* 'Papah wit iku tiba nibani mobil parkir'.

tertimpa 1 ketiban; **2** ketaman

timur *n* wétan

Matahari terbit di ufuk ***timur.*** 'Srengéngé mlethék ing cakrawala wétan.'

tindas, menindas *v* nlindhes;

Mobil itu ***menindas*** *bola sampai pecah.* 'Mobil iku nlindhes bal nganti pecah.'

tindasan tlindhesan

tindih, menindih *v* nindhih;

Anak yang gemuk itu ***menindih*** *temannya.* 'Bocah sing lemu iku nindhih kancané.'

ditindih ditindhihi;

tertindih ketindhihan

tinggal *v* **1** mapan, manggon; **2** turah, kèri; **3** nunggak;

Saya ***tinggal*** *di desa.* 'Aku manggon nang désa'.

meninggal mati, tilar (donya) (*K*), seda (*Ki*);

meninggalkan 1 ninggalaké; **2** nurahake; **3** nglungani;

tertinggal ketinggalan, kèri;

peninggalan 1 tinggalan; **2** warisan, pusaka

tinggi *a* **1** dhuwur; inggil (*K*); **2** luhur, mulya; **3** wis maju;
Gunung Merapi itu ***tinggi***. 'Gunung Merapi iku dhuwur'.
meninggi mendhuwur, munggah; muluk-muluk;
tertinggi paling dhuwur;

tingkah *n* ulah, kalakuwan, tindak-tanduk, watak kelakuan;
Anak itu ***tingkahnya*** *aneh sehingga ditertawakan orang.* 'Bocah iku kalakuwané anèh saéngga digeguyu uwong.'
tingkah laku kalakuwan, tindak-tanduk

tingkat *n* **1** tingkat, sungsun; susun; **2** klas, taraf, tataran;
Bangunan rumah itu terdiri atas lima ***tingkat.*** 'Bangunan omah iku ana limang tingkat.'
bertingkat tingkat, susun;
meningkat mundhak;
setingkat padha tingkatané, sajajar

tinjau, meninjau *v* mriksa, niti priksa, ndeleng nglelimbang;
Pak Lurah sedang ***meninjau*** *pembuatan jembatan desa.* 'Pak Lurah lagi niti priksa gawéyan brug desa.'

tinjauan priksanan, asil mriksa;
peninjauan pamriksan

tinta *n* mangsi
Baju seragamnya terkena ***tinta.*** 'Klambi sragamé kenang mangsi.'

tipu, menipu *v* ngapusi, apus-apus, ngakali;
Anak itu sering ***menipu*** *temannya.* 'Bocah iku asring ngapusi kancané.'
tipu muslihat siyasat;
penipu tukang ngapusi

tirai *n* **1** kordhen; **2** klambu
Jendela itu ***gorden****nya berwarna kuning.* 'Cendhéla iku kordhèné wernané kuning'.

tiri *a* kuwalon;
Bulik tidak mempunyai anak ***tiri.*** 'Bulik ora duwé anak kuwalon.'

tiru, meniru *v* nyonto, niru;
Anak itu sedang ***meniru*** *ibu gurunya.* 'Bocah iku lagi nyonto ibu guruné.'
menirukan nirokaké;
tiruan tiron

titel *n* **1** gelar; **2** irah-irahan;
Kakakku mempunyai ***titel*** *doktorandus.* 'Kakangku duwé gelar dokterandus'.
bertitel duwé titel, duwé gelar

tiup , meniup *v* nyebul; ndamu;
Tina Toon ***meniup*** *seruling disetai terompet.* 'Tina Toon nyebul suling dibarengi slomprèt.'
bertiup sumilir; sumribit;
tiupan sebulan

todong, menodong *v* nodhong, ngrampas;
Dua orang pejahat itu ***menodong*** *korbannya dengan pistul.* 'Penjahat loro iku nodhong kurbané nganggo pistol.'
penodongan tumindak ngrampas

tokoh *n* lakoné; paraga utama;
Tokoh *patih Gadjah Mada itu diperankan oleh Gatot.* Lakoné Patih Gadjah Mada ditindakaké déning Gatot.'
menokohkan nokohaké

tolak, menolak *v* **1** nulak, nyegah; nampik, ora nampa; **2** nyurung, dhesek, nyingkang:
Anak-anak itu ***menolak*** *disuruh jongkok.* 'Bocah-bocah iku nulak dikon ndodok.'
bertolak budhal layar, budhal, mangkat lunga

tolong *v* tulung, bantu;
Tolong *mas, ambilkan pensil saya.* 'Tulung mas, jupukna potlotku.'
menolong nulung, mbiyantu
tertolong katulung;
pertolongan pitulungan, bantuwan

tombol *n* kenop
Tombol *mesin itu rusak.* 'Kenop mesin iku rusak.'

tonggak *n* pathok;
Tanah pekarangam harus diberi ***tonggak.'*** Lemah pekarangan kudu diwèhi pathok.'

tongkat *n* teken;
Ayah memakai ***tongkat*** *karema kakinya sakit.* 'Bapak nganggo teken jalaran sikilé lara.'
bertongkat tekenan; ganggo teken

tongkol *n* bonggol; kethokan (kayu)
Tongkol *bambu itu masih bisa dimanfaatkan.* 'Bonggol pring iku isih bisa digunakaké.'

tonjol, menonjol *v* **1** mbrenjul; mencungul; **2** njendhol (sirah); **3** pinunjul;
Semua buku harus disusun rata jangan sampai ***menonjol.*** 'Kabèh buku kudu ditata rata aja ana sing mbrenjul (mencungul)'.
menonjolkan nonjolaké, ngetokaké (kapinteran)

tonton, menonton *v* ndeleng, nonton, ndelok;

Ayah senang ***menonton*** *pertandingan sepak bola.* 'Bapak seneng nonton (mriksani) bal-balan'.

tontonan tontonan;

penonton wong nonton

topan *n* lésus; barat gedhé;

Pohon itu tumbang dilanda ***topan.*** 'Wit iku rubuh (ambruk) katrajang lésus.'

topang *v* cagak; cuwak;

Topang *rumah yang condong itu patah.* 'Cagak omah sing dhoyong iku tugel.'

bertopang dicuwak, dicagaki;

menopang nyagaki

tuah *n* sekti; kramat;

Nenek memilih tinggal di desa karena ***tuahnya.*** 'Simbah putri milih manggon ing désa sebab kramaté.'

bertuah kramat; sekti

tualang, berpetualang *v* ngumbara; kluyuran;

Sewaktu masih muda paman suka ***berpetualang.*** 'Nalika isih enom paman seneng ngumbara.'

petualang pangumbara

tuan *n* **1** tuwan, bandara; **2** majikan; **3** wong lanang;

Kami mohon izin kepada ***tuan*** *karena ada keperluan.* 'Kawula abdi nyuwun idi tuwan marga ana kaperluan.'

tuan tanah tuwan lemah, wong sugih lemah

tuang, menuang *v* ngiling;

Ibu ***menuang*** *air teh untuk ayah.* 'Ibu ngiling wédang tèh kanggo bapak.'

menuangkan ngilingaké;

tubi, bertubi-tubi *v* bola-bali, terus-terusan;

Bulik mendapat cobaan ***bertubi-tubi***. 'Bulik olèh pacoban terus-terusan.'

tubuh *n* awak, badan;

Petinju itu ***tubuhn****ya besar dan gagah.* 'Petinju iku awaké gedhé lan prakosa'.

tuding, menuding *v* **1** nuding; **2** nudhuh, ndakwa;

Pak guru ***menuding*** *salah satu siswanya* ***.....*** 'Pak guru nuding salah sawijining muridé.'

menuding-nuding nudingi

tuduh, menuduh *v* nudhuh; ndakwa

Sudono ***menuduh*** *Haryo meangambil uangnya.* 'Sudono nudhuh Haryo njupuk dhuwité.'

tertuduh 1 ditudhuh; **2** ketudhuh, kedakwa

tugas *n* **1** tugas, kuwajiban; kajibahan; **2** préntah, kongkonan;
*Kita harus mngerjakan **tugas** dengan baik.* 'Kita kudu nggarap tugas kanthi becik.'
bertugas tugas; ngayahi;
menugasi nugasi; nyerahi tugas;

tuju, menuju *v* tuju, nuju, tumuju;
*Kereta yang **menuju** ke Bandung sudah berangkat.* 'Sepur sing tumuju Bandung wis mangkat.'
tertuju tumuju marang;
tujuan tujuan;
menyetujui nyetujoni, nyatakaké setuju

tujuh *num* pitu
*Paman pergi ke Jakarta selama **tujuh** hari.*'Paman tindak Jakarta pitung dina suwené.'

tukar, menukar *v* ngijoli, ngganti;
*Kakak **menukar** baju adik yang baru.* 'Kakang ngijoli klambiné adik sing anyar.'
bertukar 1 ijolan; **2** alihan, pindhah;
menukarkan ngijolaké;

tulang *n* balung;
*Anjing itu sedang makan **tulang** ayam.* 'Asu iki lagi mangan balung pitik.'
bertulang ana balungé, duwé balung

tular, menular *v* nular, nulari;
*Batuk adalah penyakit yang mudah **menular.*** 'Lara watuk iku lelara sing gampang nular.'
menulari nulari, nular marang;
ketularan katularan

tulen *a* tulèn, asli
*Kakak perempuanku membeli emas **tulen.*** 'Mbakayuku tuku emas asli.'

tuli *a* budheg, tuna pangrungu;
*Anak yang **tuli** itu tidak mendengar apa-apa.* 'Bocah sing budheg iku ora krungu apa-apa.'

tulis, menulis *v* **1** nulis; **2** ngarang;
*Anak TK itu sedang belajar **menulis**.* 'Bocah TK iku lagi sinau nulis.'
menuliskan nulisaké;
penulis panulis, pangarang, pangripta

tulus *a* iklas; legawa;
*Sumbangan ini kami berikan dengan **tulus**.*'Sumbangan iki kita wèhaké kanthi iklas.'
ketulusan katulusan; kaiklasan

tumbang *v* rubuh; ambrug;
Karena hujan lebat, banyak pohon besar yang ***tumbang.*** 'Jalaran udan deres, akèh wit gedhé sing rubuh (ambrug).'
menumbangkan ngrubuhaké, ngambrugaké

tumbuh *v* thukul; urip; ngrembaka;
Tanaman itu ***tumbuh*** *menjadi besar karena sering disiram.* 'Tanduran iku ngrembaka dadi gedhé sebab asring disiram.'
tumbuhan thukulan

tumit *n* tungkak
Tumit *Pak Bajuri terkena batu.* 'Tungkak Pak Bajuri kena watu'.

tumpah *v* wutah;
Tinta itu ***tumpah*** *mengotori taplak meja.* 'Mangsi iku wutah ngregedi taplak méja.'
menumpahi mutahi, wutah ing;
tertumpah wutah

tumpang, menumpang *v* **1** numpang; **2** nunut;
Awan hitam itu seperti ***menumpang*** *di atas puncak gunung.* 'Méga ireng iku (kayakaya) numpang ing dhuwur gunung.'
penumpang sing nunggang (numpak)

tumpas, menumpas *v* tumpes, mbrasta; nyirnakaké
Polisi ***menumpas*** *perjudian di desa itu.*'Polisi mbrasta judi (main) ing désa iku.'

tumpu, bertumpu *v* ancik-ancik; pancadan;
Ayah ***bertumpu*** *di kursi untuk memetik mangga.* 'Bapak ancik-ancik ing kursi kanggo methik pelem.'
bertumpu mancik, mancad;
tumpuan pancikan; pancadan

tumpul *a* kethul; bujel;
Pisau ini ***tumpul*** *sehingga tidak bisa untuk mengiris bawang.* 'Péso iki kethul saéngga ora bisa kanggo ngiris bawang.'

tunai *adv* kencèng, jrèng; kontan;
Mayasari membayar ***tunai*** *barang yang dibelinya.* 'Mayasari mbayar kencèng barang sing dituku.'
menunaikan nglakoni; nglasanakaké

tunang, tunangan *v* tunangan; pacangan;
Aditama baru saja ***bertunangan*** *dengan Warsi.* 'Aditama lagi waé tunangan (pacang-

an) karo Warsi.'

bertunangan pacangan

tunas *n* semèn; trubus;

Tunas *pohon jambu itu subur.* 'Trubusan wit jambu iku lemu.'

bertunas trubus

tunda, menunda *v* nundha, ngundur (wektu), nangguhaké;

Pak guru ***menunda*** *rapat OSIS.* 'Pak Guru ngundur rapat OSIS.'

tertunda katunda, kaundur

tunduk, **menunduk** *v* tumungkul, ndhungkluk;

Badrudin dimarahi bapaknya sehingga ***menunduk***. 'Badrudin disengeni bapaké saénggo tumungkul.'

menundukkan ndhungklukaké, tumungkul

tunggal *num* ijèn; siji;

Abdi menjadi pengusaha ***tunggal*** *di wilayahnya.* 'Abdi dadi pengusaha tunggal ing wilayahé.'

tunggang, menunggang *v* nunggang; numpak;

Adik ***menunggang*** *kuda waktu di Gembira Loka.* 'Adhik nunggang jaran nalika ing Gembira Loka.'

tunggangan tumpakan, tunggangan

tunggang-langgang *v* mlayu nggendring, mlayu nggenjrit

Masyarakat lari ***tunggang-langgang*** *ketika terjadi gempa.* 'Masarakat mlayu nggendring nalika ana lindhu.'

tungging, menungging *v* njengking;

Adikku sudah dapat merangkak dan ***menungging.*** 'Adhiku wis bisa mbrangkang lan njengking.'

tunggu, menunggu *v* nunggu, ngentèni;

Tessa ***menunggu*** *ibunya yang sedang berbelanja di pasar.* 'Tessa ngentèni ibuné sing lagi blanja ing pasar'.

tungku *n* keren, anglo

Purwati memanggang sate di ***tungku.*** 'Purwati manggang saté ing keren'.

tunjang, menunjang *v* mbantu; nyangga

Pemerintah desa ***menunjang*** *kegiatan masyarakat.* 'Pamaréntah désa mbantu kegiatan masyarakat.'

tunjuk, menunjuk *v* **1** ngacung, ngacungaké (driji); **2** kongkon;

*Siapa yang tahu jabawabnya hendaknya **menunjuk** jari.* 'Sapa sing ngerti jawabané beciké ngacung.'

menunjukkan nuduhaké; meruhaké;

petunjuk pituduh, piwulang; pandom;

pertunjukan tontonan; pamèran;

tuntas *a* tuntas, rampung kabèh; resik;

*Pembangunan masjid itu belum **tuntas.*** 'Pambangunan mesjid iku durung rampung.'

menuntaskan nuntasaké; ngentèkaké

tuntun, menuntun *v* nuntun; nuduhaké; mbeneraké;

*Ketika menyeberang jalan kakak **menuntun** nenekku.* 'Nalika nyabrang dalan kangmas nuntun simbahku.'

tuntunan pituduh; pandom

tuntut, menuntut *v* nuntut; nagih; nggugat;

*Pihak sekolah **menuntut** agar diperbaiki.* 'Péhak sekolah nuntut supaya diapikaké.'

tuntutan 1 tuntutan; **2** gugatan; dakwan

turis *n* plancong, wisatawan;

*Sudah ratusan lebih **turis** asing datang ke Goa Pindul.* 'Wis atusan wong luwih wisatawan mancanagara teka menyang Guwa Pindul.'

turun *v* **1** mudhun, medhun; **2** suda, surut;

*Pendaki **turun** dari gunung Merapi pukul 08.00.* 'Pendhaki mudhun saka gunung Merapi jam 08.00.'

menurun 1 mudhun (ndronjong); **2** suda;

keturunan katurunan; anak putu

turut *v* mèlu; sarta

*Pak Hadi **turut** dalam pembangunan jalan di daerahku.* 'Pak Hadi melu mbangun ananing pambangunan dalan ing wilayahku.'

menurut 1 miturut; **2** andhedhasar;

penurut nurut; patuh

tusuk, menusuk *v* nyubles, nyunduk, nyuduk;

*Dalam pemilu kita **menusuk** gambar sesuai dengan hati nurani.* 'Ing pemilu kita nyubles gambar sesuai karo hati nurani.'

tertusuk kacubles, kasuduk

tutur *n* tutur, pangucap, tembung, tetembungan;
Bu Nita ***tutur*** *bahasanya sangat sopan.* 'Ibu Nita tutur basané sopan banget.'
menuturkan nuturaké, ngucapaké; ngomongaké, nyritakaké;
tuturan pocapan, guneman, omongan

U

uang *n* dhuwit;
__Uang__ yang diberi ibu akan saya tabung. 'Dhuwit sing diparingi ibu arep tak tabung.'
beruang duwé dhuwit; sugih;
uap *n* uwab; kukus;
Ibu memasak air keluar __uap-nya__. 'Ibu nggodhog banyu metu uwabé.'
menguap nguwab;
ubah, berubah *v* owah; béda;
Wajahnya agak __berubah__ ketika sambutanku tidak ramah. 'Rainé béda saka mauné nalika sambutané ora ramah.'
mengubah ngowahi;
perubahan owah-owahan
uber, menguber *v* nguber, ngoyak;
Anjing itu __menguber__ kucing. 'Asu kuwi ngoyak kucing.'
menguber-uber nguber-uber; ngoyak-oyak
uban *n* uwan;
Orang itu sudah ada __uban__nya. 'Wong iku wis ana uwané.'
beruban uwanen
ubi *n* téla
Roti yang itu terbuat dari __ubi__. 'Roti sing iku digawé saka téla.'
ubin *n* jobin, tègel
Lantai rumahnya sudah dipasangi __ubin__. 'Jogan omahé wis dipasangi jobin.'
ubun-ubun *n* embun-embun
Di __ubun-ubun__ adik belum tumbuh rambut. 'Ing umbun-umbun adhik durung thukul rambuté.'
ucap, mengucap *v* ocap, ngocap; ngandhakaké; nyatakaké;
Aku tidak bisa __mengucap__ huruf er (r). 'Aku ora bisa ngocap aksara *er* (r).'
terucapkan kocap;
ucapan pocapan
udang *n* urang
Saya kemarin membeli kerupuk __udang__. 'Wingi aku tuku krupuk urang.'
udara *n* **1** awang-awang; akasa; **2** hawa
Sayap pesawat udara itu jatuh dari __udara__. 'Swiwi montor mabur iku tiba saka akasa.'
mengudara mabur; munggah ing akasa

ufuk *n* cakrawala, angsubing langit;
*Fajar mulai terbit di **ufuk** timur.* 'Pajar wiwit katon ing cakrawala sisih wétan.'

uji, menguji *v* nguji; mbiji;
*Pak guru sedang **menguji** keterampilan siswa.* 'Pak guru lagi nguji ketrampilané murid'.
ujian ujian

ujung *n* pungkasan; wekasan; pucuk;
*Rumahnya berada di u**jung** jalan itu.* 'Omahé ana ing pungkasan dalan kuwi.'
berujung ana watesé; kang pungkasané

ukir, berukir *v* mawa ukir (-an); mawa hiasan;
*Gelas kristal itu sangat indah karena **berukir**.* 'Gelas kristal kuwi apik banget jalaran mawa ukiran.'
mengukir ngukir;
ukiran ukiran

ulah *n* polah; tingkah;
Ulah anak kecil itu seperti jagoan. 'Polahé bocah cilik iku kaya jagoan.'
berulah polah

ulang, berulang *v* bali, mbalèni;
*Semoga kesedihan itu tidak **berulang** lagi.* 'Muga-muga kesusahan kuwi ora bali menèh.'
mengulang mbalèni;
ulang tahun ambal taun

ular *n* ula, sawer (*K*)
*Anak itu takut pada **ular**.* 'Bocah kuwi wedi marang ula.'

ulas, mengulas *v* ngoncèki, nerangaké maksudé;
*Orang itu sedang **mengulas** tentang musibah Gunung Merapi.* 'Wong kuwi lagi nerangaké maksudé musibah Gunung Merapi.'
ulasan andharan

ulat *n* uler
*Di kebun itu banyak ditemukan **ulat**.* 'Ing kebon kuwi akèh ulere.'

ulung *a* kawentar, misuwur
*Nelayan kita sebagai pelaut yang **ulung**.* 'Nelayané awaké dhéwé minangka pelaut kang kawentar.'

ulur, mengulur *v* ulur, ngulur; nyenyuwé;
*Ketika menuruni tebing temannya **mengulur** tali supaya dia tidak terjatuh.* 'Rikala mudhun tebing kancané ngulur tali supaya dhèwèké ora tiba.'
mengulur-ulur ndedawa, nyenyuwé, ngulur-ulur;

umpama *n* **1** upama; **2** menawa
Umpama *saya tidak datang ke pesta itu, pasti dia marah.* 'Menawa aku ora teka ing pésta kuwi, mesti dhèwèké nesu.'
mengumpamakan ngumpamakaké; ngibarataké;
seumpama saupama

umpan *n* pakan
Pandu memberikan ***umpan*** *untuk menangkap ikan.* 'Pandu mènèhaké pakan dienggo ndekep iwak.'
mengumpankan ngumpanake;
mengumpani ngumpani

umpat, mengumpat *v* ngundhamana; misuhi;
Pedagang kaki lima itu ***mengumpat*** *kepada pembeli.* 'Pedagang kaki lima kuwi misuhi marang sing tuku.'
umpatan wadanan; pisuhan

umum, *v* umum, lumrah;
Masalah itu sudah umum. 'Masalah iku wis lumrah.'
mengumumkan ngumumaké; mbiwarakaké; ngabaraké;
pengumaman wara-wara

umur *n* **1** umur, yuswa (*Ki*);
Umur *nyamuk tidak sampai 10 hari.* 'Umur lemut ora nganti 10 dina.'
berumur 1 umur, duwé umur; umuré
seumur sak umuré

[1]undang, mengundang *v* undang, ngundang; ulem, ngulemi;
Dia ***mengundang*** *teman-temannya untuk makan bersama.* 'Dhèwèké ngundang kancakancané kanggo mangan bareng.'
undangan uleman

[2]undang, undang-undang *n* undhang-undhang;
Setiap orang harus taat pada ***undang-undang*** *yang berlaku.* 'Saben wong kudu taat marang undhang-undhang sing sah.'
mengundangkan mbiwarakaké undhang-undhang

undi, mengundi *v* ngundhi; nglotré;
Ibu sedang ***mengundi*** *peserta arisan.* 'Ibu iku lagi ngundhi peserta arisan.'
undian lotrén

undur, mengundurkan *v* mundur, ngunduraké
Ayahnya sedang ***mengundurkan*** *mobil.* 'Bapaké lagi ngunduraké mobil.'

unggas ***n*** sato iwèn; iwèn
Pada musim kemarau banyak

unggas *yang mati.* 'Ing mangsa ketiga akèh sato iwèn sing padha mati.'

unggul *a* monjo; menang;
Pembalap kita ***unggul*** *dalam perlombaan di Singapura.* 'Pembalap kita menang ing kujuwaraan ing Singapura.'
mengungguli ngungguli; ngalahaké

ungkap, mengungkap *v* mbukak; nyingkap;
Ia berhasil ***mengungkap*** *rahasia itu.'* 'Dhèwèké kasil mbukak wewadi kuwi.'
terungkap kabukak, kasingkap;
ungkapan wedharan

ungkit, mengungkit *v* **1** njugil; nyongkèl; **2** ngundhat-undhat, ngungkat-ungkat;
Ia ***mengungkit*** *tutup tiang itu dengan linggis.* 'Dhèwèké njugil tutup tiang kuwi nganggo linggis.'
mengungkit-ungkit ngundhat-undhat;
pengungkit jugil, songkèl, antru

ungsi, mengusi *v* ngungsi; ngili; nyingkir;
Karena banjir semua penduduk ***mengungsi****.* 'Merga banjir kabèh warga ngungsi (ngili).'
mengungsikan ngungsèkaké; ngilèkaké;
pengungsian pangungsèn

unik ***a*** unik; nyelé, anèh
Pengrajin perak itu membuat kalung yang sangat ***unik.*** 'Penggawé pérak kuwi gawé kalung sing nyelé banget.'

unjuk *v* pamer
Pilot itu ***unjuk*** *ketangkasan di udara.* 'Pilot iku pamèr keprigelan ing angkasa.'

untuk *p* **1** kanggo; marang; **2** tumrap;
Untuk *semua itu, mereka mau berkorban.* 'Kanggo kabèh kuwi, dhèwèké kabéh gelem korban.'
diperuntukkan ditujokaké marang

untung *n* **1** bathi; **2** begja, mulya; **3** nasib;
Pedagang kambing itu ***untung*** *besar.* 'Pedagang wedhus iku bathi akèh.'
beruntung 1 begja; bagya mulya; **2** bathi; **3** kasil;
peruntungan 1 bebathèn; **2** kabegjan

upah *n* opah, bayar
Para buruh meminta supaya ***upahnya*** *dinaikkan.* 'Para buruh njaluk supaya opahé diundhakaké.'

upaya *n* upaya, réka daya; setiyar;
Dengan segala ***upaya*** *orang tuanya berhasil menyekolahkan anak-anaknya sampai tamat.* 'Kanthi kabéh réka daya wong tuwané kasil nyekolahaké anak-anaké nganti rampung.'
berupaya ihtiyar, ngréka daya;
mengupayakan nyetiyaraké; ngupayakaké

upeti *n* bulu bekti
Setiap pangeran harus menyerahkan ***upeti*** *kepada raja.* 'Saben pangéran kudu asung bulu bekti kanggo raja.'

urai, berurai *v* **1** mili; dlèwèran; **2** udhar;
Anak itu ***berurai*** *air matanya ketika menangis.* 'Bocah kuwi dlèwèran eluhé amarga nangis.'
uraian katrangan; andharan

urung, mengurungkan *v* murungaké; mbatalaké
Dia ***mengurungkan*** *niatnya untuk pergi ke pantai.* 'Dhèwèké murungaké lé arep lunga nang panté.'

urus, mengurus *v* **1** ngrumat; ngopèni; ngrawat; miyara; **2** ngatur; nata;
Ia sedang ***mengurus*** *tanaman di kebun.* 'Dhèwèké lagi ngopèni tanduran nang kebon.'

urusan urusan;
pengurus pangurus

urut, berurutan *v* urut, urutan;
Kami dipanggil bu guru secara ***berurutan.*** 'Awaké dhéwé kabèh dipanggil bu guru kanthi urutan.'
mengurutkan ngurutaké;
urutan urutan

usaha *n* pamarsudi, pangudi; pambudi daya; setiyar
Usaha *yang dilakukan sudah maksimal.* 'Pangudi sing dilakoni wis pol.'
berusaha iktiyar; setiyar;
mengusahakan nyetiyaraké

usai *v* rampung; bubar
Sebelum pelajaran ***usai****, ia sudah pulang.* 'Sadurungé pelajaran rampung, dhèwèké wis bali.'

usang ***a*** lawas; kuna
Sepatunya sudah ***usang*** *sehingga tidak pernah dipakai.* 'Sepatuné wis lawas mula ora tau dienggo.'

usap, mengusap *v* ngusap; ngelap; nyeka; ngelus
Ia ***mengusap*** *keringat yang jatuh di keningnya.* 'Dhèwèké ngusap kringet sing tiba nang bathuké.'

usia ***n*** umur;
Usia *anak itu baru tujuh tahun.* 'Umuré bocah kuwi lagi pitung tahun.'
berusia umuré

usik, mengusik *v* ngganggu; nggodha;
Kakak sedang ***mengusik*** *adiknya yang sedang bermain sendirian.* 'Kangmas lagi nggodha adiné sing lagi dolanan dhéwé.'
terusik keganggu; kegodha

usir, mengusir ***v*** tundhung, nundhung; nggusah;
Ia sudah ***mengusir*** *anak-anak nakal itu dari rumahnya.* 'Dhèwèké wis nundhung lunga bocah-bocah nakal kuwi saka omahé.'
terusir ketundhung; kegusah

usut, mengusut *v* niti priksa, njlidhiki;
Polisi ***mengusut*** *pencurian di sekolah.'*. Polisi niti priksa bab kecolongan nang sekolah.'

utama ***a*** utama; pokok; becik; baku; wigati;
Yang paling ***utama*** *bagi siswa ialah belajar.* 'Sing paling utama (pokok) kanggoné murid yaiku sinau.'
mengutamakan ngutamakaké; nengenaké;
terutama sing utama; sing pokok;
keutamaan kautaman

[1]utara *n* lor;
Orang itu lari ke ***utara.*** 'Wong kuwi mlayu ngalor.'

[2]utara, mengutarakan *v* ngandhakaké
Anak itu ***mengutarakan*** *keinginannya bersekolah ke luar negeri pada orang tuanya.* 'Bocah kuwi nglairaké pepinginané sekolah nang mancanegara ing wong tuwané.'

utuh ***a*** wutuh;
Barang dagangannya masih ***utuh*** *karena belum laku.* 'Barang dagangané isih wutuh sebab durung kepayon.'
keutuhan kawutuhan;
seutuhnya sakabèhé; komplit

utus, mengutus *v* ngutus, ngongkon;
Pak lurah ***mengutus*** *pak carik dalam rapat itu.* 'Pak lurah ngutus pak carik ing rapat iku.'
utusan kongkonan

uzur ***a*** **1** wis tuwa banget; **2** ringkih; wis krépo
Nenek saya sudah ***uzur.*** 'Simbah putriku wis tuwa banget.'

V

vakum *a* kothong; kosong; sepi
*Kegiatan hari ini **vakum.*** 'Kegiyatan dina iki kosong.'

vila *n* pila; pasanggrahan
*Kami sekeluarga menginap di **vila** Kaliurang.* 'Aku sakeluwarga nginep ing Pila Kaliurang.'

vital *adv* baku; pokok
*Sampan itu kendaraan **vital** untuk orang-orang di pinggir sungai Musi.* 'Sampan iku kendharaan pokok kanggo wong-wong ing pinggiré kali Musi.'

voli *n* poli;
*Teman-teman sedang menonton pertandingan **voli.*** 'Kanca-kanca lagi nonton tetandhingan poli.'

vonis *n* putusan;
*Hakim memberikan **vonis** 5 tahun untuk pencuri itu.* 'Hakim mènèhi putusan 5 taun kanggo maling kuwi.'
memvonis mutusaké

W

wabah *n* pageblug; ambah-ambah;
Penyakit yang dibawa oleh lalat itu sudah ***mewabah*** *di desa ini.* 'Lelara sing digawa saka laler kuwi uwis pageblug ana désa kuwi.'
mewabah dadi pageblug; nular

wadah *n* wadhah, papan; panggonan
Osis adalah ***wadah*** *tunggal untuk pelajar.* 'Osis yaiku wadhah tunggal kanggo pelajar.'
mewadahi nampung; madhahi

wafat *v* mati, seda, tilar donya, surut
Pangeran Diponegoro ***wafat*** *dalam tawanan penjajah Belanda.* 'Pangeran Diponegoro sédha ana tawanan penjajah Walanda.'

wahyu *n* wahyu; nugrahaning Allah
Nabi Muhammad saw. menerima ***wahyu*** *melalui Malaikat Jibril.* 'Nabi Muhammad saw. nampa nugrahaning Allah léwat Malaikat Jibril.'

wajah *n* rai; praupan; pasuryan (*K*);
Wajah *adikku selalu berseri-seri.* 'Rainé adikku tansah seger.'

wajar *a* lumrah, umum; biasa apa anané;
Wajar *jika nilainya bagus, sebab Atun rajin belajar.* 'Lumrah nèk bijiné apik, sebab Atun sregep sinau.'
kewajaran kalumrahan;
sewajarnya salumrahé; samesthiné

wajib *v* wajib; kudu; wis samestiné;
Kita ***wajib*** *berbakti kepada orang tua dan guru.* 'Kita wajib (kudu) ngabekti marang wong tuwa lan guru.'
mewajibkan majibaké; ngudokaké;
kewajiban kawajiban

wakil *a* **1** wakil, sesulih, badal; **2** duta; utusan; **3** agèn
Ia menjadi ***wakil*** *kepala sekolah dalam pertemuan itu.* 'Dhèwèké dadi wakil (sesulih) ing ndalem pasamuwan iku.'
mewakilkan makilaké
terwakili kawakili

waktu *n* wektu, kala; nalika, wayah; saat;
***Waktu** belajar sudah mulai.* 'Wektu sinau wis wiwit.'
sewaktu nalika, saat;
sewaktu-waktu kapan-kapan; kapan waé

walau *p* sanajan;
***Walau** sakit ia puasa juga.* 'Sanajana lara dhèwèké tetep pasa.'
walaupun sanajan; nadyan

wangi *a* wangi; arum; sedhep;
*Bunga melati itu baunya sangat **wangi**.* 'Kembang mlathi iku ambuné wangi banget.'
wangi-wangian wangèn-wangèn;
wewangian wewangèn, mambu wangi

wanita *n* wanita, wong wadon
*Jadilah **wanita** yang terhormat.* 'Dadia wong wadon sing kajèn.'

warga *n* warga, pendhudhuk;
*Salah seorang **warganya** sedang membangun rumah.* 'Salah sijiné pendhudhuké lagi mbangun omah.'

waris, mewariskan *v* marisake
*Orang tua **mewariskan** kekayaannya kepada anaknya.* 'Wong tuwa marisaké bandhané marang anaké.'

warisan warisan, apa-apa kang diwarisaké

warna *n* warna; corak;
***Warna** bunga angrek itu bagus sekali.* 'Warna kembang anggrék iku éndah banget.'
berwarna nduwèni warna;
mewarnai mernani;

warna-warni manéka werna; werna-werna

warta *n* warta, werta, kabar;
***Warta** hari ini menyenangkan.* 'Kabar dina iki nyenengaké.'
mewartakan ngabaraké; martakake

wartawan *n* juru kabar, wartawan
*Teman saya menjadi **wartawan**.* 'Kancaku dadi juru kabar.'

wasiat, berwasiat *v* wasiyat; weling, piwelingé;
*Ia **berwasiat** untuk mewakafkan semua tanahnya.* 'Dhèwèké weling supaya wakafaké kabéh lemahé.'
mewasiatkan masiyataké, mènèhi wasiyat; melingaké

wasit *n* wasit; hakim; panengah
*Dalam pertandingan sepak bola itu **wasit** diwajibkan untuk netral.* ' Ing tetandhingan balbalan iku wasit dikudokaké bisa nétral.'

mewasiti masiti

waslap *n* lap; serbèt
Adik saya membersihkan muka dengan ***waslap.*** 'Adiku ngresiki rainé nganggo lap.'

waspada *n* waspada; wewéka; prayitna
Kita harus selalu ***waspada.*** 'Kita kudu tansah waspada.'
mewaspadai maspadai; **kewaspadaan** kawaspadan

was-was *a* sumelang, kuwatir; ragu-ragu
Saya ***was-was*** *melepas dia sendirian.* 'Aku sumelang ngeculké dhèwèké dhéwékan.'

watak *n* watak, tabiyat;
Watak *anak itu sangat baik.* 'Tabiyat bocah kuwi apik banget.'
berwatak wewatak; awatak

wawancara *n* wawan rembug, wawan pangendikan (*K*)
Wartawan itu sedang ***wawancara*** *dengan Pak Sarno.* 'Wartawan iku lagi wawan rembug karo Pak Sarno.'

wibawa *n* **1** wibawa; kaluhuran; **2** kamulyan;
Pak Lurah itu sangat ***berwibawa.*** 'Pak Lurah iku nduwèni wibawa banget.'
berwibawa nduwèni wibawa; **kewibawaan** kawibawan

wilayah *n* wilayah; dhaérah; wewengkon; laladan
Kantor itu di ***wilayah*** *baru sehingga masih sepi.* 'Kantor iku ing dhaérah anyar saéngga isih sepi.'

wisata *v* piknik; plesir; mlancong;
Tempat ***wisata*** *pantai menjadi andalan Pemerintah Gunungkidul.* 'Papan piknik panté dadi andalané Pemerintah Gunungkidul.'

wisatawan *n* plancong; turis;
Wisatawan *luar negeri mengagumi keindahan alam Indonesia.* 'Turis manca nagara nggumuni kaéndahan alam Indonesia'.

wujud *n* **1** wujud, bleger; wewangunan;
Wujud *gedung itu sudah setengah jadi.'*Wujud (bleger) gedhong iku wis setengah dadi.'
berwujud ana wujudé, nduwèni wujud; **mewujudkan** mujudaké

Y

ya, iya *p* ya, iya, nggih (*K*); mbeneraké
__Ya__ saya akan datang nanti sore. 'Iya aku arep teka mengko soré.'

yaitu *p* yakuwi;
Yang menjadi juara umum tahun ini __yaitu__ kelas IIIA. 'Sing dadi juwara umum taun iki yaiku klas IIIA.'

yakin *a* yakin, percaya tenan;
Ibu __yakin__ akan cerita anaknya. 'Ibu percaya karo (marang) crita anaké.'
meyakini percaya banget; yakin tenan;
keyakinan keyakinan, kapercayan

yakni *p* yaiku, yakuwi
Yang mendapat beasiswa tahun ini dua orang __yakni__ saya dan dia. 'Sing éntuk béyasiswa taun iki wong loro, yaiku aku lan dhèwèké.'

yang *p* sing
Merapi bukan gunung __yang__ paling tinggi. 'Merapi dudu gunung sing paling dhuwur.'

Z

zakat *n* zakat, jakat;
Minimal sekali dalam setahun kita diwajibkan mengeluarkan ***zakat.*** 'Paling sithik sepisan ing ndalem setahun kita kudu ngetokaké jakat.'
zakat fitrah jakat pitrah;
zakat mal jakat bandha (emas, dhuwit, lsp);
berzakat jakat, ngetokaké jakat

zalim *a* aniaya; ora adil;
Firaun terkenal sebagai raja yang ***zalim.*** Firaun kawentar dadi raja sing aniaya (ora adil).'
menzalimi nganiaya

zaman *n* jaman, mangsa
Zaman *itu selalu mengalami perubahan.* 'Jaman iku tansah ngalami owah-owahan.'

zat *n* **1** zat, jat; **2** wujud
Zat *kimia itu sangat berbahaya.* 'Jat kimia iku mbebayai banget.'

ziarah, berziarah *v* jiyarah; sujarah;
Rombngan ***berziarah*** *itu berangkat dari Yogyakarta malam hari.* 'Rombongan jiyarah iku mangkaté saka Yogyakarta mbengi.'

zikir, berzikir *v* dikir; puji-pujian;
Setelah salat lantas ***berzikir.*** 'Sewisé salat terus dikir.'

zina *v* jinah; laku sèdhèng;
Zina *itu termasuk perbuatan berdosa besar.* 'Jina iku klebu panggawé dosa gedhé.'
berzina jina, tumindak jina

KAMUS PRAKTIS INDONESIA—JAWA

UNTUK PENDIDIKAN DASAR

ISBN 978-602-6284-64-8

bby